# МАХ ДУГ



*Цæргæстæ иугæйттæй*
*тæхынц, фыстæ та дзугтæй хизынц.*
ФИЛИПП СИДНЕЙ, англисаг фыссæг

*Кæй уарзынц, ахæм куыдз уæвыны*
*бæсты фæлтау, кæмæй тæрсынц, ахæм тигр у.*
ВЬЕТНАМАГ ÆМБИСОНД

2

2008

Аслайбек Кучиев
ПОКРОВИТЕЛЬ ЗАУЧЬЯ
мрамор

# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция**

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

# МАХ ДУГ

2 '08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2008

## НОМЫРЫ ИС:

*КЪАДЗАТЫ Станислав.* **Сæрибары уæлдæф.** *Æмдзæвгæтæ* **5**

*ДАУЫРАТЫ Дамир.* **Цуанон та ахæм уыдысты...** **14**

*ФИДАРАТЫ Руслан.* **Фæлтау сыгъдæг.** *Æмдзæвгæтæ* **38**

*ТЛАТТАТЫ Бексолтан.* **Хъæлдзæг хабæрттæ** **41**

**ТÆЛМАЦТÆ**

*Уильям ШЕКСПИР.* **Гамлет, даниаг принц.** Кæрон **43**

**МАЛИТЫ ВАСО: 70 АЗЫ**

*Иван НОВИКОВ.* **Нæй Теркæн уромæн.** *Æмдзæвгæтæ* **102**

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** **104**

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**

*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Поэты дуне.** Монографийæ скъуыддзаг **119**

*САБАЙТЫ Сулейман.* **«Нарты Фарнæг»** **134**

**УИДÆГТÆ**

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ.* **Уырнæнтæ æмæ мæнгуырнæнтæ** **144**

*ДЗАТТИАТЫ Уакка.* **Нæ фыдæлты цардæй** **153**

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **Факультативон ахуыртæ «Нарты кадджытæй»** **159**

**ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ** **171**

***Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы***

*КЪАДЗАТЫ Станислав*

# СÆРИБАРЫ УÆЛДÆФ

## БÆЛЛИЦ

**Алцæмæн дæр æрдзы**
**Ис йæхи нымад,**
**Зæрдæйæн у рæвдздæр**
**Сахатæй йæ цавд.**

**Ау, уæдæ куыд зайы**
**Дуджы фæсте уæд?!**
**Йе хæс у нымайын**
**Афоныл æппæт.**

**Гъæй-джиди, мæ фæндæй**
**Фестид цард рæсугъд —**
**Хуры фаг нæ зæрдæ,**
**Арвы фаг нæ уд!..**

*2000.17.03*

*** * ***

*О чем шумите вы,*
*О чем беспамятствуете?*
***Марина Цветаева***

**1**
**Цъиувæдис, цъæлхъæрæй**
**Чи амбулдзæн мах?!**
**Оххх, нæ царды сæргъы —**
**Хин, хæлæг, хæлмаг!**

**2**
**Зыбыты рох — нæ хæстæ,**
**Зыбыты рох — нæ рæз.**
**Сайтаны бар — нæ рæстæг,**
**Æхца та йын — фæрæз.**

**3**
**Цъиувæдис, цъæлхъæрмæ**
**Мах хуызæн кæм ис?!**
**Нал дарæм нæ зæрдыл**
**Зæрдæты цæдис.**

**Рох ма нæ цы нæ у?**
**Монц æмæ гуыбын,**
**Афтæмæй — æнæуд,**
**Афтæмæй — хæрзбын.**

*2007.02.03*

*** * ***

**Йæ хуыз цы фæцис Арвæн?**
**Нæдæр цъæх у, нæ арф у.**

**Куы нал ахады цæсты**
**Цъымарайы ызмæстау.**

**Кæд, аххосджын нæхæдæг —**
**Тæргай кæд у нæ зæххыл?**

**Нæ зыд æмæ фыдæхæй**
**Фæцис кæд Арв зæрдæхæлд?**

**Йæ хуыз цы фæцис Арвæн —**
**Æгъуыз цæмæн у афтæ?**

**Куы кæнын алкæд йестæн,**
**Мæ уд ын копрадз фестæд!..**

*2006*

## ЗОН ÆЙ УÆДÆ

**Дæ гæвзæн æнцонæй**
**Æрхастай æфсонæн:**

**«Зæрватыкк дæр хатгай**
**Бынозты фæтæхы,**
**Йæ урс риуæй хъавгæ**
**Куы фендзæвы зæххыл!..»**

**Кæй азымы дарыс,**
**Мæгуыртæг, ды афтæ?!**
**Дæ хилын куыд барыс**
**Зæрватыччы равгыл?**

**Бынты дæр йæ тахтыл**
**Лæджы цæст нæ хæцы —**
**Уый тагъддæр у фатæй,**
**Йæ зардау — æнæрхъæц!..**

*2007.06.09*

## МÆГУЫРГУР

**Фистæг чи у, уыдон**
**Сты æмбал дæ удæн,**

**Фистæг чи у, уыдон**
**Раздæхынц дæ худмæ...**

**Иннæтæ — дзыхджынтæ,**
**Иннæтæ — бæхджынтæ,**

**Иннæтæ — дзыпджынтæ,**
**Иннæтæ — цытджынтæ,**

**Уадæмдзу уæрдæттыл**
**У сæ сыффытт гъæйттæй.**

**Сты къуыдипп фырхъалæй,**
**Бирæ у сæ бон:**
**Хур бон дыл рыг калынц,**
**Асæсты та — дон...**

*2003*

* * *

**— Зындоны арт куы 'фтауыс**
**Нæ бæстæйыл, Артъауыз!**
**— Дзæгъæлы мæ æфхæрут —**
**Æндзарæг стут уæхæдæг.**

**— Бæлгъуыр, Бæлгъуыр, дæ фыдæх**
**Куы фæлдахы Фыдызæхх.**
**— Ныууадз-ма, стæ: хуымгæнæг**
**Куырмæджы стут уæхæдæг.**

*2007.07.08*

## ЦЪАЙ

**1**
**Нæ хъæуы иунæг цъай дæр нал и,**
**Сæ цъæх цæстытæ саугуырм ысты ныр.**
**Æвзонгад уыдонæй куыд хъал уыд —**
**Сæ доны кодтой мин хуры зыр-зыр!**

**2**
**Нæ цъай йæ къæбиц уыди арвæн,**
**Йæ сыгъдæг рухсæй басгуыхт цъæх.**
**Æз-иу дзы бедра систон афтæ,**
**Куыннæ дзы акæла æртах...**

**3**
**Бæргæ, хуыдтон æз удæгас нæ цъай,**
**Фæлæ нæ цард фыдæхæй слами,**
**Æмæ фæлыгъди цъайты дон тæргай,**
**Æмæ дзы иунæг дæр куы нал и...**

**4**
**Ныр зæлгæ сабидуг йæхæдæг**
**Куы фестад ахæм цъай — æрвыг,**
**Йæ норст зынгæй сыгъдæг — мæ зæрдæ,**
**О, макуы бастъæла йæ фын!..**

*2007.28.09*

*** * ***

**Хицауы шофыр дæр — хицау,**
**Уый дæр ælвыны дзæбæх,**
**Уымæн дæр а цард бæллиццаг,**
**Алкæд фыццаг у йæ бæх.**

**Хицауы шофыр дæр — хицау,**
**Цæй-ма, цæмæй кæнынц хицæн?**
**Рацæуынц райсомæй зиумæ,**
**Изæрæй цуаны дæр — иумæ...**

**Хицауы шофыр дæр — хицау,**
**Уымæн дæр бæстæ — къæбицгом.**

*2005*

*** * ***

**Адæм, дам, æрвайдæн —**
**Афтæ уыд кæддæр.**
**Нал æвзарынц адæм**
**Хорз æмæ æвзæр.**

**Ныр æхцайы фæрцы**
**Маст дыргътæ — хæрзад,**
**Давæг у æнæрцæф,**
**Марæг та — æхсад...**

*2007.26.06*

## ИРОН АДÆМ

**Кæмæндæр — чындз,**
**Нæхицæн — сындз.**

**Кæмæндæр — мыд,**
**Нæхицæн — фыд.**

**Кæмæндæр — уарзт,**
**Нæхицæн — маст.**

*2005*

*** * ***

**Цардыл ма цы дзурон —**
**Равдыста хъæбæр:**
**Давæгæн — æртхурон,**
**Кусæгæн — къæбæр.**

**Хицæуттæн сæ давдмæ**
**Къухбакæнæн нæй,**
**Закъæттæ сын афтæ**
**Сты æрми фæрнæй.**

*2006*

* * *

**О дунейы хъæздыгдæр бæстæ,**
**Кæд ма мын фиддзынæ мæ хæстæ?**
**Куыстон, нæ ауæрстон мæхиуыл,**
**Уæддæр дыууæ къахæй куы чиуын.**

**Бæргæ, куы уаин ахæм иунæг,**
**Фæлæ рæстытæ афтæ иууыл...**

*2007.03.09*

* * *

**Дæ уды дзæбæхæн**
**Уырыйæ цæрыс,**
**Дæ хойраг æдзæххæй**
**Ныгъуылдæй хæрыс.**

**Кæд дæм уыдис уазæг?**
**Кæмæн дæ æххуыс?**
**Дæ гуыбыны цъассæн,**
**Дæ зыдæн — æххуырст...**

*2007.14.09*

* * *

**Мæ кæнгæ хо Мælæт,**
**Дæ зæрдæ у мæнмæ.**
**Мæ ирвæзынгæнæг,**
**Кæд мæ хоныс хъæмæ?**

**Нæ фыдæлтæм фæндаг**
**Дæ фæрцы ис — зæлдаг,**
**Нæ уидæгты бæстæм**
**Дæ базыр мæн хæсдзæн.**

**Фæлæ дзы ис «фæлæ» —**
**Фæгæдзæ кæн, фæлæуу,**

**Мæ кæнгæ хо Мæлæт,**
**Куы нал мын уа куыстаг,**
**Куы нал мæ уа хъæстаг,**
**Куы нал зилон цæвæг,**
**Ныццæв-иу зæрдæ уæд.**

**Мæ кæнгæ хо Мæлæт,**
**Нæ мæ хъæуы зындон —**
**Уæлæуыл æй уыдтон,**
**Нæ мæ хъæуы дзæнæт —**
**Æнхъæлмæ уал кæсæд!..**

*2007.07.03*

*** * ***

**Поэтæн йæ уæлдæр,**
**Йæ рухс нысан циу?**
**Сæрибары уæлдæф,**
**Рæстдзинады цин.**

## ÆРТТИВАГ ХЪÆНДИЛТÆ

**Стъалынизæй стъалытæ нæ сæйынц,**
**Уый æрмæст хъæндилты уарзон низ —**
**Хай сын, бецау, Музæйæ цы нæ и,**
**Уый кæнынц мæнг æрттывдæй тыхист.**

*** * ***

**— Хуыцау ма нæ куыд быхсы?!**
**Тæхуды, ацы дуне искуы растæй фен!**
**— Ехх, ууыл та цы тыхсыс —**
**Цы ис æнцондæр уымæй — слæуу дæ сæрыл хъен!..**

*** * ***

**Хъысмæт, хъысмæт,**
**Зæгъ-ма, куыд кæнон дестæн?!**
**Æгæрыстæм**
**Мæ фындзыйас дæр не сдæн...**

* * *

**Уæлтæмæн куыд рæдау у абон!**
**Йæ фæрцы та ног хъуыды ’рцахстон:**
**Бæласæн йæ ФЫЦЦАГ дыргъ — аууон,**
**Дæтты йæ ÆНÆДЫРГЪ бæлас дæр!..**

* * *

**Джыкко та циу дæ цуры —**
**Дæхи куы кæныс цитт-цитт!**
**Æппæлгæйæ ды хур дæ,**
**Æнæуи та — цъæх цъити.**

* * *

**Æруадтæн хъысмæты дæлæты,**
**Охх, бамбæрстон ме стыр рæдыд —**
**Æз тарстæн мæ цардæн мæлæтæй,**
**Тæрсын та йын цардæй куы хъуыд!..**

* * *

**Хицæуттæн сæхи цард нæй —**
**Иудадзыг кæнынц нæ кой,**
**Афтæ ныл сæ тыхст «фæрнæй» —**
**Фучъийыл æркæнынц сой...**

* * *

*Зæхмæ ницы 'нтысы.*
***Адæмон ныхас***

**Ацы дзырд уæ рæгъмæ**
**Æз хæссын куыд арфæ:**
**«Мацы ’нтысæд зæхмæ**
**Тауинагæй дарддæр!..»**

* * *

**Мæнг кады нимбæй нал зыны йæхæдæг**
**Æмæ кæд уыдис, мæгуыр, кæ, уæвгæ дæр?!**

## УÆУУÆЙ

**Нæ къада куырой нал зилы бынтон —**
**Кæйдæр куыроймæ ауагътам нæ дон...**

## ЛÆДЖЫХЪÆД АБОН

**Арахъхъæй басыгътам нæ фидæн,**
**Сыкъайы фаг нæм ис лæгдзинад...**

## УÆДДÆР

**Хъæбатырæй цæл-фынгæй**
**Æрбацыди цъæл фындзæй.**

## ГРАФОМАНЫ БÆЛЛÆХ

**Ныццавта йæ Пегас, мæгуыр, зæвæтæй**
**Æмæ куы мары адæмы йæ сæнттæй...**

*** * ***

**Нæ кæны алцæйы фаг лæг,**
**Фæлæ лæгдзинады фаг уæд!..**

*** * ***

**Цы зæлгæ райсом у, цы ирд!**
**О байрай, удыбæстæ — Ир!**

**Æхсиды ног ныфсæй мæ зæрдæ —**
**Ныххойы фидæны къæсæртæ.**

**Зындоны дæр нæ фестад дур:**
**Йæ æрвон ахуыргæнæг — Хур.**

*2000*

*ДАУЫРАТЫ Дамир*

# ЦУАНОН ТА АХÆМ УЫДЫСТЫ...

*Цалдæр азы размæ æз хицæн чиныгæй рауагътон документалон уацаутæ «Уыцы гыццыл Стыр лæг Хъулаты Хъуыбады» æмæ «Харитоны нымæтхуд æмæ Хрущевы шляпæ». Уый фæстæ мæм чи телефонæй дзырдта, чи писмотæ æрвыста, чи та лæгæй-лæгмæ кодта алы хабæрттæ. Уыдис дзы нæ бæстæйы æмæ Ирыстоны уæлдæр хицауадимæ фембæлдты тыххæй мысинæгтæ дæр. Уыцы фембæлдтæ уыдысты æртæ хуызы уавæрты — куысты мидæг, фынджы уæлхъус æмæ цуаны. Æз дæр сæ афтæ æртæ дихы акодтон. Мæнæ дзы сæ иуæй скъуыддзæгтæ.*

**Æдасдзинады оргæнты раздæры кусæг Милдзыхты Керымбег:**

— Кæд уыдис, уый хорз нал хъуыды кæнын, фæлæ централон газеттæй кæцыдæры бакастæн, зæгъгæ, дам, Брежнев уыд фыццаг стыр хицау, Астраханы паддзахадон цуанæтты хæдзарады йæ авдæхстон топп хъамылты астæу чи систа бабыстæ марынмæ. Уымæй размæ, дам, кæд ам уыд Хрущев дæр, уæддæр ын ацуан кæнын нæ бантысти — йæ куыстæй йæ систой...

Уыцы хатдзæгимæ разы нæ дæн, уымæн æмæ æз мæхæдæг 60-æм азты куыстон ацы облæсты Æдасдзинады паддзахадон комитеты доны транспорты хайады хицауæй.

Мæнæн баргонд уыдис, ардæм-иу бæстæйы стыр хицауадæй йæхи аирхæфсынмæ чи ссыди, уыдоны хъахъхъæнынæн мадзæлттæ аразын, æмæ мæхи цæстытæй федтон, Хрущев дæр æмæ Брежнев дæр куыд цуан кодтой, уый. Æрæвæрдтам-иу сын сæ алыварс æртæ цæджы — сæ цуры сæхи хъахъхъæнджыты Мæскуыйæ, стæй та мæ лæппуты, æппæтæй дарддæр та — бынæттон милицæйæ.

Мæ куыстыхъæдмæ гæсгæ-иу æз сæ цуры фылдæр рæстæг уыдтæн æмæ фæлымæн дæн Хрущевы хъахъхъæнæг Литовченкоимæ. Брежнев уырдæм мæ цуры дыууæ хатты ссыди, Хрущевы та дзы цалдæр хатты федтон. Фыццаг хатт æй федтон, Астраханы бынмæ ног электрон станцæ куы гом кодтой, уыцы сæрдыгон бон. Ростовæй йæм стахт йæ хæлар Михаил Шолохов æмæ сæ катеры аластой цуан кæнынмæ. Мах та сæм, Æдасдзинады комитеты æмæ партийы обкомы бæрнон кусджытæ, былгæрон æнхъæлмæ кастыстæм.

Митинг хъуамæ райдыдтаид боны 2 сахатыл, катер та фæстæмæ раздæхт уымæн ма йæ райдайынмæ нымад минуттæ куы хъуыдис, уæд. Кæсын æмæ мæ цæстытыл не 'ууæндын — нæ бæстæйы сæргълæууæг, стæй æппæт дунейæн хъуыстгонд фыссæг дыууæйæ дæр уыдысты зыбыты расыг. Хрущев-иу кæд хатгай фæцудыдта, уæддæр цыдис æнæ искæй æххуысæй, йæ къухы цалдæр цыбыр хъамылы, йæ пælæхсар шляпæ йын чидæр фæсте хаста, фæлæ Шолохов равдисынмæ нал бæззыд æмæ йæ уайтагъд цыдæр æрбакодтой нæ лæппутæ, кæмдæр æй амбæхстой, уæдæ адæмы цæсты ма бафта, зæгъгæ.

Хрущевæн митингмæ æнæ цæугæ нæ уыд. Куыддæрты йæ трибунæмæ фæстæты бакодтой, йæ шляпæ йын æрсагътой йæ сæрыл, уый трибунæйы сырхвæлыст фæйнæгыл фидар ныддæвдæг æмæ цудгæ нал кодта. Ныхасы бар ын куы радтой, уæд йæ галиу къухæй гæххæттыл хæцыд, рахиз къух фæйнæгæй нæ атыдта. Цъæррæмыхстытæй йæ арфæйы ныхæстæ бакаст, ныкъкъæзæнæг. Митинджы архайджытæ хабар бамбæрстой, бæстæ сусу-бусу сси. Фæстæты та йæ раластой, паромы йæ сбадын кодтой. Баскунчакы та йæм йæ сæрмагонд поезд æнхъæлмæ каст. Мах дæр йæ фæдыл ацыдыстæм. Фæлæ, ацы горæты цы рауад, уымæ ма хъус.

Адæм æй зыдтой, Хрущев иу афон ардæм раздæхдзæн, уый æмæ уым сæмбырд сты. Сæ маст фыцы. Уымæн æмæ ам уыцы

бонты сау дзул дæр нал фаг кодта, электрон рухс сæм нæ уыд, нуазыны дон сæм афоныл нал ластой. Иу дзырдæй, тынг æвзæр уавæр дзы сæвзæрд. Уымы устытæ-иу куы ныцъцъæхахст кодтой — мах æй нæ ауадздзыстæм, цалынмæ нæ размæ нæ рацæуа æмæ нын зæрдæвæрæн ныхас нæ зæгъа, уæдмæ. Уый та адæммæ равдисынмæ нал бæззыд, бынтондæр æрлæмæгъ. Йæ купейы дæлгоммæ ныххаудта диваныл. Уайтагъд афынæй. Æвæццæгæн, цалынмæ цæрон, уæдмæ мæ цæстытыл уайдзæн, йæ хъæмпын шляпæ уæрдоны чъилау къæхты бын гауызыл куыд атылд, фæлмæн куыд æрхуыссыд æмæ йæм сисынмæ æз фæраздæронæй йæ хъахъхъæнæг бæрзонд, хæрзконд булкъон Литовченко æмæ поезды хицау, мæ хæлар, мидбылты худаг Ткаченко куыд æргуыбыр кодтой, уый.

Ныр æдде адæм абухынц, устытæ поезды размæ рельсытыл сбадтысты, сывæллæттæ катухты сæрмæ сбырыдысты æмæ уырдыгæй лæхъуг æйчытæй уыцы вагоныл ралæууыдысты. Махæй куы нæ иу рацæуы адæммæ, куы нæ иннæ, сабыр сæ кæнæм, уыдон уæддæр сæ домæн нæ уадзынц: «Хрущев нæм рацæуæд!» Гæнæн нал уыд æмæ йын уæд уазал донæй йæ цæсгом ныхсадтам, рацыд уæддæр æрæджиау тамбурмæ, адæм гуыв-гуыв кæнынц, уый йæ рахиз къух традицион ист скодта хæрдмæ æмæ æрмæстдæр уыцы иунæг цалдæр ныхасы дзырдта: «Уыдзæн уын алцыдæр, уыдзæн...» Æмæ æппæтæн дæр æнæнхъæлæджы поезд араст. Йемæ та Астраханмæ дæр ссыдыстæм, ам ыл, раст зæгъын хъæуы, адæм бацин кодтой, горæт æмæ амы æрдз йæ зæрдæмæ фæцыдысты, абон дæр ма мæ хъусты зæлынц йæ ныхæстæ, Хъаспы денджызы был сæ хъамылты астæу загъта: «Ам æрмæст æнгуыры фæрцы дæр фæцæрæн ис...»

Фæссихор та йæм уым нуазын æрцыд, уый не ппæт дæр бамбæрстам. Йæхи нын катеры дыууæ æви æртæ кæсагахсæн бынатмæ баласын кодта æмæ-иу æй цыма зонгæ кодта, уыйау-иу кæсагахсджыты баййæфтам сихоры хæрд кæнгæйæ, егъау агты кæфтæ фыхтой, æнæнуазгæ дæр-иу кæм уыдысты, æмбæлæггагиу авæрдтой Хрущевмæ, уый-иу йæ цæрдæг галиу къухæй йæ шляпæмæ фæлæбурдта, рахиз къухæй та-иу агуывзæ бæрзонд систа. Йæ дохтыр мæ зонгæ рауад, дæлæ Кисловодскы санаторийы балымæн стæм, раздæр азты та Ворошиловы сæрмагонд дохтыр уыд. Уый мæ баййардта: «Æмбал булкъон, фервæзын мæ кæн ацы бынæттæй исты æфсонæй, алцы хæрæн ын нæй,

бафхæрдзысты мæ Мæскуыйы...» Йæ амондæн уæдмæ вертолет æрбатахт æмæ йæ, Волгæ кæм никъкъабæзтæ, уыцы бынат уынæг аластой. Уый дæр йæхи бафæндыд. Уым фæракæс-бакæс кодта, стæй цы ахъуыды кодта, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ хъæппæрисдзинад равдыста: «Мæнæ ацы ран саразын хъæуы гæххæтуадзæн завонд, ам хъамылтæ зайдзысты æнусты дæр». Уæд ахæм лæгты цыфæнды ныхасыл дæр æнæразы кæнгæ куыд уыдис! Хъыпп-сыпп дæр ничи скодта. Стæй та иу æндæр бынат йæ зæрдæмæ фæцыд былгæронмæ хæстæг хъамылты астæу: «Цуанæтты хæдзарæн амæй хуыздæр бынат нæй. Æз дæр уæм-иу суайдзынæн»... Ома, мæ номыл æй скæнут.

Хрущев ацыд, æмæ бынæттон хицауад завод аразынмæ рæвдз бавнæлдтой, ныр дæр ма уым ис йæ бынаты, æцæг ын хъамылтæ фаг нал сты æмæ йæм зынаргъæй хъæд ласынц дæлæ дард Финляндийæ, абон, æвæццæгæн, иннæты хуызæн бынтон зын уавæрмæ æрцыд. Цуанæтты хæдзар дæр ын доны астæу хъæдтыл сарæзтой, ауындзгæ хид æм. Хрущев дæр ма йæм цалдæр хатты ссыд, тынг дис ыл кодтон, уыцы къогъоджын ран куыд фæрæзта, ууыл, уыдон дзы æхсæвæй-бонæй бæз-бæз кодтой, сæ иугæндзон гуыв-гуывæй не 'нцадысты. Чи у, уый цæмæй зыдтой, йæ лопъо сæрыл-иу ын уайтагъд иу цалдæрæй æрбадтысты, уый сыл-иу газеты тыхтонæй ралæууыд.

Йæ æртыккаг хъæппæрис мæ, чысыл ма бахъæуа, æмæ ма ферох уа: «Астраханы облæст хъуамæ суа æгас Советон Цæдисы пырындзы къæбиц, йæ хуымты фæзуат ын фæфылдæр кæнут». Фæфылдæр сæ кодтой, уæдæ цы уыдаид. Дыууæ азы фæд-фæдыл пырындз афтæ фесгуыхти, афтæ бирæ уыд æмæ йæ цы фæкодтаиккой, уый нал зыдтой æмæ урс-урсид гагатæ зæфцы фыдæй сæфтысты: нæ фаг кодтой скъоладзаутæ, исæн куыстытæ. Уырны дæ, йæ голлаг ын фæндæгтыл бæлцæттæн уæй кодтой... зыбыты иунæг сомыл.

Гъе ахæм уыдысты Хрущевæн йæ иу ссыды фæстиуджытæ, мæнмæ гæсгæ йын сæ æмбарын дæр ничи бакодта.

Раст зæгъгæйæ, кæд цыфæнды уыдис, кæд дзы абон бирæ цыдæртæ дзурынц æмæ йыл цыдæртæ мысынц, уæддæр мæм хуымæтæг фæкасти, мæнæ цыма ныртæккæ хъæуæй ссыд, йæхи иннæтау хицаухуыз нæ дардта, фæллойгæнджытимæ лæгъзæй дзырдта, æнцон æмбарæн æвзагæй. Иу райсом мæ цуры авдæхстон топпæй амардта иуæндæс æмæ æртиссæдз бабызы. Уыцы

нымæц дæм диссаг ма фæкæсæд. Уым-иу уыйас бабызтæ уыдис, æмæ-иу сæ базырты пæр-пæрмæ хъамылтæ донмæ æртасыдысты, уый бæрц дзы бæлæгъы фыййагæй дæр æрæппарæн уыдис. Иунæг бабыз дæр дзы йæхицæн нæ ныууагъта, кæнæ Мæскуымæ нæ арвыста, йе ’мбæлттæ æмæ сæ фысымтыл байуарын кодта. Уыцы æнтыстджын цуаны фæстæ та ногæй фæссихор иу егеримæ катеры сбадтысты æмæ фаллоз, мигъ кæм бадт, ахæм ранмæ æнгуырæй кæсаг ахсынмæ ацыдысты. Куы раздæхт, уæд хъазæн ныхас сæппæрста: «Уæ кæсæгтæн цæуыннæ загътат, паддзах уæм ссыди, уый, иу дæр мæм дзы хæстæг не ’рбацыд». Йемæ чи уыд, уыцы егер та цонджы йас кæсæгтæ æрбахаста, радта сæ æмæ дзы Хрущевæн бас сфыхтой, зæрдиагæй дзы æрхуы бæгæнынуазæнæй фæхуыппытæ кодта, стæй æнахуыр рæдау разынд: се ’рцахсæгæн йæ сахат лæварæн радта.

Иу ахæм цау ма. Августы фыццаг бонтæй та иуы ссыди, мах йæ размæ рацыдыстæм, цуанæтты хæдзары æрбынатон, æз æхсæвы йæ алыварс хъахъхъæнджытæ æрæвæрдтон, стæй æмбисæхсæвмæ хæстæг уымæй чысыл дæлдæр былгæрон партийы обкомы фæлладуадзæн бынатмæ ацыдтæн. Мæ сæр базыл нæма æрæвæрдтон, афтæ Литовченко мæ уæлхъус алæууыд:

— Мæ хицау хистæр егертæй искæй агуры...

Зæгъын, уыдон ацафон ам нæ вæййынц, афонмæ горæты сæ рæсугъд устыты фарсмæ хуыссынц.

— Уæд та æндæр искæй ссар, цуаны хабæрттæ чи зоны, ахæм. Уæдæ йæм æнæдзуаппæй куыд баздæхон?

Мæ зæрдыл æрбалæууыд, ацы хæдзары Мещеряков раздæр хистæр егер кæй уыд, уый æмæ уымæ бацыдыстæм, зæгъын, Хрущев дæ сæрмагондæй йæхимæ хоны, цæмæйдæр дæ цуаны сусæгдзинæдтæй бафæрсинаг у. Зæронд лæг йæ хъуыны стыхст, ныфсæрмытæ, никъкъæдзтæ ис, ноджы ма йæ водкæйы тæф фындзыхуынчъытæ цавта.

Цы гæнæн ын уыд, паддзах дæм куы дзура, уæд æмæ зивæггæнгæ нæ разæй цыд, цыма йæ ахæстонмæ кодтам, уыйау. Хъæдын ауындзгæ хидыл бацыдыстæм, Литовченко дуар нытгъта. Хрущев бадт уистæй быд къæлæтджын бандоныл уисæй быд стъолы уæлхъус. Йæ цуры дзадждзын фынг: коньячы авг, кæфы дзидза, пъæмидортæ, сау еугæф, æнæхъæн харбыз æмæ ма ноджы цыдæртæ. Сыстад, фæйнæ агуывзæйы нын йæхæдæг рауагъта, авæрдта нæм сæ, стæй Мещеряковмæ дзуры:

— Райсом иумæ цуаны цафон цæуæм?

Зæронд егер та йæхимидæг стыхст, æвæццæгæн, ахæм цæхгæр фарстмæ æнхъæлмæ нæ каст, фæлæ æрæджиау сфæрæзта:

— Æппæтæй хуыздæр рæстæг цуанæн у æхсæз сахатыл, Никитæ Сергеевич.

Хрущев ын йæ дзуаппыл хъуыды дæр нæ акодта:

— Фондз сахатыл дæм ам æнхъæлмæ кæсын... Уе 'ппæт дæр хæрзæхсæв ут.

Немæ йæ агуывзæ бакъуырдта, уыцы зæлланг ма абон дæр мæ хъустыл зæлы. Мещеряков йæ агуывзæ фæдæле кодта, стæй Хрущевмæ комкоммæ нымдзаст, цыма, ныртæккæ цы 'рцыд, ууыл не 'ууæндыд, уыйау...

Куы-иу нæм ссыд Хрущев, уæд-иу 2—3 бонæй фылдæр никуы бафæстиат. Иухатт та ссыд Косыгин æмæ Ульбрихтимæ. Косыгин мæм ницы сдзырдта, фæлæ Ульбрихт, чи дæн, уый куы базыдта, уæд мæм йæхимæ фæсидт, фæрафæрс-бафæрс мæ кодта ацы бынæттæй, цы дзы ис, амы цæрджытæ цæмæй цæрынц, цы куыстыл хæст сты æмæ афтæ дарддæр. Æрæджиау йæ сæр батылдта:

— Диссаг у, ардæм нæ йемæ цæмæ ракодта, уый. Æз нæдæр кæсагахсæг дæн, нæдæр — цуанон...

Уыцы бон иу хъуыддаг мæ зæрдæмæ нæ фæцыд Хрущевæн. Фæстæмæ Мæскуымæ кæд здæхдзæн, уый нæ зыдтон, мæ хæс та уыд йæ базонын. Литовченкомæ иуварсмæ бадзырдтон, зæгъын, кæд æмæ цафон цæуы, уый æз хъуамæ зонон, кæд — поезды, уæд хъахъхъæнджыты иу хуызон æрæвæрын хъæуы, кæд — хæдтæхæджы, уæд та æндæр хуызы, бафæрс-ма йæ.

Бафарста йæ æмæ, дам, мыл сбустæ кодта: «Цыфæнды афон æмæ цæмæйфæнды куы цæуон, уæддæр сымах хъуамæ цæттæ уат уымæ».

Брежнев дæр-иу ссыд махмæ, цуан кæнын зыдта, топпимæ хорз арæхст, фæлæ цы бабызтæ мардта, уыдонæй иу дæр никуы никæмæн радта. Цыфæнды къæвда-иу куы уыдис, уæддæр ын-иу æнæцæугæ нæ уыд æмæ-иу ницы хуызы раздæхтаид, цалынмæ-иу бабызтæй уæлдай хъазтæ дæр нæ амардтаид, уæдмæ. Йæ къухы-иу цы бафтыд, уыдонæй-иу цалдæр йæхицæн æмæ йе 'мбæлттæн фыцынмæ радта, иннæты йын-иу йæ фæсдзæуинтæ цыппæрдигъон асыччы бæстон сæвæрдтой æмæ-иу ын сæ йæ хæстæджытæн хæдтæхæджы Мæскуымæ, Днепропет-

ровскмæ арвыстой, раздæр-иу сын сæ хъуынтæ ныттыдтой, сарыдтой-иу сæ, семæ ма-иу сын еугæфæй фæстæмæ цы æвæрдтой, уый æз дæр хъуамæ ма зыдтаин, уыцы хабæрттæн партийы обком лæвæрдта разамынд.

Йæ иу миниуæг ма йын нæ фæцыд амæн дæр мæ зæрдæмæ. Астраханмæ-иу стахт сæрмагонд хæдтæхæджы. Мах ын-иу загътам, паромы «Хрущевы хæдзармæ» цом, дæ удæн æнцондæр уыдзæн, кæд нæ балцы фылдæр рæстæг бахардз кæндзыстæм, уæддæр. Иу хатт дæр не сразы махимæ. Йæ фæдыл-иу Мæскуыйæ цы вертолет стахт, уым-иу бабадт. Æз дæр-иу йемæ атахтæн æмæ абон дæр дис кæнын, уыцы уынæр-иу цы монцæн равзæрста, ууыл. Æниу паддзахадæн уæлдай хæрдзты хос йеддæмæ цы уыдис?! Иухатт йæхæдæг йæ дохтыræн куыд загъта: «Хицау хицау у, зæгъгæ, никуы фехъуыста? Ам мæ мæхи бар уæддæр уадз. Мæскуыйы та ма цы кусдзынæ?» Уый йæ кæсагахсджыты иумæйаг агæй бас хæрын нæ уагъта...

Фæстаг хатт ма Хрущевы федтон 1964 азы, августы. Мæ куысты ма уыдтæн, афтæ мæ телефонæй ссардта Астраханы облæсты партийы обкомы фыццаг секретарь Антонов:

— Чысыл раздæр мæм кæцæйдæр фæндагæй Хрущевы хъахъхъæнæг Литовченко дзуры, дыууæ курдиаты йæм. Мæнæ, дам, Цæгат Ирыстоны автономийы 40 азы юбилеймæ цæуæм æмæ дæ мæ хицау ныхасмæ агуры, Баскунчакмæ, дам, нæ размæ рацæуæд, стæй, дам, сæ поезд иу — дыууæ сахаты куыд алæууа, ахæм фадат нын саразут... Мæнæ дыккаг курдиат сæххæст кæныны хæс дæхимæ райс, æмбал булкъон.

Телефоны хæтæл куыд æрæвæрдтон, афтæ та ногæй дзæнгæрæг — Литовченко:

— Ныртæккæ дæ размæ Антоновимæ ныхас кодтон, фæлæ йæм нæ бауæндыдтæн... Дæумæ та уæндын. Исты ма нын ацамал кæн æмæ нын æй нæ размæ Баскунчакмæ ралас.

Уыцы «исты» цы у, уый мын цы 'мбарын хъуыд. Обкомы фыццаг секретаримæ Баскунчакмæ ацыдыстæм, поезд куыддæр æрлæууыд, афтæ дзы Литовченко рагæпп кодта, Антоновæй Хрущевы бæсты хатыртæ курыныл фæцис, фæндагыл, дам, аныз-та, фæрыст æмæ бафынæй, райхъал кæнын æй нæ уæндæм, фæстæмæ куы раздæхæм, уæд дæ нæхæдæг ссардзыстæм...

Æз Литовченкойы фæдыл вагонмæ бахызтæн, мæ хуын сын радтон — дыууæ стыр кæфы æмæ еугæф.

Поезд та куы араст, уæд Антонов къæхты бынæй сæрмæ ныуулæфыд:

— Мæгуыр нæу, æвæдза, ахæм стыр паддзахад, расыггæнаг дын разамынд дæттæд...

Цы йын хъуамæ загътаин?

Уæдæй абонмæ дзæвгар азтæ рацыд, рæстæг аивта, фæлæ кæм куыстон, цы 'мбæлтты зыдтон, уыдонимæ кæрæдзийы нæ рох кæнæм. «Куы ма нæм æрцæуис, — фыссы мæм дзы иу, — уæд кæддæры æвæджиауы цуангæнæн бынæттæ нал базонис, заууатæй-заууатдæрмæ цæуынц. Цуан кæныны тыххæй æхца ничиуал фиды раздæрау, лæбурынц кæсæгтæм æмæ бабызтæм æнæфæрсгæйæ. «Хрущевы хæдзар» кæй хуыдтам, уырдæм, Кремлы чи бады, уыдон нал цæуынц, фæлæ йæ «ног уырыссæгтæ» сæхи бакодтой, цуаны æфсон æрбацæуынц сæ хæзгултимæ, фæлæ фылдæр нуазгæ фæкæнынц, алырдæм æхца калынц... Сымахмæ та куыд у?..»

**Республикæйы цуанæтты хæдзарадты раздæры директор, дзæнæтыбадинаг Хъуппеты Алыксандры мысинæгтæ цыбыргондæй.**

— Уый уыдис 1973 азы, сæрды астæу. Иуæндæс сахаты цыдæр уыдаид, афтæ мæ телефоны дæргъвæтин дзæнгæрæг райхъуыст. Хæтæл систон. Дзырдтой Мæскуыйæ:

— Мах хъæуы цуангæнджыты хæдзарады директор...

Зæгъын, æз дæн, хъусын дæм.

— Дзурын уæм Советон Цæдисы Министрты Советы сæрдар Косыгины номæй.

Зæгъын, тынг æхсызгон мын у.

— Ныртæккæ дæ баиу кæндзынæн Николай Алексеевичимæ æмæ йæм лæмбынæг байхъус...

Ракъæпп-бакъæппытæ дзы райхъуыст, стæй йæ Косыгины комулæфтæй бамбæрстон — баиу нæ кодтой æмæ йæм мæхæдæг фæразæй дæн:

— Дæ бонтæ хорз, Николай Алексеевич.

— Æгас цу! Ды дæ Хъуппеты лæг?

Зæгъын, æз дæн.

— Афтæ уæдæ...

Нæ бæстæмæ æрбацыд Германыйæ канцлер Аденауэры хæдивæг Овербек. Фæнды йæ дзæбидыртыл ацуан кæнын. Мæ адæм æппæт ахæм хæдзарæдты гæнæнтæ дæр сбæрæг кодтой

æмæ, дам, дзы сымахæй хуыздæр никуы у, уымæ гæсгæ нæ тъæпп дæуыл фæцыди.

Æхсызгон мын уыдысты уыцы ныхæстæ, кæй зæгъын æй хъæуы.

— Цуан хъуамæ ænæмæнг ахицæн уа æнтыстджынæй, æнтыстджынæй. Æмбарыс мæ? Уымæй бирæ цыдæртæ аразгæ у...

Æмæ мын уæд цыбыртæй радзырдта, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый.

Аденауэримæ нын уыди бадзырд арæзт газы стыр хæтæлты тыххæй. Æрвыстой нæм сæ, фæлæ фæстаг рæстæг нæхи бæстæйы аххосæй хъуыддаг ныкъкъуылымпытæ, фæлæгъстæйаг сын стæм. Æмæ Овербек Мæскуымæ куы æрбацыд, нæ уавæр нын куы федта, уæд сразы уыцы къуылымпытæ аиуварс кæныныл.

Æрæджиау ма мын Косыгин загъта:

— Хъусыс, цуан хъуамæ ахицæн уа æнтыстджынæй! Уый тыххæй цы хъæуы, уый уæхæдæг хуыздæр зонут. Баныхас кодтам?

Йæ уæздан уагæй æз дæр фæуæндагдæр дæн æмæ йын зæрдæ бавæрдтон, фæлæ, зæгъын, цæмæй цуан æнтыстджынæй ахицæн уа, уый тыххæй цуанонæн йæхицæй дæр бирæ аразгæ у...

— Ома, ома?

Æмæ йын уæд æз ранымадтон:

— Цуанон æппæты фыццаг хъуамæ æххæст уа къæхты хъаруйæ, цæмæй, дзæбидыртæ кæм сты, уыцы хохы бæрзæндмæ схæццæ уа, уый тыххæй. Бирæтæ æрдæг фæндагæй раздæхынц.

Куы та дзæбидыр, хæстæгдæр нæй гæнæн, афтæ вæййы, фæлæ йæ уыдон нæ акъуырынц, æмæ дзæбидыры фæд фесæфы.

Æртыккаг. Иуæй-иутыл фæзыны мæнæ денджызы низау хохаг низ æмæ æвиппайды слæмæгъ вæййынц...

Косыгин иу чысыл фæхъус, стæй загъта:

— Немыцаг æдде бакæсгæйæ тынг æнæниз зыны, фæлæ цы нæ вæййы, уæхæдæг дæр-иу æм фæкæсут... Хæрзбонтæ уал у!

Иу сахаты бæрц рацыд, æмæ та дын телефоны дæргъвæтин дзæнгæрæг. Чидæр мæм Паддзахадон Æдасдзинады Комитетæй дзырдта.

Уый мын хъæддыхæй бардзырды хуызы загъта, цæмæй æз мæхæдæг мæхимæ бæрнондзинад райсон æппæтæй хуыздæр, уæлдайдæр та æппæтæй æууæнкджындæр егерты равзарынмæ, мæ зæрдыл мын æрлæууын кодта, Овербек Германийы дыккаг лæг кæй у, æз æмæ ды дзуапп кæй дæттæм уымæн йе 'дасдзинадæн,

исты йыл æрцæуынæй нæ Хуыцау бахизæд, уæд нын нæ сæртæ акъуырдзысты, афонмæ, дам, дæм уæхи Комитетæй дæр фæцæуынц...

Æцæгдæр иу лæппулæг æрбацыд æмæ мын радзырдта, немыцаг уазæгæн ма йемæ кæй уыдзысты æхсæз лæджы — тæлмацгæнæг, дыууæ хъахъхъæнæджы, иу Косыгины аппаратæй, иннæ наукæ æмæ техникæйы комитетæй, иу та, дам, мæнæ ме 'мкусджытæй.

Сбадтыстæм æмæ æмбисæхсæвтæм фыст фестæм сæрмагонд пълан, нæ уазæг цалынмæ ам уа, уæдмæ нæ алы сахат дæр цы кæнын хъæудзæн, чи цæй тыххæй дзуапп дæтдзæн æмæ афтæ дарддæр.

Дыккаг бон сæумæрайсом нæ партбюройы секретарь Бесаты Ислам, профкомы хицау Цопанаты Астемыр, егертæ Æгъуызарты Амырхан æмæ Хъайтмазты Сергей сбадтысты мæ «Волгæ»-йы, семæ ма акодтой дæс бынатон автобус æмæ уазджыты размæ Минводмæ ацыдысты. Сæ хæстæ сын цалдæр хатты радзырдтам: семæ хи куыд дарын хъæудзæн, кæм цы дзурын хъæудзæн. Семæ аластой æнæхъæн фыс фыхæй, уæливыхтæ, бæгæны, ирон арахъхъ. Бабар сын кодтам, цæмæй нæхимæ здæхгæйæ æнæмæнг æрлæууой Тætæртуппы цур, æртæ чъирийы скувой æмæ уазджыты ныффæдзæхсой Уастырджийыл.

Мах дæр нæхи се ссыдмæ бацæттæ кодтам. Кусарт акодтам, ирон фынгыл цыдæриддæр æмбæлы, суанг нурыдзæхдоны онг, уыдон бацæттæ кодтам, «Интуристæй» æрбахуыдтам, немыцаг хæринæгтæ кæнынмæ тынгдæр чи арæхст, ахæмты — уый дæр нын рагацау хъуыдыгонд уыди, йæ зæрдæ куы бацагура, уæд та, зæгъгæ.

Хуры фæстаг тынтæ ма бæлæсты цъуппытыл хъазыдысты, афтæ нæ уазджытæ схæццæ сты. Бурдзалыг Овербек æппæты разæй мæн бацагуырдта, цыма мæ рагæй зоны, уыйау мæм хионы хуызæн худгæ æрбацыд, йæ хъæбысы мæ ныккодта, стæй мæ бафарста:

— Зæгъ ма, дæ хорзæхæй, чи уыдзысты цуаны ме 'ххуысгæнджытæ? Æз сæ хъуамæ зонон...

Нæ егертæ иууылдæр уым уыдысты, рæнхъ сæ æрлæууын кодтон, сеппæтæн дæр сæ къухтæ райста, лæвæрттæ сын байуæрста. Мæнæн дæр мæ хъуырыл зынаргъ бинокль æрцауыгъта.

Фынгыл мæхæдæг хистæрæн æрбадтæн, стыр Хуыцаумæ скуывтон, Уастырджимæ, нæ уазджыты цæрæнбон дæр загътон,

радзырдтон сын, кусарты сæр æмæ бæрзæй фынгыл цæмæн æрæвæрынц, диссаг сæм фæкаст. Æфсатийыл сæ ныффæдзæхстон...

Дыккаг бон райсомæй раджы ногæй сæмбырд стæм. Овербек йæ къух зæрдиагæй æрæвæрдта типографийы мыхуыргонд инструкцийы бын. Уым фыст уыдис: «Кæд мæнæн мæхиуыл, кæнæ ме 'мбæлттæй искæуыл исты æрцæуа мæн аххосæй, уæд цуанæтты хæдзарад уый тыххæй ницы бæрнондзинад хæссы». Мæ уæхск мын æрхоста, стæй тæлмацгæнæг мæнæн зæгъын кодта: «Мæнæй уымæн, дам, йæ зæрдæ мацæмæ æхсайæд, фыццаг цуан мын нæу, мыййаг, афтидармæй йæм не 'рцæудзыстæм...»

Сæумæцъыккæй хохы бæрзæндыл Куырттаты комы Хилачъы цуангæнæн бынатмæ аууæтты-аууæтты ссыдысты, дзæбидырты къахвæндагмæ хæстæг къæдзæхдуры рæбын æрбадтысты.

Æз мæхæдæг ам баззадтæн. Овербекæн йæ æхсæз æмбалæй йемæ æрмæст тæлмацгæнæджы ауагътон, уæлдай адæм уым хъыгдарыны хос йеддæмæ ницы сты. Иннæ фондзы бæгæны нуазынмæ доныбыл кафемæ ахуыдтон, уым сыл æнæзонгæ ирон лæппутæ дæр бацин кодтой, хъæбæрдæрæй дæр сæм фæкастысты, фæстæмæ хъазгæ-худгæ ссыдыстæм, кæрты бæлæсты аууон бадæм, æнхъæлмæ кæсæм. Райсомы дæс сахаты дæр нæма уыдис, уалынмæ дын чидæр кæртмæ хъæргæнгæ æрбазгъордта:

— Æрыздæхтыстæм!

Хуымæтæджы катай ныккодтон, æвæццæгæн, зæгъын, цыдæр нæ уад, æндæр цæй тагъд фездæхтысты, ныр ма Мæскуымæ та цы цæсгом равдисдзынæн. Машинæтæ æрлæууыдысты, æппæты фыццаг дзы не стыр уазæг йæхæдæг рахызт, йæ даргъ цæнгтæ систа, худгæ мæм æрбацыд, йæ хъæбысы мæ ныккодта, хæрдмæ мæ фелвæста, тилы мæ, зæхмæ мæ нал æмæ нал уадзы. Хилачъы цуанæтты хистæр Хъайтмазты Сергей мæм хъæр кæны дыууæ, дам, амардта, дыууæ!

Дыууæ дынджыр дзæбидыры уæлæмæ лæнчы куыд фæцæйцыдысты, афтæ сæ нæхи цуанæттæ ауыдтой, хæстæг сæм бахъуызыдысты, стæй уазæгæн загътой: «Гъеныр — æхсгæ».

Мæ фырцинæй нал фæлæууыдтæн æмæ партийы минæвары æххуысæй Мæскуымæ Косыгинмæ ныддзырдтон:

— Николай Алексеевич, дæ хæс дын æмгъуыдæй раздæр сæххæст кодтон. Ды раст загътай, дæ уазæг æцæгдæр цæрдæг æмæ фæразон разынд, дыууæ дзы афæлдæхта сæ тæккæ дынджыртæй...

— Æцæг зæгъыс?! — ныддис кодта уый.

Стæй мын арфæйы ныхæстæ загъта, æгас бæстæйы кад, дам, бахъахъхъæдтай, иу ахæмы, дам, дæм мæхæдæг дæр ссæудзынæн.

Иу цалдæр мæйы фæстæ Мæскуыйæ ссыд арфæйы гæххæтт. «...Овербек тынг разыйæ æрыздæхт Цæгат Ирыстонæй. Советон Цæдисы æмæ Германийы æхсæн наукон-техникон æмгуыстдзинады тыххæй бадзырды йæ къух æхсызгонæй æрæвæрдта. Мах тынг чи хъæуы, газы ахæм зынаргъ хæтæлтæ уыцы бæстæйæ махмæ æрвитын райдыдтой... Уым ис дæ фыдæбоны хай дæр æмæ дын бузныг зæгъын.

*Косыгин. Мæскуы*».

Æцæг йæхæдæг Ирыстонмæ цуаны не ссыди, фæлæ уыцы цуаны тыххæй Биларæн дæр раарфæ кодта, уый та — мæнæн. Бадзырдта мæм йæхимæ, байфæфтон ма дзы обкомы арæзтадон хайады хицау Уаниаты Зауырбеджы. Мæ цуры йын загъта: «Мæскуы махæн нæ цуанæтты хæдзарæн цы æнхъæл у, мах уымæй хуыздæр хъуамæ уæм. Куыд бамбæрстон, афтæмæй Косыгинæн йæхи дæр ардæм суайын фæнды, исчитæ ма нæм цæудзæн амæй фæстæмæ дæр, æмæ хъуамæ цæттæ уæм...»

Сарæзтам цуанæтты цалдæр хæдзары, æппæтæй хуыздæр рауад Хъæрмæдоны, хорз фæлгонц. Ардæм нæм уæдæй фæстæмæ цыдысты космонавттæ, профцæдисты бæрнон кусджытæ. Фæсарæйнæгтæ нын иу бон ам бафысым кæныны тыххæй фыстой 25 сомы, уыдон уæды рæстæджы стыр æхцатæ уыдысты.

Ноджы ма фæстæдæр сарæзтам кæсæгты цалдæр цады. Иу цад дзы байдзаг кодтам суадæтты донæй æмæ дзы ауагътам балер кæсæгтæ. Иннæ дыууæ цадмæ та бауагътам Джызæлдонæй, сардзантæ æмæ стырсæр кæсæгтæн. Æмæ чи нæ бæллыди уым кæсаг ахсынмæ! Уæлдайдæр хицауадæй. Æрмæст Биларæй никуы фехъуыстон, уæдæ иу хатт мах дæр иннæты бафæзмæм, зæгъгæ.

Билары бæсты нын кæй сæрвыстой, уыцы Одинцов цытæ кæнын райдыдта, уымæ ма байхъус... Æвæццæгæн йæхицæй фылдæр кæсаг ахсын ничи уарзта. Омæ, ахс, табуафси, уый хорз у. Фæлæ мын иу бон афтæ зæгъы, уыцы бæлер кæсæгты цадмæ, дам, мæхи йеддæмæ макæй уадз, цалынмæ дын æз нæ зæгъон, уæдмæ. Уырны дæ, Дамир, фæстагмæ мын мæхи дæр нал уагъта уырдæм, куы-иу бацыдтæн, уæд-иу йæхи ныхъхъуынджынтæ кодта. Дыууæ фырты йын уыдис, æмæ йæм-иу уыдон

искуы-иу хатт Мæскуыйæ куы суадысты сæ устытимæ, уæд-иу сæ йемæ æрбаласта.

Лæг дзы йæхи кæцырдыгæй хъахъхъæдтаид, уый нæ зыдта. Разыйы ныхас, кæнæ арфæйы ныхас дзы никуы райхъуыст. Мæнæ мæ хъуыды дæр нæ кæны, зæгъгæ, йын иу-дыууæ хатты хæринаг дæр скæнын кодтон, фæлæ сæ никуы бакуымдта, цæмæй тарсти, уый нæ зонын. Йæхицæн хъузæттæ бирæ уыд, дзагæй йæм-иу æрбацыдысты, æвзаргæ нозт æмæ хæринæгтимæ. Йемæ чи бадт, уыдонæн-иу радыгай сидты бар лæвæрдта, æмæ дзы иу та, Одинцов цы кæсæгтæ ахста, уыдоны цæрæнбоны тыххæй загъта. Тынг хъæрæй бирæ фæхудтысты.

Уыцы цады Одинцов йеддæмæ уал азы куы ничиуал уыдис, уæйæн дзы куы нал ахстам нæхæдæг дæр, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, кæсаг дынджырæй-дынджырдæр кодта, æмбаргæдæр æмæ æнгуырмæ хæстæг нал цыди. Уалынмæ дын Бруты кæсаг-ахсæн совхозы машинæ «Живая вода» уыцы цады донмæ хæстæг æрлæууыд, æмæ йæ равдæлон кодтой. Цы хабар у ай, зæгъгæ, æмæ, дам, обкомы уынаффæмæ гæсгæ лæппындæр балертæ сластой. Стæй та дыккаг хатт, æртыккаг. Иу райсом совхозы дирекор Кæсæбиты Митя мæ уæлхъус алæууыд æмæ мæ фæрсы: «Мæ кæсæгтæн мын æхца чи бафиддзæн?» Цы хъуамæ загъта-ин æз уыцы кадджын лæгæн? Зæгъын, æз дæм курæг ницæмæ ныццыдтæн, уымæ гæсгæ дын фидгæдæр ницы бакæндзынæн. Уæртæ обкомы бафæрс. Митя йæ къух ауыгъта æмæ къуылых-къуылых ацыд.

Одинцов-иу хатгай бон-изæрмæ дæр фæбадт, фылдæр хатт бонырдджытæ, уыйас та йæ æвдæлгæ дæр куыд кодта?! Иу дзырдæй, йæ зæрдæйы дзæбæхæн цард. Махæн та хаста æрмæст зиан, бон æмæ дзы æхсæвгæстæ дарæм, кæсæгтæн алыхуызон хæринæгтæ дæттæм, пайда та дзы ницы исæм. Иухатт æм нал фæлæууыдтæн æмæ йын загътон, зæгъын, афон у æмæ кæсæгтæ æрцахсæм æмæ сæ ауæй кæнæм, кæннод æгæр стыртæ систы, зæронд кæнынц. Одинцов йе 'нгуыры синаг тухы, хæрдмæ нæ кæсы, ницы дзуры, кæй æрцахста, уыцы кæсæгтæй иу сгæппытæ кодта кæрдæджы астæу, стæй фæстæмæ донмæ ныххаудта æмæ лæг бынтондæр ныхъхъуынтъыз.

Уалынджы дын нæм, цыма нæ æмбаргæ бакодтой, кæнæ Одинцовæн уайдзæф кодтой, уыйау Мæскуыйæ махæн нæхи хицауадæй бардзырд куы ссæуид: «Абонæй фæстæмæ адæмы

æхцайыл кæсаг ахсынмæ уадзут». Æз кæсагахсыны уагæвæрд фæтæн зестыл ныффыссын кодтон, æмæ йæ цадмæ бацæуæны бæрæг ран æрсагътой. Æнæ фенгæ йын ницы хуызы уыдис. Сау «Волгæ» та узгæ-узгæ æрбацыд, Одинцов дуар байгом кодта, йæ рахиз къахæй зæххыл æрлæууыд, нымдзаст æм, æвæццæгæн æй бамбæрста, йæ ныхмæ у, уый, фæлæ дзургæ ницы скодта, араст та йæ бынатмæ. Цалдæр боны фæстæ зест уым нал уыд — йæ шофыр, дам, ыл уæззау дзæбугæй ралæууыд.

Рæстæг цыд. Митяйы бæсты Фæрниаты Хъазыбег райдыдта кусын директорæй, æз уыимæ баныхас кодтон, зæгъын, мадæлкæсæгтæ дæ нæ хъæуы. Æмæ, дам, мæ куыннæ хъæуы. Иу бон йæхæдæг ссыди æмæ сæ федта, стæй та йæ адæмы скодта, мах æртæ цады дон дæр ауагътам, цæмæй Одинцов афтæ ма зæгъа, мæ цадæн мын афтæ барæй бакодтой, зæгъгæ. Кæсæгтæн сæ фылдæр ахæм дынджыртæ систы, æмæ-иу сæ сæрмагонд хæссæнты сæвæрдтой, сæ уæз-иу ын сбарстой, стæй-иу сæ машинæ «Живая вода»-йы ауагътой. Афтæ цалдæр тоннæйы аластой, æхца дæр мын бафыстой.

Ныр цадтæ хуыскъæй лæууынц. Уæд дын мæм иу бон обкомы секретарь Собетты Руслан телефонæй æрбадзырдта. Дæуæн нæ зонын, Дамир, фæлæ уый дæр уыцы азты цавæр лæг уыдис, уый нæ равзæрстон. Æмæ дын афтæ: «Одинцов афтæ зæгъы, цæмæй уыцы цады кæсæгтæ ауадзат». Зæгъын, ауадздзынæн дзы, æрмæст мæм ныртæккæ æхца нæй. Сæфсон ын кодтон. Афтæ къорд хатты. Æвæццæгæн мæ бамбæрста æмæ мæ уæд Министрты Советы сæрдар Цæгæраты Михалыл сардыдта. Уый мæм йæхимæ фæсидт. Уыцы лæгимæ кæрæдзийы рагæй зыдтам, æмкоймæгтæ уыдыстæм, æргом ныхас зæгъын æм уæндыдтæн. Михал, зæгъын, обкомы фыццаг секретары мах хæдзарады мæт нæй, йæхи мæт кæны, мах дзы зиантæ хæссæм æрмæст. Уымæн дæр та сæ ранымадтон; æхсæвгæстæ дзы дараем, бон егертæ Одинцовы радыгай хъахъхъæнынц, алыхуызон хор къæдзбелтæй донмæ кæсæгтæн калæм. «Ауадз дзы, æз дæм æхцайæ фæкæсдзынæн», — зæрдæ мын бавæрдта Михал.

Уырдыгæй куыддæр рацыдтæн, афтæ мыл къæридоры Одинцов йæхæдæг хæрхæмбæлд фæцис. Салам дæр мын нæ радта, йе ’рфгытæ алхынцъ кодта æмæ дын мын хъæрæй афтæ:

— Купеев, дæхи куыд дарыс?

Цалынмæ æз дзуаппыл хъуыды кодтон, уæдмæ та мын афтæ:

— Дæс бонмæ уыцы цады кæсаг куыд ауадзай, афтæ!..

Михал мын зæрдæ цы æхцайæ бавæрдта, уыдон райстон, Брутмæ мæхæдæг ныццыдтæн, кæсаг дзы балхæдтон, сластон сæ æмæ сæ «Одинцовы цады» ауагътон. Уæд фыццаг хатт Одинцовмæ телефонæй бадзырдтон, зæгъын, дæ фæдзæхст дын сæххæст кодтон, дæ бон та дзы кæсаг ахсын у. Хуымæтæджы æхсызгон ын уыдис! Фæарфæтæ мын кодта, тынг уæзданæй мæ цæмæйдæрты афарста, стыр бузныг, дам, а-дыууæ боны та уæ бабæрæг кæндзынæн.

Нал æрбацыд. Къуырийы фæстæ йæ йæ куыстæй систой...

Махмæ куы фæтæргай ис Одинцов, уæд æй нал уыдтам, йæ ных дæлæ Бруты кæсæгты цадмæ сарæзта, куыд сбæрæг, афтæмæй-иу мах размæ дæр ам уыдис, дыууæ ранмæ дæр æййæфта.

**Дзуры совхозы раздæры хистæр кæсагдар Гуытъиаты Георги:**

— Пъæмидор тонын афон уыдис... Кæсæбиты Митя нæ æрæмбырд кодта кæрты æмæ нын афтæ зæгъы, абон, дам, нæм стыр уазæг æрцæудзæн. Æмæ мах уайтæккæ дæр нæ хæс бамбæрстам: фæндæгтæ бахуызæнæн кæнын хъæуы, хæмпæлтæ — ныккæрдын. Мах, цымыдис адæм, партийы обкомы фыццаг секретары хæстæгмæ уæд та иу хатт куы фениккам, зæгъгæ, нæ хæдзарадмæ бацæуæны хъæдтыл рабадтыстæм, æнхъæлмæ кастыстæм йе 'рцыдмæ, рæстæг маræн ныхæстæ кодтам.

Уæдмæ фæссихор сси. Уалынмæ уæртæ кæцæйдæр фæзындис сау «Волгæ», мах уырдыг слæууыдыстæм, кæсæм, уæдæ цы уыдаид. «Волгæ» сабыргай æрбацæйхæццæ кодта нæ цурмæ. Разæй шофыр, фæсте Одинцовы базыдтон, иннæйы — нæ. Мах загътам, ныртæккæ машинæ бауромдзæн, рахиздзæн нæм æмæ хуымæтæг кусджытæн сæ къухтæ райсдзæн, истæмæйты нæ афæрсдзæн. Иу чидæр нæ йæ уæззау армытъæпæнтæ йæ фындзмæ дæр ма схаста, кæд, дам, мын, мыййаг, кæсаджы тæф кæнынц æмæ сыл Одинцов куынæ баввæрса. Цытæ дзурыс?! Кæсгæ дæр нæм нæ ракодта, нæ рæзты афардæг, мæнæ цыма тыгъд быдыры цыдис æмæ йæ алыварс цъиуызмæлæг дæр нæ уыдис, афтæ. Цы йæ æмбæхсон: хъыг уыдис уый не 'ппæтæн дæр.

Уымæй фæстæмæ дæр-иу нæм уыд, бæлæгъы-иу æрбадти, дымгæ-иу æй уызта. Кæсаг ахсын ахæм стыр лæгæн дæр худинаг нæу, нæу, фæлæ уымæн йæ алы æрбахызт дæр нæ хæдзарады кæртмæ æппындæр зæрдæмæдзæугæ нæ уыд. Абон дæр ма

мæм диссаг кæсы, йæхи куыннæ уарзын кодта, уый. Мæнæ-иу цыма исты стыр плантатор уыдис æмæ йæ дæлбаруæвæг адæмы æхсæнты æрбацæуы, раст йæхи афтæ дардта.

Йæ иу æрцыд та йын мæнæ афтæмæй хъуыды кæнын. Нæ хæдзарады кæртмæ бацæуæны ныккомкоммæ нæ сыхаг колхоз «Сæуæхсид»-ы пъæмидоры хуымтæ уыдысты, сæ цæттæ афон дзы уым, быдыргæрон, хъæубæстæн фæуæй кæнынц. Гъемæ та адæм иу бон уым æрæмбырд сты ælхæнынмæ, чи асыккыл бадтис, чи — бедрайыл, æнхъæлмæ кастысты сæ агроном Рубайты Виктормæ. Уый сын сæхи бауадздзæн тонынмæ, стæй сын сæ уæд сбардзысты, æхца бафиддзысты æмæ алчи йæ фæрныг хæдзармæ йæ фæндаг адардзæн, мæ зымæджы мæттæй та иуæй фæхицæн дæн, зæгъгæ, цин кæндзæни. Одинцовы æрвыст лæг, иу бæрнон кусæг, сæ цуры алæууыд, уыцы тызмæгхуызæй сыл афæлгæсыд æмæ дын Митяйæн афтæ:

— Ацы адæм ам куыннæ уой, афтæ...

Одинцовæн истæмæй тарсти, æви цы, уый нæ бамбæрстон. Митяйæн та, мæгуыр, йæ бон цы уыди, уыдон уымæ не 'рымбырд сты, фæлæ уæддæр скатай, мæнмæ æрбауади æмæ мæ æххуысагур фæрсы:

— Цæй, ныр ацы адæмæн цы бакæнон, тæрын мын сæ куы кæнынц, уæд? Æмæ сæ куыд хъуамæ атæрон?!.

Æз дæр ын афтæ бакодтон, зæгъын, уыдон атæрынæн дын бар чи радта, уыдон уæртæ æндæр хæдзарадмæ куы æрæмбырд сты, æвзæрæй куы ницы кæнынц. Ды раст дæ, зæгъгæ, мын Митя бакодта. Уымæй куы ницы рауад, уæд фæкомкоммæ сты иуварс лæууæг хæлд комбайнмæ. Кæцæйдæр трактор æрбакодтой, ахæцыдысты йыл. Дис кодтам, уый та не стыр уазæджы уагæры цы хъыгдары, зæгъгæ, æмæ дын нын æрæджиау афтæ:

— Ау, уый чъылдымæй йæ исчи куы рагæрах кæна, уæд та?

Ног уалдзæг та ралæууыд æмæ майы бонтæй иу райсом нæ хæдзарады ног хицауад скатай сты: ногæй та Одинцовы фæндæгтæ марзтам, хус къæцælтæ къанæуттæм калдтам æмæ та нæ алкæмæндæр æмбæрстгонд уыдис: обкомы фыццаг секретарь та йæ цæрдæг фæсдзæуинтимæ æмæ йæ даргъ æнгуыртимæ æрцæуы...

Майы райдзаст бонтæй та иуы обкомы «Волгæ»-тæ Бруты уынгты æрфардæг сты марзт фæндæгтыл. Чи у, уый дын нæ зæгъдзынæн, фæлæ-иу сæ фæстæ цы афтид водкæйы æвгтæ

уагътой, уыдон-иу кæсагдар дзæкъулы дзæгтæй сæхимæ хаста æмæ йæ ус кæмæндæр æппæлыд, ауæй, дам, сæ кодтам æмæ уыцы æхцатæй гæрзтæхсæн машинæ балхæдтам.

Одинцовы хъахъхъæнджытæ та донмарæны алы къуымты æрлæууыдысты, хæфс-иу куы ныууасыд, уæддæр-иу фестъæлфыдысты, хус хъамыл-иу куы никъкъæрцц кодта, уæддæр-иу хъустæ æмæ цæстытæ фестадысты. Одинцов-иу йæ бæгъæввад къæхтæ доны ауагъта, æнгуыртæ-иу аппæрста, кæсаг-иу куы 'рцахста, уæд-иу йе 'мбæлттæ сæ армытъæпæнтыл нал ауæрстой фырæмдзæгъдæй.

Уалынмæ кæцæйдæр фæзындис кæсагдартæй иу — Къадзаты Гайоз.

Гъе æмæ дын Гайоз Одинцовмæ комкоммæ бацыд, уырыссагау цастæ зыдта, фæлæ йæ фæрсы:

— Ты получаешь зарплата?

Одинцов йæ мидбынаты базмæлыд, фæлæ дзургæ ницы скодта, æцæг ма йе 'нгуыр ноджы дарддæр баппæрста.

Гайозæн цы фæхъыг, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ фидарæй загъта:

— Вот здесь мой зарплата! Здесь нельзе рыб ловиты!

Æмæ донмарæнмæ йæ амонæн æнгуылдзæй ацамыдта.

Уæдмæ йæ уæлхъус алæууыдысты Одинцовимæ чи æрцыд, чысыл фалдæр физонджытæ чи фыхта, уыцы сырхцæсгомджынтæ æмæ йæ фæрсынц:

— Ды, ацы лæг чи у, уый зоныс?

Æмæ хицаумæ бацамыдтой.

— Зонын, зонын...

— Ма кæн, нæ зоныс...

— Зонын, зонын... Адинцов у! А-дин-цов!

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ Одинцов йе 'нгуыртæ хъамылтыл банцой кодта æмæ дæлæ араст. Фæтæргай ис...

Хæдзарады ног хицау дын уый базона, цы! Стыр мард ыл æрцыд. Уыцы бон Гайозы йæ куыстæй атардта. Нал нæ хъæуыс, æмæ ахицæн, уæлдай фарстатæ дæттæн нæй! Партбюро дæр дзы нал разынд, профком дæр афтæ, Гайозы сæрыл ничи рахæцыд, цæй тыххæй тард цæуы, уый базонын никæйы бафæндыд, уæд та дзы расыг уыди, зæгъгæ, исчи æфсонæн куы загътаид...

Къадзаты Сафа, Гайозы бинойнаг, нырма æрыгон сылгоймаг, фæдис кодта мæ курдиатыл, гуырысхогæнæджы уылæнтæ

фæзындысты йæ цъæх цæстыты, комкоммæ мæм ныккаст, æвæццæгæн, загъта, ай та ма дзы кæцы у...

— Æмæ ма уал азы фæстæ нæ лæджы хабæрттæ кæй бахъуыдысты?.. Цы бон æй ратардтой, уæдæй абонмæ йæ фæдыл куыдз сræйæг дæр куы нæ уыдис.

...Уыцы бон ма, кæд исты зонын, уæд йæ куыстмæ нæ хæдзарæй зæрдæрухсæй ацыди, изæры та зæрдæрыстимæ раздæхти. Зæгъын, цы хабар у? Æмæ, дам, мæ мæ куыстæй ратардтой...

Цалдæр боны нæ хæдзары къæсæрæй дæр нал рахызт, йæхи дæр ын ничи агуырдта. Тыхсти, уый æмбæрстон æмæ йын æз дæр цы акодтаин, зæгъын, директормæ бацу æмæ дзы хатыр уæд та ракур, Адинцов уыди æви хæрæджы дымæг уыдис, уымæн ды цы зыдтай?! Уæд та, зæгъын, уыцы Адинцовæн йæхимæ ссу, хæргæ дæ, мыййаг, нæ бакæндзæн, радзур ын æмæ дын фенцондæр уа, дæхимæ хъусыныл куы фæдæ. Мæ лæгъстæ мын ницæмæ æрдардта, уый хыгъд мæстыгæр кæнын райдыдта, йæ фæтæн армытъæпæнтæ-иу зæрдæйы сæрыл æрфæлдæхта...

Лæгæн йæ зæрдæ тынгæй-тынгдæр рысти, иунæгæй ныууадзынæй йын тарстæн. Йæ фæстаг бон ма талынггæрæттæм мæнæ дуармæ фæбадт, мидæмæ цæуын дæр нал бафæрæзта, афтæ бандоныл бадгæйæ... Фæдисмæ дæлæ нæ агроном Рубайты Виктор дæр схæццæ, мидæмæ ма йæ баскъæфта, йæ зæрдæйы сæр ын аууæрста, ныфсытæ йын æвæрдта, фæлæ уый йæхи бынтондæр ауагъта. Æз мæ фыркатайæ уынгмæ разгъордтон, нæ хъæуы хицау Хадзымурат мæ размæ фæцис, уæлæ Хуымæллæгмæ дохтыр ласынмæ йæхи машинæйы атындзыдта, фæлæ байрæджы, уæдмæ йæ гыццыл уд систа Гайоз... Гъе ахæм куыст мын бакодта уыцы Адинцов, иунæгæй баззадтæн, кæд ма слæудзынæн мæ къæхтыл мæ бирæ хæссинæгтимæ...

Ногæй та раздæхæм Хъуппеты Алыксандры мысинæгтæм...

— Обкомы кусджытæй æппæтæй арæхдæр цуаны Билар йæхæдæг цыдис. Диссаджы цуанон топп æм уыди. Мæнæ йыл æртиссæдз азы куы сæххæст, уæд ын æй балæвар кодтой. Мæнмæ уырдæм фæдзырдтой, бафарстой мæ, хуыздæр цуанон хæцæнгарз, дам, кæм ссарæм. Зæгъын, махмæ нæй, фæлæ Ижевскæй сласæн ис. Уымæй размæ махмæ уазæгуаты уыдис Удмуртийы обкомы секретартæй иу, немæ фæлымæн, зæрдæ нын бавæрдта æххуысæй. Æмæ йæм уæд нæхи обкомы дыккаг

секретарь Бурков ныдздзырдта, нæ минæвар уæм фæцæуы æмæ йæм уæ цæст фæдарут, зæгъгæ. Сластой йын уырыссагау «Медведь–3», зæгъгæ, хуынди, ахæм хæдæхсгæ, æрмæст æргъæвæгыл æрбахæц-æрбахæц кæн, оптикон хъавæн ын. Билар иунæгæй стæм хатт цыдис цуаны, Мæскуыйæ-иу исты уазæг куы ссыдис, уæд. Арæхдæр нæм цыд Уæрæсейы уæды Паддзахадон арæзтады хицау Минас Чентемиров. Биларæн йæхицæй бирæ хистæр уыд æмæ-иу ын лæггад кæнынмæ рацыд, стæй йын аргъ кодта куыд адæймагæн. Зæронд лæг уыдис, 80 азæй йыл фылдæр цыдаид. Уый йын тынг баххуыс кодта Ручъы æфцæджы арæзтадæн æрмæджытæй, стæй Беслæныхъæуы аэропорт аразынмæ дæр.

Сæрмагонд бæрзонд лæууæн-иу скодтам Минасæн. Хуытæ-иу нæ егертæ уый комкоммæ раскъæрдтой, фехста-иу, фæлæ къуыргæ никуы акодта. Иухатт та фынæй баци уым æнхъæлмæ кæсгæйæ. Хуытæ йæ тæккæ цур лæугæ дæр ма æркодтой, æз æм хъæр кæнын, Минас фехс, зæгъгæ, фæлæ гæрах нæ райхъуыст. Хæрдмæ йæм бæрзонд лæууæнмæ схызтæн, æмæ дын йæ хуыр-хуыр цæуы...

Дунетыл хъуыстгонд дохтыр Святослав Федоров нæм ссыди йæхи «Мерседес»-æй, йæ бинойнагимæ. Йемæ мæм схаста мæ мæскуыйаг хицауадæй гæххæтт: «Алыксандр, мæнæ дæм цыма æз мæхæдæг фæцæуын, афтæ суазæг кæн ацы лæджы...» Бацин ыл кодтон, мæхæдæг йемæ сбадтæн æмæ йæ уæлæ Хъæрмæдоны уазæгуатмæ аластон. Уым нын æппæт фадæттæ дæр уыдис уазæгæн — сыгъдæг, хъахъхъæнæг дзы, æфснайæг сылгоймæгтæ дзы, йæ алыварс — рæсугъд æрдз. Чи сæм ссыди, уый хъæуы цæрджытæ дæр базыдтой æмæ йын алы райсом дæр ногдыгъд æхсыр хастой.

Мæскуыйæн сæ бардзырд ахæм уыди — хъуамæ ацуан кодтаид хъæддаг хуытæ æмæ дзæбидыртыл. Фæлæ йæ рахиз къах йæ уæлæ нæ уыд, протез ыл. Æмæ йын уæд æргомæй загътон, зæгъын дзæбидыртæм ницы хуызы ссæудзынæ, тынг бæрзонд ран вæййынц. Биноклтæй йæ уырдæм фæкæсын кодтон. Сразы мемæ Федоров, фæлæ, дам, мæ уырдæм хæстæгдæр уæддæр баласут, уынгæ сæ уæддæр фæкæнон, уæдæ, дам, нæхимæ цы радзурдзынæн, куы мæ фæрсой, уæд...

Аластам æй Джимарамæ, уым машинæ уæлæуæзмæ сфæразы, биноклтæй сæм бирæ фæкаст, фæцин кодта, стæй та Куырттаты коммæ раздæхтыстæм. Уым Хилачъы уыгæрдæнты

дзæбидыртæ ноджы хæстæгдæр æрцæуынц бынмæ. Æмæ уыдоны дæр федта.

Мæнæ йæ Дзæуджыхъæумæ дæр æркодтам, уынгты фæзылд, музеймæ бацыд, Дайраны комы та йæ Тамарæйы мæсыджы онг баластам. Бирæ мысинæгтимæ, дам, аздæхдзынæн, зæгъгæ, цалдæр хатты загъта.

Уæдмæ йæ бирæтæ базыдтой, цæстыты хъуыстгонд дохтыр нæм ис, уый æмæ мæм адæм цыдысты сæ курдиатимæ — нæ цæстытæ ма нын фенын кæн. Бауæндыдтæн æм, зæгъын, хъуыстгонд лæг дæ, æмæ ме 'мзæххонты фæнды, куы сын баххуыс кæнис, уый. Сразы ис. Мæ кабинетæй цæстыты дохтыры кабинет рауадис. Иу ссæдз адæймаджы бæрц федта, иу цалдæр та йæм уый фæндонмæ гæсгæ фæстæдæр Мæскуымæ ацыдысты, сæ гагуытæ сын баивта. Бирæ арфæтæ райстон æз адæмæй. Тынг хорз адæймаг разынди.

Иу бон йæ ныфс бахаста хуытыл ацуан кæнынмæ. Гæмæх хохы йæ иу райсом раджы йæ бинойнагимæ рындзыл æрæвæрдтам, хъæугæ гæрзтæ йын радтам. Нæ егертæ рацуан кодтой æмæ йыл хуытæ иу къордæй рацыдысты. Бæргæ фехста Федоров, фæлæ къуыргæ ницы акодта. Æмæ йын уæд нæхионтæ иу хуы амардтой йæ номыл, æрдузы аууоны йын физонджытæ фæкодтам, дзадджын фынгтæ йын сарæзтам, йæ зæрдæмæ тынг фæцыд нæ ирон æгъдау.

Иуахæмы мæм Билар телефонæй æрбадзырдта. Æвдæлы, дам,дæ мæнмæ æрбацæуынмæ. Афтæ нæ загъта бирæ хицæуттау, ардæм ма рæвдз рацу, зæгъгæ, стæй йе 'ххуысгæнджытæй дæр никæмæн бабар кодта æрбадзурын, фæлæ — йæхæдæг.

Уайтагъд уым балæууыдтæн. Баййæфтон æм Челдыты Алыксандры, стæй нæ гыццыл аэродромы уæды хицау, уæздан Икъоты Сергейы.

Билар мын хабар бамбарын кодта:

— Мæскуыйæ нæм ссæуы Советон Цæдисы Граждайнаг авиацийы министры фыццаг хæдивæг инæлар-булкъон Катрич... Уымæй бирæ аразгæ у, нæ ног аэропорт цæмæй афоныл сцæттæ уа, уыцы хъуыддаг. Чи никуыма уыд, ахæм хорз цуаны йæ акæнут! Мæнæ дын райсом Икъойы-фырт зæгъдзæн, цуан кæнынмæ йын цавæр дзаумæттæ хъæудзæн, уый, йæ дæргъ, йæ уæрх ын базондзæн, цавæр хæцæнгæрзтæй арæхсы æмæ йын сæ, дæ хорзæхæй, рагацау сцæттæ кæн. Исты дæ къуылымпы кæны?..

Зæгъын, ницы.

Æртыккаг бон дын мæм партийы обкомæй нæхимæ æрдзырдтой, рацу, дам, ма ардæм. Уыцы стыр уазæджы уым Билары фарсмæ дзадджын фынджы уæлхъус бадгæйæ сæйæфтон — æфсæддон дарæсы, бæрзонд, бæзæрхыгтæ арæзт. Нуазæн мæм авæрдтой, сбадын мæ кодтой, стæй Билар, уазæгæн мæнмæ бацамонгæйæ, загъта:

— Мæнæ дын уый та нæ цуангæнджыты сæйраг лæг.

Цуаны ацыдыстæм, дзæбæх бынаты йæ æрбадын кодтам, нæ егертæ йыл хуытæ раскъæрдтой, фехстытæ кодта, фæлæ дзы иуы дæр нæ акъуырдта. Уырдыгæй ацыдыстæм дзæбидырты хизæн бынатмæ. Фехста та æмæ та ницы. Уæдмæ фæссихор сси, истæмæй йæ хорз фенын хъуыд. Нæхи цуанæттæм фæдзырдтон, зæгъын, ацæут, уæхæдæг иу хуы амарут.

Майрæмададжы дыууæ доны астæу дзæбæх фæзуат уыдис — Дзæгъæлком — æмæ уым æрбадтыстæм. Физонджыты цъыс-цъыс цæуы, сидтытæ уадзæм. Ацы Катричмæ сидт куы æрхæццæ ис, уæд дын мын уайдзæфы хуызы афтæ куы бакæнид: «Мæнæн куыд дзырдтой, æз куыд æнхъæл уыдтæн, афтæ бирæ сырд уæм уæддæр нæй».

Уыцы ныхæстæ куыд загъта, афтæ дын дæлæрдыгæй цыдæр уынæр ссыд, кæсæм, æмæ нæм комкоммæ ссæуы хуыты къорд. Уайтагъд сæ анымадтон — æнæхъæн нудæс. Мæхинымæр, зæгъын, Æфсатийы зæрдæмæ дæр Катричы уайдзæфтæ нæ фæцыдысты æмæ сæ сæрмагондæй раскъæрдта. Хуытæ нын нæ уынæр куы айхъуыстой, уæд цæхгæр фæзылдысты хæрды лидзынмæ фесты. Æз фæлæбурдтон, Катричмæ та нæ цуанæттæй авæрдта чидæр йæхи гарз æмæ сæ фæсте фæйнæ цалдæр æхсты фæкодтам. Стæй Икъоты Сергейы мемæ райстон, цом-ма, зæгъын, сæ фæдыл. Мæнæ дын иу дынджыр хуы бæласы æнцой йæ туджы мæцы. Уæд дын Сергей æвиппайды афтæ:

— Цæй, æмæ инæларæн зæгъæм, ды йæ акъуырдтай, зæгъгæ.

Хуыйы егертæ фæзы астæумæ пыхсытыл сластой, Катрич æм хæстæг бацыд, бирæ йæм фæракæс-бакæс кодта, стæй дын мын мæ хъусы дзуры: «Уый æз нæ акъуырдтон, æз галиуырдыгæй æхстон, цæф та рахизырдыгæй у». Нæ йын басастæн, зæгъын, ды йæ акъуырдтай. Æмæ уæд йæхæдæг дæр сдызæрдыг ис. Уæвгæ та йæ рахизырдыгæй мæхæдæг æхстон, æз æй акъуырдтон.

Фæсбадт хуыйы ныддихтæ кодтам, алкæмæ дæр дзы хай æрхауд. Стыр уыдис, тынг стыр, сыгъдæг дзидза дзы сæдæ килæйы бæрц уыди. Катричæн дзы дзæбæхдæр хай радтам — йæ фæстаг агъд.

Катрич нын нæ аэропорты арæзтадмæ уæлдай цæст дардта, бирæ æххуысты нын бацыд.

Иу хатт нæм Мырзæты Мæхæмæт, дæлæ сымахмæ, Хуымæллæджы дæр куы куыста райкомы секретарæй, уый схуыдта Мæскуыйæ æгас Цæдисæн алыхуызон хъæууонхæдзарадон техникæ чи уæрста, уыцы министр Шевченкойы. Мæхæмæтæн йæ хицау уыдис. Уый та йемæ скодта иу рæсугъд сылгоймаджы, æмæ йæ æз уайтагъддæр сæ митæй бамбæрстон, йæ ус нæ, йæ хæзгул кæй уыдис, уый. Лæг йæхæдæг цыдæр æнæрвæссон, схъæлæй ныхасгæнæг. Нæ республикæйы хицæуттæ цыма йæ цуры цумайы лæппутæ уыдысты, йæхи афтæ дардта. Билармæ-иу афтæ дзырдта — Билярд. Нуазын ын хорз æнтысти, кæм æрбадтыстæм, уым та-иу къамтæ фелвæста æмæ та-иу æхцайæ хъазыныл схæцыд. Ноздзынæй рæдау уыд, уый бамбæрстон æмæ йын мæ цалдæр курдиаты загътон. Зæрдæ мын бавæрдта рог æмæ гуыффæджын машинæтæй. Йæ къух сæрмагонд гæххæтты дæр æрæвæрдта. Æз мæхæдæг Мæскуымæ ацыдаин уыдонмæ. Мæ балцмæ ма мæ дыууæ боны хъуыд, афтæ дын радиойæ куы радзуриккой, уыцы Шевченкойы, дам, йæ куыстæй систой, йæхи моралон æгъдауæй хорз кæй нæ дардта, уый тыххæй...

Фæсарæйнæгтæ сæхи бынтон æндæр хуызы дардтой. Сæхи-иу цуаны бонмæ тынг хорз бацæттæ кодтой, бæрæг-иу уыд, советон хицауадæй уæнгты хъаруйæ домбайдæр кæй уыдысты, уый. Иу, Руссель, зæгъгæ, Францей æртæ хатты æрбацыд, æртæ хатты дæр фæйнæ дыууæ дзæбидыры амардта. Цуаны фæстæ-иу нæ егертæ æндæр дис ницæуыл кодтой, фæразон, дам, у тынг цæуынмæ. Зæгъын, æнæ бафæрсгæ мын æй нæй. Æмæ, дам, æз дæн Францы стоматологты департаменты министр. Цæрын, дам, 18-æм уæладзыджы æмæ алы райсом дæр мæ фæндаггон хызыны сæвæрын æхсæз агуыридуры æмæ суанг бынæй уæлæмæ асинтыл фистæгæй ссæуын, стæй та фæстæмæ дæр æрцæуын.

Æз ахæм домбай æмæ цæуаг лæг никуыма федтон. Стæй хорз адæймаг рауад. Йæ визиткæ мын радта, стæй диссаджы рæсугъд чиныг Парижы тыххæй, писмотæ мæм фыста, хуыдта мæ сæхимæ уазæгуаты.

Мæ зæрдыл дзы мæнæ ахæм цау æрлæууы арæх. Фæстаг хатт ма ам куы уыдис, уæд нæм цуаны уыдысты немыцæгтæ æмæ америкæгтæ дæр. Иу райсом дын мын Руссель афтæ: «Изæры ма нæм уазæгуаты æрбацу. Мæнæ америкæгтæ арс амардтой æмæ йын æз йæ дзæмбытæй диссаджы хæринаг кæнын зонын. Саход ма дзы». Бацыдтæн сæм, рабадтыстæм, уыдон дзы афтæ адджын бахордтой, æз та йæм æвналгæ дæр нæ бакодтон. Мæнæ цыма хæфсы къæхтæ уыдысты, уыйау мæм кастысты...

Япойнæгтæ та нæм кæлмытæ æрбаластой хæрынмæ, цæттæгондæй. Нæ пецтыл сæ-иу куы хъарм кодтой, уæд-иу мах зæрдæтæ схæццæ сты. Сæхæдæг та нын нæ хæринæгтæ бирæ бауарзтой, уæлдайдæр фыдджынтæ, лывзæ, цæхæраджынтæ, физонæг.

Цыдæриддæр нæм фæсарæйнæгтæ уыд, æз дзы япойнæгтæй уæздандæр никæй рахатыдтон, стыр культурæйы хицау уыдысты. Дзыхы ныхасæй, сæ дзаумайы кондæй дæр иннæтæй хицæн кодтой. Мæнæ тамако дымы, зæгъгæ, уæд-иу сæ дзыппытæй систой сæрмагонд чысыл æртхутæгдон. Фынджы уæлхъус иуæй-иутæ сæ дæндæгтæ схъауыны тыххæй сæ дзыхтæ уæрæх байгом кæнынц, ацы япойнæгтæ та-иу сæ армытъæпæнæй сæ дзых сæхгæдтой ахæм сахат.

Мæ зæрдæ фæхудт финляндийæгтыл. Æвæццæгæн сæ сæхимæ нуазын нæ уадзынц æмæ-иу уыдон, стыр лæгтæ уæвгæйæ, стыр бынæттæ ахсгæйæ, ам афтæ тынг банызтой æмæ-иу кæрæдзийы дæр нал æмбæрстой. Цалдæр хатты сын сæ хæцæнгæрзтæ дæр бамбæхстам, кæрæдзийы расыгæй куы фехсой, зæгъгæ.

Фæзминаг æгъдау уыд немыцæгтæм. Уæздан, уыдысты пунктуалон, цы-иу загътой, уый-иу афоныл скодтой. Бынтон æндæрхуызон уыдысты америкæгтæ. Хæрдтыкæсгæ цыдысты, зынæрвæссон — сæ каст, сæхицæй хуыздæр никæй хуыдтой.

Хъаст ныл-иу чи бакодта, ахæмтæ дæр-иу дзы разынд. Зæгъæм, быдырон мыстæн-иу мидæмæ æнæ бауайгæ нæ уыд цуанæтты хæдзары. Уазæгæн-иу йæ ус уый фенгæйæ ныцъæхахст кодта, бæстæ-иу сæ сæрыл систой. Иу хатт мæм Мæскуымæ фæдзырдтой, уым, дам, цы хъахъхъæнæг стут, мыстытæ мидæмæ уазджытæм цæмæн бырсынц. Цы сын хъуамæ загътаин?! Зæрдæ сын бавæрдтон, мыстытæм амæй фæстæмæ бæрæг уыдзæн, зæгъгæ.

Нæ иуæй-иу уазджытæ-иу афтæ кодтой: ам-иу фæцуан кодтой, махæй та-иу ацыдысты æндæр ранмæ, уырдыгæй та ноджы

ændær ранмæ. Махмæ-иу дзæбидыртæ амарын сæ къухы куы бафтыд, уæд нын-иу æхца бафыстой, цæмæй-иу сын мах Америкæмæ сæ сыкъатæ арвитæм. Нæ кусджытæ-иу уымæн сæрмагонд асыччытæ скодтой, сыкъатæм-иу спъиртт æмæ нафталинæй базылдысты, цæмæй уыцы дард фæндагыл ма скæлм уой, уый тыххæй.

Иу американаг махæй Иранмæ ацыд дарддæр цуан кæнынмæ. Уымæй иу мæйы бæрц рауад, афтæ дын мæм Мæскуыйæ мæ хицауад дзурынц: «А-дыууæ боны дæм цуаны фæцæуы Ираны шах Пехлеви. Уыцы американаг ын дæуæй тынг феппæлыд». Зæгъын, Хуыцау æй рауадзæд. Билармæ дæр сдзырдтой, уый та мæнмæ, зоныс, дам, цавæр стыр уазæг дæм ссæуинаг у, уый, ма нæ фæхудинаг кæн. Зæгъын, ма тæрс, сырдтæ фылдæр кæм ис, цуан кæнынмæ æнцондæр кæм уа, уырдæм æй акæндзыстæм. Иудзырдæй, нæхи тынг цæттæ кæнын райдыдтам, уалынмæ та дын мæм Билар дзуры: «Пехлевийы цуан фæсыкк. Иранмæ æрбатахт Францæй Хомейни æмæ бæстæйы цыдæр змæстытæ цæуы. Махмæ сæ нал æвдæлы»... Цуаны нæм нæхи бæстæйæ сылгоймæгтæ никуы уыдысты. Æрмæстдæр фæсарæнтæй. Иунæгæй, æнæ лæгтæй. Рæсугъд, хæрзконд сылгоймæгтæ æвзæрдæр нæ арæхстысты хæцæнгарзимæ. Иу немыцаг сылгоймаг дзы арс дæр ма амардта фыццаг æхстæн.

Худæджы цаутæ дæр нæм-иу уыдис. Немыцаг сылгоймæгтæ нæм цуан кодтой, хуытæ сыл раскъæрдтой нæ егертæ. Иу дзы фæтарст, бæласмæ сбырыд, йæ къухтæ къабузмæ нындæгъдысты, тыххæйты йын сæ ратыдтой уырдыгæй. Йæхæдæг дæр æмæ иннæтæ дæр ууыл уый фæстæ тынг бирæ фæхудтысты.

Дыууæйæ арс марынмæ ацыдысты. Мах сын бацамыдтам, æрсытæ сæ хъоргътæм кæуылты цæудзысты, уый æмæ кæрæдзийы куыд уыной, афтæ алырætты æрбадтысты. Уалынмæ дзы иу, хæдæхсгæ топп кæмæ уыд, уый йæ хæцæнгарз аппæрста æмæ уæлæ бæласы цъуппыл балæууыд, цъæхахст кæны. Йе 'мбал хабар бамбæрста, нызгъордта йæм, куыддæр æм ныххæццæ, афтæ кæсы æмæ йæм арс ссæуы. Фехста йæ, уалынмæ та иннæ арс фæзынд, уый дæр та фыццаг æхстæн амардта. Бæласыл чи уыд, уый-иу куы ныллæгъстæ кодта, райсут мæ ардыгæй, стæй-иу мын мæ худинаджы кой макæмæн ракæнут, зæгъгæ. Абон Ирыстоны стыр лæгтæй иуыл нымад у, æндæр дын йæ мыггаг дæр зæгъын. Иудзырдæй, цуаны тæппуд лæг хъуамæ ма цæуа...

*ФИДАРАТЫ Руслан*

# ФÆЛТАУ СЫГЪДÆГ

* * *

**О, ма тыхс, дæ рæдыдтæ ма мыс.**
**Нæ рахъаст кæндзынæн дæуæй.**
**Зын рæстæг дæ фыдæлты намыс**
**Нæ кодтай æндæртау ды уæй...**

**Цъыфкалæн... Цæлхъытæ... Гæрæхтæ...**
**Æмтъеры, зыгъуыммæтæ дуг...**
**Дæу зонынц нæ быдыр, нæ рæгътæ —**
**Нæу чъизи дæ цæсгом, дæ туг.**

**О, ма тыхс, дæ зылынтæ ма мыс,**
**Нæ аивдзæн цардæн йæ цыд.**
**Мæнæн дæ нæ фыдæлты намыс,**
**Мæнæн дæ мæ адæмы цыт.**

## ФÆЛТАУ

**Фæлтау мыл худ, фæлтау мæ фау...**
**Зынг арты басудзæд мæ гуыр.**
**Мæ уд ныххæлиу уæд тæфау, —**
**Фæлтау сыгъдæг, фæлтау мæгуыр...**

**Фæлтау цæрæнбынат — лæгæт,**
**Фæлтау нылхъивдзынæн мæ рон.**
**Дзыгъал-мыгъул кæнæд цæнгæт, —**
**Фæлтау мæлон, фæлтау кæрон...**

**Фæлтау мæ фау, фæлтау мыл худ...**
**У райдзаст арвы ком, быгъдæг...**
**Мæ сæнттæ, радыгай тæхут, —**
**Фæлтау мæгуыр, фæлтау сыгъдæг.**

* * *

Тædзгæ ныссалд тædзынæг.
Ныууарыд, уары мит...
Дæрдтыл кæсын æдзынæг.
Хъус ахсы: «Мит-мит-мит...»

Куыд цин кæны йæ хайыл,
Йæ арвы хайыл зæхх!
Уæд дын, мæ зæрдæ, хайыр
Зæххы сой æмæ цæхх.

Уæд дын, мæ зæрдæ, хайыр
Æмæ дын тайæд цин!
Кæн цин, кæн цин дæ хайыл, —
Хуыздæр хай ма цы и?

* * *

Доны æнусон сыр-сыр.
Боны тæригъæдтæ — цас!
Мæйы сызгъæрин ыссыр,
Риуæй æнкъарæнтæ лас.

Уылæнтыл хъазы мæ нау,
Макуы æрцæуæд хъыгдард.
Ма кæн хъуырдухæн мæнау,
Алидзæд утæхсæн дард.

Ма кæн хъуырдухæн мæнау.
Доны æнусон сыр-сыр...
Фендзынæ фыны мæ нау —
Мæйы сызгъæрин ыссыр.

## ТОХ

Хæцæм æнусы рохыл,
Æнусы кар — нæ тох.
Æртауынц адæм тохыл
Фыдæх æмæ фыдох.

**Æмхæццæйæ æнхъизынц**
**Нæ туг æмæ нæ хид,**
**Æнусмæ адæм хизынц:**
**Сæ тохы сæрты — хид.**

**Кæрон нæ уыдзæн тохæн,**
**Лæджы æмбæлццон — кард.**
**Фыдæх æмæ фыдохæн**
**Тыхгæнæг царды — цард.**

*ТЛАТТАТЫ Бексолтан*

# ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ

* * *

Бодзыр лæппутæн йæхицæй æппæлы:
— Дысон мæйрухсмæ нæ картоф иууылдæр губакгонд фæдæн.
— Æмæ боныгон хъæндилтæй тæрсыс? — афарста Быдо.

* * *

Бодзырæн сыхаг ус хъаст кæны:
— Дæ хуытæ мын мæ картоф скъахтой.
— Кæд? Куыд?
— Знон. Сæ бырынчъытæй.
— Кæс-ма уыцы хуыцауылгъыстытæм! Афтæмæй нырма нæхи картоф — æнæкъахт!

* * *

Мад чъиу æууилы. Гыццыл чызг æм бирæ фæкасти, стæй йæм дзуры:
—Мамæ, ныхъуырын дын нæ комы, уæд æй аппар. Дæ дæндæгтæ фæрисдзысты.

* * *

Нана йæ фырты чызджы æрбахъæбыс кодта.
— Æз дæ тынг бирæ уарзын.
— Æз дæр тынг бирæ уарзын дадайы.

* * *

Мæирбег театры дуармæ фæхс бандоныл иунæгæй бады, йæ фындз къахы. Ким æм хæстæг бацыд:
— Мæирбег, дæ уæз къаддæр кæныс?

* * *

Хыдзыр дохтыræн хъаст кæны:

— Мæ фарс тынг риссы. Æнæхуыссæг фæдæн.

Дохтыр æй федта, байхъуыста йæм:

— Нуазгæ цы кæныс? Арахъхъ? Сæн? Коньяк? Водкæ?

— Уыдон се 'ппæт дæр нуазын! Стæй-ма бæгæны дæр. Уæддæр мын ницы æххуыс кæнынц.

* * *

Чело: — Адæммæ куы хъусай, уæд æндæр ницы дзурынц. Къес расыггæнаг у. Æнæ ностæй йæ никуы фендзынæ. Адæмы 'хсæнмæ равдисынмæ нæ бæззы. Акæс-ма, фæсивæд ыл куыд нымбырд сты бындзытау.

Бодзыр: — Бындзытæ фаджысæй тынгдæр ницæуыл æмбырд кæнынц, уый тыххæй фаджыс нал у?

*Уильям ШЕКСПИР*

# ГАМЛЕТ, ДАНИАГ ПРИНЦ*

## ÆРТЫККАГ АКТ

### *3-аг СЦЕНÆ*

*Уат галуаны. Бацæуынц Къарол, Розенкранц æмæ Гильденстерн.*

К ъ а р о л

Æз æй нæ уарзын. Йе 'ррa йын цырындæр
Нæ кæндзынæн. Цæттæ кæнут уæхи.
Уæ гæххæттытæ бафыстон ныртæккæ, —
Сымахимæ уый Англисмæ цæуы.
Уæ зæрдыл дарут — алы къуымтæй махмæ
Гæппæввонгæй æнæнхъæл цау кæсы,
Йæ фыдбылыз мæнг хæрвы 'мбæхсгæ.

Г и л ь д е н с т е р н

Балцмæ
Цæттæ стæм мах. Дæ узæлд æмæ мæт
Куыд хæссынц минтæн цардыхос, гъе афтæ
Сты махæн дæр фæндагсары зæдау.

Р о з е н к р а н ц

Кæмæ ис зонд , уый стыр хæсыл нымайы
Фыдбылызæй йæхи хизын æдзух.
Фæлæ уæлдай къæрцхъусдæрæй мах хъуамæ
Уый хъахъхъæнæм, æппæт адæмы цард
Кæй къухы ис. Нæу паддзахы мæлæт
Æрмæст мæлæт. Хæстæгдæрлæуд æм чи уа,
Уыдонæн дæр уый хъаймæт у. Уый — цалх,
Сæрсæфæнæн йæ тæккæ тигътыл тулæг,
Йæ дæндæгтæ, йæ чъил æмæ сæмæн —
Æнæхъæн хъæд. Куы расхъиуа уый былæй, —
Ныппырх уыдзысты дæндæгтæ фыццаг.
Къаролы арф ныуулæфтæн æдзухдæр

* Кæрон. Райдайæн кæс «Мах дуджы» 1-аг номыры

Дзыллæтæ раттынц стыр уынæргътæй дзуапп.

К ъ а р о л

Уæ хорзæхæй, фæстиат нал. Æвирхъау
Тас хибарæй хæты, æмæ йыл тагъд
Куыд бакæнæм хъадаман.

Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н

Хорз. Цæуæм.

*Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н ацæуынц. Бацæуы П о л о н и й.*

П о л о н и й

Йæ мадмæ бацыд. Байхъусон сæм хъуамæ.
Мæхи фæсгауыз бамбæхсдзынæн ам.
Хæцдзæни йæм, æвæццæгæн, йæ мад дæр,
Фæлæ дæ раст: тæрхонгæнæг нæу мад.
Фæлмæн у мад йæ цотæн. Æмæ хъуамæ исчи
Сæ цуры уа, йе дара сæм йæ хъус.
Хæрзæхсæв у. Куы раздæхон мæ цуанæй,
Уæд дæм зындзынæн, кæд нæ уай фынæй.

К ъ а р о л

Кæнын дын æз зæрдиаг арфæ, ме 'рдхорд.

*П о л о н и й ацæуы.*

Мæн хурх кæны мæ фыдгæнды хъылма тæф,
Фыдæлтыккон æлгъысты гакк — мæныл:
Æфсымæрмарæг. Мæн куыд фæнды кувын,
Фæлæ æппындæр кувын нæу мæ бон.
О, ацы аххос чи сисдзæн мæ удæй?
Йæ нысан тары чи нал фены, уый
Йæ мидбынат куыд цоппай кæна, афтæ
Фæдзæгъæл дæн, мæ хъуыддæгтæ — æппæрст.
Æнæхъæнæй дæр ме 'фсымæры тугæй
Куы уаин амæст, гъе уæддæр цыма
Ныхсын нæ бауид арвы бон мæ къухтæ?
Цы кæнид хорз, куы нæ уаид фыдæх?
Цæмæн хъæуид тæригъæды сæр мах?
Æмæ Хуыцаумæ уый тыххæй фæкувæм,
Цæмæй нæ хиза фыд æмæ сæфтæй.
Æгъгъæд у хи 'ргæвдын! Дæ сæрыл схæц!
Æрхаудтæн æз, цæмæй фæстæмæ сыстон.

Куыд кувон? «Амардтон, ныббар мын»?
Нæ бæззы уый. Цы ссардтон, уый нæ радтон,
Цæй тыххæй мардтон, уыдон дæр сты мæн:
Мæ коронæ, мæ бæстæ, королевæ.
Æмæ Хуыцау куыд ныббара мæнæн?
Хæрамдзинад сызгъæрин къухæй халы
Мæнг дунейыл рæстаг тæрхоны фæтк,
Цы фыдгæнд кæны, уый фæрцы æлхæны
Закъон. Фæлæ уæлейы афтæ нæу.
Нæ хъуыддæгтæ æркæлынц уым бæгънæгæй,
Сæ сайд фæлыст сын басудзы цъæх арт,
Нæ аххосы цур ахст лæгау æрлæууæм,
Æмæ нæ домы дзуапп. Цы кæнон æз?
Фæсмон? Фæсмон лæджы тæригъæд сисы?
Æмæ кæд нæй фæсмонгæнæн дæр уым!
О, хъизæмар! Мæ риу — мæлæтæй саудæр,
Æмæ мæ уд йæ гæндзæхтæ цæгъды
Цъымарайы, бынмæ йæ ласы лами!
Æххуысмæ, зæдтæ! Уæрджытæ, фæтасут!
Зæрдæйы 'ндон, фест ноггуырды æргъиу!
Ис алцæмæн дæр срастгæнæн.
*(Мидæгдæр бацæуы æмæ йæ зонгуытыл æрлæууы.)*

*Бацæуы Г а м л е т.*

Г а м л е т

Уый кувы.
Кæд ма уыдзæн хуыздæр фадат мæнæн та?
Дзæхст цирхъæй, — арвмæ атæхдзæн йæ уд.
Гъе уый дын тугист. Афтæ? Нæ, лыстæг æркæсæм.
Фыдгуырд мæ фыды барвыста мæрдтæм,
Æмæ æз та гъе уый тыххæй мæхæдæг
Мæ туджджыны дзæнæтмæ 'рвитын. Нæ,
Уый тугист нæу. Уый хорзæх у лæгмарæн.
Йæ тæригъæдты уалдзæджы тыхмард
Æрцыд мæ фыд, ныддымст йæ гуыбын маргæй.
Цы дардта арвæй? Чи скодта тæрхон,
Æмæ цæй тыххæй? Иунæг Хуыцау зоны,
Фæлæ бæрæг у: хъизæмар кæны.
Уый тугист у, куы амæла æнаккаг
Йæ кувыныл, йæ уд сыгъдæггæнгæ,

Цæттæ куы уа мæрдтыбæстæм цæуынмæ?
Нæ.
Кæрддзæммæ, цирхъ, нæма 'рцыди дæ рад.
Мæстæй куы тона, йе куы уа фыдрасыг,
Куы кæна хъарм хæлд хъæбысы фынæй,
Азарт хъазты куы бацæуа, куы 'лгъита,
Йе 'ндæр исты æвзæрдзинад кæна,
Йæ фервæзынæн хос кæм нæ уа, ахæм,
Уæд-иу æй цæв. Йæ хæррæгъ фестдзæн сау
Йæ удау æмæ зындонмæ ныххаудзæн.
Дзырдта мæм мад. Паддзахиуæг уал кæн, —
Уый ма 'нхъæл хос. Уый ме 'мгъуыд кæны дарддæр.

*(Ацæуы.)*

К ъ а р о л *(сыстад)*
Мæ дзырд — хæрдмæ, æнкъарæнтæ — бынмæ, —
Нæ кæсы арв æнæнкъараен хуынмæ.

*(Ацæуы.)*

## *4-м СЦЕНÆ*

*Королевæйы уат.*

*Бацæуынц К о р о л е в æ æмæ П о л о н и й.*

П о л о н и й
Æрбацæуы. Дæ фыртæн зæгъ æргомæй:
Хæцæд йæхиуыл, ма халæд æгъдау.
Кæй йæ хизыс нæ къаролы æфхæрдæй,
Зæгъ-иу ын уый дæр. Бамбæхсон мæхи.
Фæлæуу æм карз, дæ хорзæхæй.
Г а м л е т *(æдде)*
О, леди!
К о р о л е в æ
О, ма тыхс ууыл, бауадз æй мæ бар.
Æрбацæуы, æнхъæлдæн. Бамбæхс къуымы.

*П о л о н и й æмбæхсы къулыл ауыгъд гауызы фæстæ.*

*Бацæуы Г а м л е т.*

Г а м л е т
Мæ мадыхай, лæггадмæ дæн цæттæ.
К о р о л е в æ
Дæ фыды ды цæмæн æфхæрыс, Гамлет?

Г а м л е т
Мæ фыды ды цæмæн бафхæрдтай, мад?
К о р о л е в æ
Дæ мадимæ æнæгъдау лæгау дзурыс.
Г а м л е т
Ды та фæрсыс цæстфæлдахæгау мæн.
К о р о л е в æ
Цы дыл æрцыди, Гамлет?
Г а м л е т
Дæу цы фæнды?
К о р о л е в æ
Ды зоныс, чи дæн?
Г а м л е т
Мæнæ дын мæ дзуар, —
Ды дæ дæ лæджы 'фсымæры ус, стæй ма
Ды, ме 'намондæн, разындтæ мæ мад.
К о р о л е в æ
Уæдæ-иу уæд æндæртæ дзурæнт демæ.
Г а м л е т
Æнцад. Æрбад. Нæ рауадздзынæн дæу.
Ныртæккæ дын æрбахæсдзынæн айдæн,
Дæхи дзы фенай — чи дæ 'мæ цы дæ.
К о р о л е в æ
Цы сфæнд кодтай? Хæстæг мæм ма цу! Кардæй
Рæхойдзæн мæн. Æххуысмæ тагъд!
П о л о н и й *(гауызы фæстæ)*
Хуыцау!
Г а м л е т *(сласы шпагæ)*
Уый циу? Уыры? Хæснаг кæнын — цæттæ у.
*(Гауыз барæхойы.)*
П о л о н и й *(гауызы фæстæ)*
Мæлын!
*(Æрхауы æмæ амæлы.)*
К о р о л е в æ
Хуыцау!.. Цы бакуыстай!
Г а м л е т
Ау, уым
Къарол лæууыд?
К о р о л е в æ

Фыддæр фыдгæнд нæма фенди!

Г а м л е т

Миледи,
Фыддæртæ ис: къарол æрцыди мард,
Йæ усы та йын йе ’фсымæр æрхаста.

К о р о л е в æ

Къарол æрцыди мард?

Г а м л е т

О, леди, о.
*(Гауыз иуварс акæны æмæ уыны Полонийы.)*
Хæрзбон, дзæгъæлдзых, ардауæг, гъæла!
Уæлдæр дæ чи у, уый дæ ’нхъæлдтон. Гъемæ,
Хъыг у мæнæн. Уыныс, мæнг митæй нæй
Цæрæн.
*(Королевæйæн.)*
Æрбад уал. Де ’нгуылдзтæ дæр ма сæтт.
Фæлтау дæ зæрдæ асæтдзынæн æз,
Кæд уый нырмæ фыдгæндты фаг нæ бахсыст,
Кæд ма æмбары адæмы хъæр, уæд.

К о р о л е в æ

Цы бакодтон æз уагæры? Цæмæн дæ
Гуымиры мемæ?

Г а м л е т

Бакодтай ды уый,
Æгъдау дæр, ’фсарм дæр чи сафы йæ гуырдзыл,
Сыгъдæг æмæ æнæвнæлд уарзты ных
Кæмæй афады, чи кæны къæхсæрфæн
Рæстдзинадæй, ’мæ уаз къайады ард
Уæй чи кæны. Цы бакодтай ды, уымæй
Дзырдлæвæрд сси æнæуд æмæ мæнг,
Нæ аргъуаны бын кувын та — ныхæстæ,
Дзæгъæл дзæнгæда. Æрвтæ сырх кæнынц,
Хъаймæты бон куыд фæкæсынц тызмæгæй,
Бæрзондæй афтæ д’ аххосмæ кæсынц.

К о р о л е в æ

Циу развæлгъау дæ ныхæстæн сæ мидис,
Цы мæ къахыс, цæмæй мын кæныс фидис?

Г а м л е т

Дыууæ нывы дын мæнæ: ай, стæй ай.

Дзæбæх сæм кæс — æфсымæрты портреттæ.
Сæ иуы цас и фидыц æмæ фарн —
Йæ ных у Зевсау, кондæй — Аполлонау,
Тæссаг, сæрыстыр Марсау у йæ каст.
Йæ ныв æвдисы: у æрвыст хуыцæуттæй,
Бæрзонд æврæгътæй рухсгæнгæ æртахт,
Олимпийы æппæт цæрджыты джипп ыл
Бæрæг зыны, цæмæй йæ хоной лæг.
Уый уыд мæ фыд. Ныр амæ дæр æрбакæс —
Дæ дыккаг лæг: сыгъд æфсиры фæнык.
Уый йе ’фсымæры цард адавта мæнгардæй.
Кæм уыдысты дæ цæстытæ? Куыд ивтай
Бæрзонд рагъыл рæсугъд уыгæрдæн ды
Цъымарайыл? Цæмæн хъæуынц цæстытæ?
Æви куырм дæ дæ уарзтæй? Нæ, дæ кары
Æнкъарæнтæн сæ хицау свæййы сæр.
Иу иннæйы мæн ’ адоны куы ивтай,
Кæм уыди сæр? А, фестъæлфыс? Уæдæ
Æфсармæй ма цыдæр дæ риуы баззад,
Фæлæ нырма уый уадзыгæй хуыссы,
Æндæр куыд уыди ахæм бæллæх ’руадзæн?
Нæ, нæу дæ цуры фауинаг маньяк,
Нæ, адоны нæ фæивддзаг кæндзæни
Цыфæнды сонт дæр. Уый цы уыд? Сайтан
Куыд амбылдта дæ уд, дæ буар æгасæй?
Фæлæ æнæниз ’нкъарæнтæй дæумæ
Куы уыдаид чысыл мур дæр, уæд агъуыд
Дæлимоны зынг не ссыгъдтаид дæу,
Кæд идæдзы буар ахæм монцтæ домы,
Суанг их дæр ма кæмæй скалид цæхæр,
Уæд чызг цъæх арт куыд нæ уадза? Æндæр
Цы домæм уымæй, кæд æмæ идæдзтæ
Сæ хæлд мондæгтæй сæрра вæййынц, уæд?

Королева

Ныууадз мæ, Гамлет! Сарæзтай мæ удмæ
Дæ цæстыты каст арцау, фæлæ уым
Ныр нал и ницы сау фæдтæй фæстæмæ, —
Ныхсæн сын нал ис.

Г а м л е т

Бæгъдулæг кæн
Æмæ кæн батæ фаджысæн хуыссæны,
Æмæ йын йе ’мбыд сойы смагмæ смуд...

К о р о л е в æ

Тæригъæд бакæ, Гамлет, сты дæ дзырдтæ
Цыргъ хъаматы рæхуыстытæй фыддæр.

Г а м л е т

Лæгмарæг æмæ фосæн, мæнæ амæн
Йæ ныхы аргъ дæр чи нæ уыди, уымæн.
Быдзæу æмæ дзыпкъахæг сси къарол, —
Уый йе ’фсымæрæн амырхта йæ уатæй
Йæ сызгъæрин худ.

К о р о л е в æ

Мауал мæ æргæвд!

Г а м л е т

Къæцæлчындзау æй батыхтой хæцъилты.

*Бацæуы Æ н д æ р г.*

Дæ базыры бын бакæ мæн, мæ зæд! —
Цы хъæуы дæу, рæсугъд паддзахон сурæт?

К о р о л е в æ

Мæгуыр мæ бон, йæ зонд фæцыд!

Г а м л е т

Дæ фырты кæд йæ зивæгæй æфхæрыс? —
Рæстæг цæуы, фæлæ дын уый нырма
Дæ тæссаг, фæлæ табуйаг фæдзæхст
Нæма скодта тыхджын къухæй æххæст.

Æ н д æ р г

Æрмынæг и дæ маст, æмæ йæ хъуамæ
Æз ногæй ссудзон — уый мæ цыды сæр.
Фæлæ дæ мадмæ бакæс. Уый фæуадзыг,
Æмæ йæ хъуамæ фервæзын кæнай —
Хуыдуг кæнынц лæмæгъ зæрдæтæ тасæй,
Æмæ йын исты зæгъ.

Г а м л е т

Цы кæныс, леди?

К о р о л е в æ

Дæхæдæг та? Сæнттæ цæгъдæгау раст
Кæмæдæр дзурыс, дзагъултæ ’мæ джихтæ

Кæныс. Хуыссæгхъуаг салдæтты хуызæн,
Фæдисы хъæрмæ чи слæууы рæнхъытæй,
Дæ сæрыхъуынтæ абадтысты арц.
Мæ лæппу, низæй карздæр кæны катай,
Æрсабыр у. Цы уыныс, уый мын зæгъ.

Г а м л е т

Уынын æз уый. Куыд фæлурс у, кæс-ма йæм!
Йæ таурæгъ æмæ йе ’дзард хуызæй дур
Фæрчытæ хауид. О, мæнырдæм ма кæс,
Дæ цæстытæй мæ мауал хæр. Мæ зæрдæ
Лæмæгъ кæны, — кæйдæр туджы бæсты
Йæ цæссыг калдзæн.

К о р о л е в æ

О, цы у, цы ’рцыд?

Г а м л е т

Ау, ды нæ уыныс уым æппындæр ницы?

К о р о л е в æ

Цы зыны, уый уынын æрмæст.

Г а м л е т

Дзырд дæр
Нæ хъусыс?

К о р о л е в æ

Нæ, нæхи хъæлæстæ хъусын.

Г а м л е т

Уый мæнæ, мæнæ ам ис! Уырдæм кæс.
Мæ фыд сæрæгас, удæгасæй уæртæ.
Фæцæуы, ахызт къæсæрæй, уыныс?

К о р о л е в æ

Цыдæр дæ цæстыл ауади. Дæсны у
Сæрымагъзыл ныв кæнынмæ тæвдниз —
Цæстыты раз цы нæ фестын кæндзæни!

Г а м л е т

Тæвдниз! Мæ пульс цæвы дæууонау рæвдз.
Мæ ныхæстыл, мæ хъуыдытыл нæй мур дæр
Сæнтты лаз. Фæрс — цы загътон, уый зæгъон,
Рынчынæн та йæ дзуапп рæстмæ нæ вæййы.
Фæкодтай де ’намонд ды ме ’ррайы æфсон,
Цæмæй дæхи æгад митæ æмбæхсай.

Хуыцаумæ скæс! Нæ дæ хъæуы бальзам, —
Уый бахгæндзæн гæбæр цъæрттæй дæ хъæнтæ,
Фæлæ сæ мидæг равзæрдзæни хæф,
Дæ хуылф дын иууыл бахæрдзæни. Басæтт
Дæ тæригъæдтыл, карз фæсмонæй сис
Дæ уды чъизи — фервæзæн ма ис,
Йæ уидæгтимæ хъамылгæрдæг стонынц.
Ныххатыр кæн, дæ цуры раст кæй дæн,
Ныр афтæ у: хæрамæн хорз куы кæнай,
Уæд ма дзы хъуамæ ракурай хатыр.

К о р о л е в æ

Мæ зæрдæ мын дыууæ 'мбисы фæкодтай!

Г а м л е т

Æмæ йын аппар йе 'взæрдæр æмбис,
Хуыздæримæ та хæсс дæ цард сыгъдæгæй.
Хæрзæхсæв. Дардмæ лидз дæ лæгæй.
Æфсарм дæм нæй, дæхи та афтæ дар,
Цыма дæм ис. Лæг иугæндзон куы кæна
Йæ кæнон, уæд æнкъарæнтæ мæлынц,
Фæлæ уый хатгай бабæззы: æдзухдæр
Куы бæллай хорзмæ, хорз æрцæудзæн уæд, —
Дæ зæрдæ райсдзæн ног пæлæзау ног уаг.
Ныббыхс, цæмæй дын райсом уа æнцон,
Æмæ куы лæууай раст фæндыл хъæддыхæй,
Уæд цард хуыздæрмæ ивдзæни дæ тыхæй,
Дæ хæйрæджытæ лидздзысты тæссæй.
Кæд дæм æрцæуа фарн, уæд-иу Хуыцаумæ
Мæн тыххæй скув. Тæригъæд ын кæнын.

*(Амоны Полониймæ.)*

Фæлæ, æнæмæнг, арвы фæндыд афтæ:
Ай амардта мæ къухæй, стæй мæн дæр
Æфхæры уымæй. Марды ам нæ уадзын,
Йæ туджы фæдыл ратдзынын æз дзуапп.
Тæригъæд кæнын чи зоны, уый хъуамæ
Уа удфидар. Æнхъæлмæ кæс нæуæг
Æвиллон цаутæм. Иу хатт ма — хæрзæхсæв.
Æрмæст ма иу дзырд.

К о р о л е в æ

Æз цы кæнон ныр?

Г а м л е т
Уый ма бакæ, цы дын зæгъон ныртæккæ.
Уæ хъарм хуыссæнмæ багæпп кæн æваст,
Дæхи мыст хонын уадз, дæ рус æм бадар,
Къарол дæ уым куы хурх кæна йæ батæй, —
Дæ зæрдæ райхал, бузныджы бæсты
Мæ хабар ракæн: зондцухау, зæгъ, барæй
Йæхи æвдисы. Радзур ын æргом!
Йæ сæрмæ та куыд хæссы королевæ —
Бæстырæсугъд — нæл гæдыйæ, хæфсæй,
Цъыфы зулкъæй йæ хъуыдытæ æмбæхсын?
Райс къалати маймулийау 'мæ сбыр
Хæдзары сæрмæ, рауадз цъиуты арвмæ,
Фыр цымыдисæй фехс дæхи дæлæмæ,
Æмæ дæ бæрзæй асæтт.
К о р о л е в æ
О, æууæнд,
Кæд нæй цæрæн ænæ улæфгæ, уæд
Мæ фыртыл комдзог рацæуыны размæ
Мæ улæфæнтæ аскуындзынæн æз.
Г а м л е т
Мæн Англисмæ кæй æрвитынц, уый зоныс?
К о р о л е в æ
О. Ме 'намондæн, у дæ хъуыддаг лыг.
Г а м л е т
Гæххæтт цæттæ у. Ме скъолайы 'мбæлттæ, —
Дыууæ калмыл фылдæр бауууæндин æз, —
Пакетимæ цæудзысты мемæ балцы,
Хыз мæ кæм 'рцахсдзæн, уырдæм. Уадз сæ, уадз.
Уыдзæни худæг, уæлдæфмæ сæхæдæг
Куы фæхауой рæмудзджытæ æваст.
Сæхи гадзрахат рацæудзæн сæхиуыл
Гадзрахатæй — æз ууыл дзырд дæттын!
Фæлæ цы кæнон ацы стыр уæцъæфæн?
Тыргъмæ йæ ласон. Цæй, хæрзфынтæ уын.
Æрсабыр ныр уынаффæгæнæг. Раздæр
Цыди йæ уасын халонау æдзух —
Ныр та, зынаргъ, дæ мæт æрхауд мæхимæ.
Хæрзæхсæв у, мæ мадыхай.

*Фæйнæрдæм ацæуынц. Г а м л е т П о л о н и й ы фæласы.*

## ЦЫППÆРÆМ АКТ

*Эльсинор. Уат галуаны.*

*Бацæуынц Къ а р о л, К о р о л е в æ, Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

К ъ а р о л

Ныуулæфыс къæхты бынæй. Цæмæн?
Дæ сагъæстæ цæмæн æмбæхсыс махæй?
Кæм и дæ фырт?

К о р о л е в æ

Фæуадзут-ма нæ иучысыл рæстæг.

*Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

Æбуалгъ хабар!

К ъ а р о л

Цы 'рцыд Гертрудæ? Гамлет
Кæм и?

К о р о л е в æ

Тыхсы, уынæргъы, — денджызы уылæн
Цыма йæ тыхтæ уадимæ æвзары.
Цыдæр уынæр æруад йæ хъустыл ам,
«Уырытæ!», зæгъгæ, фелвæста рапирæ,
Æмæ фæсгауыз бамбæхсæг зæронд
Йæ рæхуыстæй фæмард.

К ъ а р о л

Æцæг у уый?!
Мæн дæр фæсгауыз ссардтаид рапирæ.
Кæй у йæхи бар — уый æнусон тас
Дæуæн, мæнæн, стæй алкæмæн, æппæтæн.
Дзуапп чи ратдзæн лæгмарды тыххæй ныр?
Уæууæй, мæхæдæг, уымæн æмæ иунæг
Мæн бон уыди мæгуыр зондцухы дард
Æвæстиатæй арвитæн. Ам аххос
Нæхимæ исæм — бирæ йæ кæй уарзæм,
Уый кодта куырм нæ уд æмæ нæ зонд.
Нæ бинонты æнамонддзинад 'мбæхстам,
Фæлæ нын уый хæцгæ низæй фыддæр
Нæ хуылф æхсыны арфдæр. Ныр цы фæци?

К о р о л е в æ

Йæ амæддаджы аласта кæдæмдæр.
Йæ низхæрд хуылфæй уды рухс фæзынд,

Куыд фæзыны æрзæты ’хсæн сызгъæрин.
Цы ’рцыди, ууыл сабийау кæуы.

К ъ а р о л

Гертрудæ, цом. Нæма скæсдзæн хур хæхтæй,
Гъе афтæ балцы ленк кæндзæн йæ нау.
Йæ фыдгæнды фæстиуджытæ та махæн
Лæгъзгæнгæ сты. — Цы фæдæ, Гильденстерн!

*Бацæуынц Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

Æххуысæн искæмæ фæдзурут! Сонтæй
Принц амардта Полонийы, ’мæ йæ
Æхсины уатæй аласта. Цæугæут,
Æрсабыр кæнут Гамлеты, стæй мард
Æгъдаумæ гæсгæ бахæссут зæппадзмæ.

Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н ацæуынц.

Гертрудæ, цом, нæ хæлæрттæм фæдзурæм,
Нæхæдæг сын нæ хабæрттæ зæгъæм.
Кæндзæни хахуыр калмы марг æвзагæй
Сармадзанæй æхст нæмыгау æхситт,
Кæрæй-кæронмæ апырх уыдзæн бæстыл.
Нæ сæмбæлдзæни, чи зоны, йæ цæф
Хæлæртты руаджы махыл. Рацу, не ’фсин.
Нæма бавзæрста ахæм тарст мæ уд.

*Ацæуынц.*

## *2-аг СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Æндæр уат галуаны.*

*Бацæуы Г а м л е т.*

Г а м л е т

Æфснайд æрцыд æнæ иу хъæн.

Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н *(сценæйы фæстæ)*

О, Гамлет!

Г а м л е т.

Цæй хъæр у уый? Кæй бахъуыди мæ сæр?

Р о з е н к р а н ц. Милорд, кæдæм баластай марды?

Г а м л е т. Зæххы хуылфмæ — зæхх дæр ын исчи нæу.

Р о з е н к р а н ц. Зæгъ нын, кæм ис? Уый аргъуанмæ хæсгæ у.

Г а м л е т. Хъуыды дæр ууыл ма кæнут.

Р о з е н к р а н ц. Цæуыл?

Г а м л е т. Ома, æз мæхи пайдайæн нæ, фæлæ сымах пайдайæн архайдзынæн. Уæвгæ мæ цавæрдæр былсæрфæн цы фæрстытæ кæны? Къаролы фырт сын цы дзуапп радта?

Р о з е н к р а н ц. Ды мæн былсæрфæнимæ барыс, принц?

Г а м л е т. О, дæу. Паддзахы фынджы сойтæ чи цъиры, хæрзиуджытæ чи исы, йæ лæмæгъдзинæдтæй йын чи пайда кæны. Æниу, уыдон йæ хуыздæр лæггадгæнджытæ сты. Къарол сæ йæ комы къулты бавæры, маймули куыд фæкæны, афтæ. Фыццаг уыдон баппары йæ дзыхмæ, ныхъуыргæ та сæ акæны æппæты фæстæ. Цы фæцъырдтат, уый йæ куы бахъæуы, уæд уæ райсы, ныллæмары уæ, æмæ хусæй аззайут ног службæйæн.

Р о з е н к р а н ц. Æз дæ не 'мбарын, принц.

Г а м л е т. Уый мын æхсызгон у. Хинæйдзаг ныхас æдылы хъусы фынæй кæны.

Р о з е н к р а н ц. Милорд, ды хъуамæ махæн зæгъай, кæм ис мард, стæй немæ ацæуай къаролмæ.

Г а м л е т. Мард къаролы зæххыл ис, фæлæ къарол марды зæххыл нæма ис. Æниу ам цы роль хъазы къарол?

Г и л ь д е н с т е р н. Уæдæ цы, принц?

Г а м л е т. Нолæй фылдæр нæ. Хонут мæ къаролмæ. Хъазтæ, мауал лæууат бирæ, æрбасуры уæ уæртæ бирæгъ.

*Ацæуынц.*

## *3-аг СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Æндæр уат галуаны.*
*Бацæуы Къарол йæ фæсдзæуинтимæ.*

К ъ а р о л

Фæцæуынц æм. Мард ссарын хъæуы тагъддæр.
Куы уа уæгъдибар, уæд тæссаг у тынг.
Тызмæг ныхас, тыхæй йæ нæй æфхæрæн.
Хуымæтæг адæм уарзынц уый, — цæстæй
Цы уынынц уыдон, не сбарынц уый зондæй.
Уынынц æфхæрд, фæлæ цæй тыххæй, уый сæм
Нымад нæ вæййы. Бавдисæм хъуыддаг
Мах афтæ: принц кæй цæудзæн балцы
Йæ паддзахадон службæйы фæдыл,
Уый рагæй уыд зындгонд. Æгъуыстаг низ

Дзæбæх кæнынц тæккæ тыхджындæр хостæй.

*Бацæуы Р о з е н к р а н ц.*

Цы базыдтат? Цы хабæрттæ ис уым?

Р о з е н к р а н ц

Нæ бон нæу ссарын мард.

К ъ а р о л

Кæм и йæхæдæг?

Р о з е н к р а н ц

Фæсдуар лæууы. Цæстдард æм ис дзæбæх.

К ъ а р о л

Уæдæ йæм уæд фæдзурут.

Р о з е н к р а н ц

Гильденстерн!

Ærбакæн æй.

*Бацæуынц Г а м л е т æмæ Г и л ь д е н с т е р н.*

К ъ а р о л

Кæм и Полоний, Гамлет?

Г а м л е т. Æхсæвæры.

К ъ а р о л. Æхсæвæры? Цавæр æхсæвæры?

Г а м л е т. Йæхæдæг кæм хæры, уым нæ, фæлæ йын йæхи кæм хæрынц, уым. Ныртæккæ йыл ærбадтысты æнæхъæн аргъуаныдзаг политикон уаллæттæ. Чи цы фæнды дзурæд, фæлæ уаллон алы хицауадæн дæр йæ фидардæр гæнах у. Мах хæссæм алы фосы мыггаг, цæмæй нæхи хæссæм сæ фыдæй, нæхи та хæссæм уаллæттæн. Нард къарол уа, æви стджытæ æмæ цармæй конд мæгуыр уа, — уæлдай сæ нæй, уыдон сты фынгыл æвæрд дыууæ тæбæгъы, сæ кæрон та иу у.

К ъ а р о л. Уæууа! Уæууа!

Г а м л е т. Къаролæй чи фæминас кодта, уыцы уаллонæй ис кæсаг æрцахсæн, уаллон чи бахордта, уыцы кæсаг дæр ис бахæрæн.

К ъ а р о л. Уымæй цы зæгъинаг дæ?

Г а м л е т. Ærмæст уый, æмæ къаролæн йæ бон у мæгуыргуры тъæнгты тезгъо кæнын.

К ъ а р о л. Кæм и Полоний?

Г а м л е т. Уæларв. Арвит æм. Кæй арвитай, уый йæ куы нæ ссара, уæд æй дæхæдæг æндæр ран бацагур. Кæд мæйæ раздæр нæ разына, уæд æй дæ фындз ссардзæн йæ тæфæй галереймæ бацæуæны.

К ъ а р о л *(кæмæндæр йæ фæсдзæуинтæй).* Кæм зæгъы, уым æй фенут.

Г а м л е т. Тынг дæм кæсы æнхъæлмæ.

*Ф æ с д з æ у и н т æ ацæуынц.*

К ъ а р о л

Ныккалдтай туг, — уый домы махæй, Гамлет,
Цæмæй дæхæдæг баззайай æгас,
Дæу арвитын æвæстиатæй дардмæ.
Фæтагъд кæн. Денджызгæрон нау.
Уæд ацы дымгæ уе 'мбæлццон. Командæ
Кæсы дæумæ — у Англисмæ дæ балц.

Г а м л е т

Мах — Англисмæ?

К ъ а р о л

О, Англисмæ.

Г а м л е т

Иттæг хорз.

К ъ а р о л. Нæ хъуыдытæ нын куы зонис, уæд æцæгæйдæр афтæ зæгъис.

Г а м л е т. Уæ хъуыдытæ уын чи уыны, уыцы херувимы уынын. — Уæдæ афтæ, — цæуæм Англисмæ! — Хæрзбон у, мæ зынаргъ мадыхай.

К ъ а р о л. «Зынаргъ фыд» зæгъинаг дæр дæ, Гамлет?

Г а м л е т. Нæ — мад. Фыд æмæ мад — лæг æмæ ус, лæг æмæ ус та удæй дæр, буарæй дæр иу сты, уымæ гæсгæ уæлдай нæу, кæмæ сæ дзурон: хæрзбон, мæ мадыхай. — Уæдæ, — Англисмæ, — æгъгъи, уæдæ! *(Ацæуы.)*

К ъ а р о л

Йæ фæдыл тагъддæр. Йемæ науы сбадут.
Тæккæ абон дымд-далагъан фæуæд.
Хæрзбон. Фыстæджы — хабæрттæ бæлвырдæй,
Æгъдау куыд домы, афтæ. Тагъд кæнут.

*Р о з е н к р а н ц æмæ Г и л ь д е н с т е р н ацæуынц.*

Æмæ кæд, Англис, аргъ кæныс мæ уарзтæн
Ды уыйбæрц, цас у бадомын мæ бон, —
Цы нос дыл баззад Данийæн йæ цирхъæй,
Кæд ма уый дуды, коммæгæсæй ды
Кæд фидыс хъалон, ма сфæнд кæн уæд сайын, —
Мæ бардзырдæн йæ алы дамгъæ дæр

Йæ нысан ссарæд. Гамлеты дæ къухмæ
Дæттын, æмæ йæ сусæгæй ныммар.
Мæ фæнд мын, Англис, сæххæст кæн. Мæ туджы
Пæлхъ-пæлхъ кæны цæдждзинагау йæ тас.
Мæн фервæзын кæн й' агъуыд зынгæй, Англис.
Нæй цард мæнæн, нæй бонырухс мæнæн.

*(Ацæуы.)*

## *4-æм СЦЕНÆ*

*Данийы быдыр.*

*Бацæуынц Фортинбрас, капитан æмæ æфсад.*

Фортинбрас

Салам æрвитын Данийы къаролæн.
Зæгъ-иу мæ номæй, капитан, — цæуы
Трактатмæ гæсгæ Фортинбрас йæ зæххыл.
Кæм уыдзæн не 'мбырд, зоныс уый. Зæгъ-иу ын,
Мыййаг, нæ сæр æй бахъуыди, зæгъгæ,
Уæд мах йæ сидтмæ 'рлæудзыстæм йæ фарсмæ.
Фæндараст у.

Капитан

Цæуын.

Фортинбрас

Хæстонтæ, размæ!

*Фортинбрас æфсадимæ ацæуы. Бацæуынц Гамлет, Розенкранц, Гильденстерн æмæ иннæтæ.*

Гамлет

Кæй æфсад у?

Капитан

Норвегæгты, уæздан лæг.

Гамлет

Кæй ныхмæ цæут?

Капитан

Польшæйы ныхмæ.

Гамлет

Уæ балхон чи у?

Капитан

Фортинбрас, къаролæн
Йæ рухсаггаг æфсымæрæн йæ фырт.

Г а м л е т
Æппæт Польшæйы бацахсынмæ хъавут,
Æви дзы иу хай байсдзыстут æрмæст?
К а п и т а н
Æргом зæгъын — йæ койы аккаг нæу, —
Цы зæххы гæппæл бацахсынмæ хъаваем, —
Арендæйы уый фондз дукатыл æз
Нæ райсин. Польшæ, йе Норвеги уый дæр
Нæ райсиккой, уæй йæ куы кæной, уæд.
Г а м л е т
Æмæ йæ уæд цæмæн хъахъхъæны Польшæ?
К а п и т а н
Æрфидар уым гæрзифтонг гарнизон.
Г а м л е т
Дæсгай минтæ æхца, дыууæ мин уды
Мæ уафсы йас зæххы гæбазыл ратт!
Æрдзæй рахæссы адæймаг йæ гуырдзы
Хъæдгом — цæрдзæн æнæнизæй дзæбæх,
Стæй иуахæмы уыцы хъæдгом сриссы,
Йæ зонд, йæ уд ын бахгæны хæфæй,
Æмæ дын уый цæрдтытæй хъазт. Сэр, бузныг.
К а п и т а н
Хуыцау дæ хизæд.
*(Ацæуы.)*
Р о з е н к р а н ц
Мах дæр цом, милорд.
Г а м л е т
Æййафдзынæн уæ фæндагыл, цæугæут.
*Гамлетæй фæстæмæ иннæтæ ацæуынц.*
Мæ алыварс цыдæриддæр ис, уый
Кæны фæдисхъæр: «Райс дæ туг, æнамонд!»
Фæлæ кæмæ нæй фын æмæ хæрдæй
Æндæр бæллиц, уый адæймаг нæй схонæн.
Æвæццæгæн, мах чи сфæлдыста, уый
Лæгæн йæхи æмбарыны фарн радта,
Æмæ гъе уыцы диссаджы лæвар
Куы фесафæм, уæд фосы хуызæн свæййæм.
Цы чындæуа? Куы 'взара лæг лыстæг
Йæ митæ, уæд цы рамбулдзæн? Йæ ныфсæй

Æртæ хатты фылдæр фæуыдзæн тас.
Уæдæ ма уæд цæмæн кæнын фæстиат,
Кæд ис æхсар, тых, бар æмæ æфсон?
Кæй дæн æгуыдзæг, ууыл дзуры алцы, —
Мæ рæзты мæнæ хотыхджын æфсад
Цæуы, кæны йын буцхаст принц командæ,
Фæлæ йæ хъал цард кады фæдыл уый
Мæлæт æмæ хъысмæты къухмæ радта
Зæрдæрухсæй, гъе афтæмæй та нæу
Йæ хъавд, йæ хъуыддаг айчы хъузджы аргъ дæр.
Лæгау лæг уый у, чи нæ кæны дих
Хъуыддæгтæ стыртæ 'мæ чысылтыл, —
Фæлæ куы уа хæрз чысыл дæр тæссаг
Йæ намысæн — хъæмпы халыл дæр тохы
Æвзыгъд, æдæрсгæ бацæудзæн. Æз та?
Мæ фыд фæмард, фæхудинаг мæ мад та,
Фыцы мæ маст. Гъе фæлæ бад æнцад,
Дæ комивазгæ кæс кæйдæр æфсадмæ,
Йæ туг дзæгъæлы чи калдзæн рæхджы,
Хуыссæны бæсты ингæны хуыссынмæ
Цæттæ чи у, кæй сайы кады 'рттывд,
Гъе афтæмæй цы зæххыл хæцынц, уый та
Дыууæ минæн ингæнты фаг дæр нæу.
Мæ фæнд, мæ туджы арвынæрдау нæр,
Йе дæ йæхимæ мемæ айсæд мæр.

*(Ацæуы.)*

### *5-æм СЦЕНÆ*

*Уат галуаны. Бацæуынц К о р о л е в æ æмæ Г о р а ц и о.*

К о р о л е в æ
Нæ дæн ныр ууыл.
Г о р а ц и о
Хъæр кæны 'мæ ардæм
Бырсы. Йæ чемы нæу æппындæр уый,
Тæригъæд бакæ.
К о р о л е в æ
Уагæры цы кодта?
Г о р а ц и о
Сæнттæ цæгъды, йæ фыды кой кæны,

Кæуы æмæ йæ риу æнæвгъау хойы,
Мæнг, дам, у дуне, адæм сты мæнгард,
Йæ ныхæстæ йын бамбарæн нæ вæййы,
Фæлæ лæмбынæг чи байхъуса, уый
Пырх хъуыдыты тæссонд æндах æрцахсдзæн,
Йæ гуыры змæлд, йæ сæры тылд, йæ каст
Йæхирдыгонау алчидæр æмбары.
Куыд акæнынц: æн' артæй нæй фæздæг, —
Мæгуыр чызджы æвирхъау сусæг мары.

К о р о л е в æ

Уæдæ йæ фенон. Не знæгтæ, тæрсын,
Йæ уавæрæй куы спайда кæной махæн
Нæхи ныхмæ. Фæдзур-ма йæм.

*Г о р а ц и о ацæуы.*

Фæллад
Æмæ рынчын уд алцæмæй дæр стъæлфы.
Æз дæн мæ сусæг аххосæн мысан,
Æмæ уынын фыдбылызы нысан.

*Бацæуынц Г о р а ц и о æмæ О ф е л и я.*

О ф е л и я

Кæм и нæ бæсты фидауц королевæ?

К о р о л е в æ

Офелия, цы кæныс?

О ф е л и я *(зары)*

О, дæ уарзоны уæддæр
Ныр куыд базондзынæн æз?
Ис ыл скъуыд рон, худ — æвзæр,
Стæй хæтæнхуаджы пæлæз.

К о р о л е в æ

Мæ дзæбæх чызг, цы амоны дæ зарæг?

О ф е л и я

Ныууадзут ма мæ, дарддæр зарон æз.

*(Зары.)*

Амард леди, амард лæг,
Хуыссæны куы 'рхуыссыд,
У сæ цыртдзæвæн ныллæг,
Зарæг сæм нæ хъуысы.

К о р о л е в æ

Æрбайхъус-ма, Офелия...

О ф е л и я

Фæлæуу-ма...

*Бацæуы К ъ а р о л.*

К о р о л е в æ

Йæ тæригъæдмæ фехæлдзæни дур.

О ф е л и я

Урс мæрддзæгтæ, уарди — урс,
Æмæ мыл дзыназынц,
Ставд цæссыгтæ судзынц рус
Скæсын мæ нæ уадзынц.

К ъ а р о л

Цы хабар ис, куыд мын цæрыс, мæ къона?

О ф е л и я. Хорз, Хуыцау дын хорз ракæнæд. Дзурынц, уыг, дам, раздæр дзулгæнæджы чызг уыди. Гъемæ, уый фæстæ базон, цы нæм æнхъæлмæ кæсы, уый. Уæ минасыл Хуыцауы арфæ сæмбæлæд.

К ъ а р о л *(иуварсмæ).* Цыма йæ фыдимæ ныхас кæны, афтæ йæм кæсы.

О ф е л и я. Уый тыххæй дзурын нæ хъæуы. Фæлæ уæ исчи фæрсы, уый цы у, зæгъгæ, уæд зæгъдзыстут:

*(Зары.)*

О, Валентины бон сæумæ
Сæуæхсидты зæринмæ
Æрбацæудзынæн æз дæумæ,
Уыдзынæн Валентинæ.
Уый фегом кодта дуар æваст,
Æрттывта галуан авгау,
Сæхимæ раздæхт чызг, æрмæст
Чызг нал уыди фыццагау.

К ъ а р о л

Офелия, мæ къона!

О ф е л и я

Нæма кувын — фæуыдзынæн ныртæккæ.

*(Зары.)*

Йæ чъизи митæй лæг тæрсдзæн!
Фæлæ уый цалынмæ цæра, —
Æвзонг чызджытæн зиан хæсдзæн,
Æмæ кæндзысты 'рра.
Сынтæгыл мæ куы бырстай, уæд

Дзырдтай, кæй уарзыс фаг...
Уый та дзуапп дæтты:
Нывыл уыд саразæн хъуыддаг,
Фæлæ æгæр рог у дæ уаг.

К ъ а р о л. Рагæй афтæ у?

О ф е л и я. Æууæндын, уый хуыздæрмæ цæуы. Хъуамæ уон фæразон. Фæлæ мæ кæуын нæ уромын, уазал сыджыты йæ нывæрдтой, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд. Ме 'фсымæрæн фехъусын кæнын хъæуы. Бузныг, нæ фарсмæ кæй æрбалæууыдыстут. — Разил, мæ каретæ! Хæрзæхсæв, леди. Хæрзæхсæв, зынаргъ æхсинтæ. Хæрзæхсæв. Хæрзæхсæв. *(Ацæуы.)*

К ъ а р о л
Йæ фæстæ тагъддæр. Ма йæ уадзут уæгъд.

*Г о р а ц и о ацæуы.*

Уæззау æрхуымы марг. Бæрæг у й' аххос —
Йæ фыды зиан. Æнкъард хабæрттæ ныр
Кæлдзысты махыл иугæйттæй нæ — къордтæй.
Фæлæ, Гертрудæ, не 'намæндты сæр —
Йæ фыд æмæ дæ фырт, йæхи аххосæй
Æцæгæлон бæстæмæ чи 'рцыд сырд.
Стæй адæм. Скалд æппæт чъизи уæлæмæ,
Полонийæн цынæ 'взагæй кæнынц
Йæ марды кой. Дзæгъæлы йæ æмбæхстам.
Офелия у не 'ртыккаг бæллæх, —
Хуыст цæхæрау сты йе 'нкъарæнтæ иууыл,
Мах аууæттæ æнхъæлы, йе сырдтæ.
Фæлæ фыдты фыд: Францийæ æрбаздæхт
Лаэрт, æмбæхсы мах цæстæй йæхи,
Уый ардауынц дзæгъæлдзых, хахуыр адæм.
Фæлæ ам нал и азымджын, æмæ
Ныххуырсдзæни йæ туджы аххос махыл.
Мæ размæ бадынц сræмудзынæввонг
Гъе уыцы стыр фыдбылызтæ, Гертрудæ.

*Фæссценæ хъæлæба.*

К о р о л е в æ
Цæй хъæр у?

К ъ а р о л
Дуаргæстæ цы фесты? Уадз

Къæсæртæ хъахъхъæнæнт.

*Бацæуы Уæздан.*

Цы 'рцыди?

У æ з д а н

Æмбæхсгæ, паддзах! Денджызы цæхъал
Куыд пырх кæна йæ былгæрæтты ауæзт,
Дæ хъахъхъæнджыты афтæ пырх кæнынц
Лаэрт æмæ йæ бунтгæнджыты стыр къорд.
Сты сау адæм сæ фарс. Цыма ныронг
Нæ зыдтой цард, æмæ нæ уыди 'гъдау дæр —
Нæ фыдæлты æнæфехæлгæ фарн,
Гъе уыйау хъæр кæнынц: «Лаэрт - нæ паддзах!
Æгас цæуæд Лаэрт!» — æмæ сæ худтæ
Хæрдмæ æппарынц, къухæмдзæгъд кæнынц.

К о р о л е в æ

Фæд не ссаргæйæ, цин кæнынц! Фæстæмæ!
Фæрæдыдыстут, даниаг куыйтæ!

К ъ а р о л

Дуар басастой.

*Бацæуы Л а э р т гæрзифтонгæй, йæ фæдыл д а н и æ г т æ.*

Л а э р т

Кæм и къарол? — Сымах цæут, уæздæттæ.

Д а н и æ г т æ

Нæ цæуæм!

Л а э р т

Курын уæ — æдде лæууг.

Д а н и æ г т æ

Фод афтæ. Хорз, цæуæм.

*(Ахизынц къæсæрæй.)*

Л а э р т

Кæнæм уын арфæ.
Лæууг къæсæрмæ. — Фидиссаг къарол,
Кæм и мæ фыд?

К ъ а р о л

Æрсабыр у , Лаэрт.

Л а э р т

Кæд ис мæ туджы иу æртах дæр сабыр,
Уæд дæн дзæгъæлзад, уæд мæ фыд — уыди
Сыкъаджын, уæд мæ сыгъдæг мад дæр

Хæссы йæ ныхыл гадзджа сылы гакк.

К ъ а р о л

Лаэрт, фæлæуу, цы кæныс бунт гигантау?
Гертрудæ, ма тыхс, ницы мын кæндзæн.
Къаролы бар æрмæст Хуыцауы бар у,
Æмæ цыфæнды знагæн дæр йæ къух
Нæ бахъæсдзæни уымæ. Зæгъ æргомæй,
Цæуыл сагъуыдтæ афтæ тынг, Лаэрт?
Дзуапп ратт мæнæн. — Фæлæуу, Гертрудæ.

Л а э р т

Кæм и мæ фыд?

К ъ а р о л

Чырыны.

К о р о л е в æ

Нæу къарол
Уым аххосджын æппын.

К ъ а р о л

Фæрсæд мæ, уадз æй.

Л а э р т

Куыд амарди? Æрмæст фæливгæ нæ!
Мæ ардбахæрд, уæзданы хæс, цы бæтты
Сымахыл мæн — æппæтдæр уæнт æлгъыст!
Тæрсын мæ ма кæн. Бауæнд ды мæ дзырдыл:
Цæргæ æви мæлгæ — уæлдай мын нал у ныр.
Цы уа, уый уæд — æз райсдзынæн мæ фыдæн
Йæ туг.

К ъ а р о л

Дæу исчи уромы?

Л а э р т

Тæрхон
Хæссын мæхæдæг, ма тыхс мыл æппындæр,
Мæ туг исынæн ссардзынæн фæрæз.

К ъ а р о л

Дæ фыд куыд амард, уый фæнды дæу зонын?
Фæлæ, тæрсын — дæу акуырм кæндзæн маст,
Æмæ æваст куы схæццæ уой пырх къамтау
Лымæнтæ, знæгтæ, раст æмæ хæрам.

Л а э р т

Нæ, знæгтæ 'рмæст.

К ъ а р о л

Дæу фæнды сæ зонын?

Л а э р т

Уæдæ! Мæ зæрдæ ме ’мбæлттæн та — гом.
Мæ туг дæр æз ныккалдзынæн сæ сæрыл,
Куыд пеликан.

К ъ а р о л

Ныртæккæ дзурыс ды
Куыд фæдзуры уæздантуг æмæ хорз фырт.
Тагъд базондзынæ — аххосджын нæ дæн,
Уæ зианыл риссы хиуонау мæ зæрдæ.
Даниæгтæ *(фæссценæ)*
Фæндаг ын раттут!

Л а э р т

Чи кæны хъæлæба?

*Æрбаздæхт О ф е л и я.*

Мæ сæрымагъз мын бахус кæн, мæ маст!
Цæссыгты цæхх, фест авд хатты цæхджындæр,
Мæ цæстытæ мын басудз! Ард хæрын
Дæ маст дын райсдзынæн дывæрæй. Уарди,
Мæ чысыл чызг, Офелия, мæ хо!
Ау, уый та куыд? Зæронд лæгæн йæ мардау
Æртхутæг у æвзонг чызгæн йæ зонд?
Дæ уарзты æрдз йæ мон фидыц æвдисы,
Æмæ гъе уыцы фидыц та нывонд
Кæныс, кæй уарзыс, уымæн.

О ф е л и я *(зары)*

Йæ чырын гом уыди,
Гæпп-гæпгæнгæ цыди,
Мæ цæссыг донау калди,
Хæрзбон, мæ рæсугъд уарди.

Л а э р т

Дæ зонд дæхимæ ис, зæгъгæ, уæд мæм
Дæ мастисыны сидт афтæ тынг нæ хъарид.

О ф е л и я. Сымах-иу мемæ базарут: «Дзыхъмæ гæпп, хæрдмæ тæррæст, ма асæтт æлхуый æрмæст, зил мын, тагъддæр зил æмæ цард æууил». Уый мæнгард дуаргæс аскъæфта йæ хицауы чызджы.

Л а э р т. Сæнттæ цæгъды, фæлæ дзы ис бæлвырд хъуыды.

О ф е л и я. Мæнæ дын розмарин, цæмæй рох ма кæнай: айс, мæ лымæн, æмæ дæ зæрдыл дар. Адон та сты анютæйы цæстытæ: цæмæй хъуыды кæнай.

Л а э р т. Зондцухы зæгъинæгтæ: йæ зæрдыл цы дары, уый йæ хъуыдыимæ æнæскъуыйгæ баст у.

О ф е л и я. Мæнæ дын хъонтхора, мæнæ доны кæрдæг, мæнæ рута. Мæнæ дзы цалдæр сыфы мæнæн. Мадымайрæмы кæрдæг дæр æй фæхонынц. Æз мæхионы куыд дарын, сымах æй афтæ нæ, — æндæр исты хуызы дарут. Мæн фæндыд сымахæн фиалкæтæ раттын, фæлæ се 'ппæтдæр баруадысты, мæ фыд куы амард, уæд. Дзурынц, æнцонæй, дам, амард.

*(Зары.)*

Мæ удлæууæн Робин, мæ цæстыты рухс.

Л а э р т

Йæ хъыг, йæ зын æмæ ма суанг зындон дæр
Уый фестын кæны фидыцы тæмæн.

О ф е л и я *(зары).*

Ау, нал æрцæудзæн уый?
Ау, нал æрцæудзæн уый?
Уый амарди фæсвæд,
Æмæ æрцыд ныгæд.
Ныр та дæуæн — дæ рад,
Гъе афтæ конд у цард.
Йæ сæрыхъуынтæ — хус,
Уылæнтæ 'мæ сæнтурс.
Йæ уды тыххæй, аххх,
Хуыцаумæ кувæм мах.
Æмæ æппæт чырыстон удтæн дæр тæригъæд бакæн, Хуыцау! — Цæй, Хуыцауы уазæг ут. *(Ацæуы.)*

Л а э р т

Уынут? О, зæдтæ!

К ъ а р о л

Байхъус ма, Лаэрт.
Æз дæр уæ рыстæй риссын — бауувæнд ууыл,
Цæмæй æз сраст уон, уымæн ис гæнæн.
Дæ зондджындæр, хуыздæр хæлæртты равзар,
Уадз байхъусæнт æмæ хæссæнт тæрхон.
Кæд махмæ азым мисхалы бæрц ссарат,
Кæд сусæгæй, йе 'ргомæй кодтам зиан,

Уæд айс нæ цард, нæ паддзахад, коронæ,
Цы нæм ис, уый — дæ фыды тугмæ ды.
Уый нæй, уæд та дæхиуыл хæцын базон,
Цæдисæй иумæ ссардзыстæм фæрæз,
Дæ маст куыд райсай, уымæн.

Л а э р т

Хорз, æууæндын.
Куыд æрцыд мард, æмæ кæм и ныгæд,
Æгъдауæй йын цæуылнæ загътой рухсаг,
Цæуылнæ уыди шпагæтæ 'мæ герб
Йæ чырыныл фæткмæ гæсгæ, уыдæттыл
Нæ зæхмæ ниуы арв, æмæ йын дзуапп
Æз хъуамæ раттон.

К ъ а р о л

Ратдзынæ, æнæмæнг,
Дæ туджджынæн та — эшафот. Цæй, цом.

## *6-æм СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Æндæр уат галуаны. Бацæуынц Г о р а ц и о æмæ л æ г г а д г æ н æ г.*

Г о р а ц и о

Цымæ мæ сæр кæй бахъуыди?

Л æ г г а д г æ н æ г

Матросты.
Зæгъынц, цыма сæм ис фыстæг дæумæ.

Г о р а ц и о

Табуафси, фæлæ чи фыссы мæнмæ та?
Кæд Гамлетæй у? Уæдæ чи æндæр?

*Бацæуынц м а т р о с т æ.*

Ф ы ц ц а г м а т р о с. Хуыцау дын ахъазгæнæг уæд, сэр.

Г о р а ц и о. Дæуæн дæр ахъазгæнæг уæд..

Ф ы ц ц а г м а т р о с. Хуыцауæн йæхи фæндæд, æндæр ын йæ ахъазæй «нæ» нæ зæгъиккам. Мæнæ дæм фыстæг, хицау, Англисмæ æрвыст минæварæй, — кæд дæ æцæгæй, мæнæн куыд загътой, афтæ, Горацио хонынц, уæд.

Г о р а ц и о *(кæсы).* «Горацио, ацы фыстæг куы бакæсай, уæд дæм æй чи радта, уыдонæн феххуыс кæн, исты амалæй къаролмæ куыд бахауой. Уымæ сæм ис фыстæджытæ. Денджы-

зы дыууæ боны дæр нæ фестæм, афтæмæй нæ, тынг гæрзифтонг чи уыди, ахæм пираттæ расырдтой. Уыдонæн сæ нау тагъддæр цыди, æмæ мах бар-ænæбары хъæбатыр уæвын бахъуыди — атакæйы бацыдыстæм. Сыфцæй нæ куыд фæцæйластой, афтæ сын æз багæпп ластон сæ наумæ. Фæлæ уыцы уысм наутæ фæхицæн сты, æмæ афтæмæй иунæг æз бахаудтæн уацары. Абырджытæ мæм дзæбæх цæстæй кастысты. Фæлæ цы кæнынц, уый æмбæрстой. Хъуамæ сын æз истæмæн бабæззон. Къаролы номыл фыстæджытæ сæмбæлын кæн, стæй тæхгæ мæнмæ, цыма дæ мæлæт суры. Дæ хъусы дын бацæгъддзынæн, æгомыг дæ чи фæкæна, ахæм цалдæр ныхасы, кæд уыдон дæр æппæт рæстдзинад хæрз чысылæй уæлдай не 'вдисынц, уæддæр. Ацы хæрзгуырдтæ дæ бахæццæ кæндзысты, кæм дæн, уырдæм. Розенкранц æмæ Гильденстерн дарддæр ленк кæнынц Англисмæ. Уыдон тыххæй дæр дын бирæ цыдæртæ радзурдзынæн. Хæрзбон. Дæхи — ууыл гуырысхо нæ кæныс — Гамлет».

Цæй, цом, æмæ уæ фыстæджытæ раттут;
Ænхъæлмæ нæм сæ рарвитæг кæсы.

*Ацæуынц.*

## *7-æм СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Æндæр уат галуаны. Бацæуынц К ъ а р о л æмæ Л а э р т.*

К ъ а р о л

Æз раст кæй дæн, уый бамбæрста дæ зæрдæ,
Дæ хæс у ныр хæлар зæгъын мæнæй.
Ныр зоныс, чи дын амардта дæ фыды,
Гъе уый кæй хъавыд марынмæ мæн дæр.

Л а э р т

Уый хорз, фæлæ егъау хъуыддаг йæ фæдыл
Куыд нæ расайдта стыр змæлды уылæн,
Нæ бар æмæ æдасдзинад цы домы,
Гъе уыдæттæ цæуылнæ сты æххæст?

К ъ а р о л

Ис аххостæ, — кæсæнт дæумæ уæлæнгай, —
Ахъаззаг сты мæнæн: æнæ йæ фырт
Йæхицæн цард нæ саккаг кæндзæн не 'хсин.
Уый хорз у, 'взæр, — нæ зонын, — фæлæ нæй
Мæнæн мæ усæй хицæнгæнæн: иу стæм

Орбитæ æмæ стъалыйау. Фæрсыс —
Тæрхонгонд ын цæуылнæ цæуы ’ргомæй?
Хуымæтæг адæм сыстдзысты йæ фарс,
Æмæ йæ фыдгæнд фестдзæн сгуыхт сæ цæсты,
Сты адæм диссаг суадонау, йæ цæхх
Кæмæн кæны цъæх къалиутæй дæр дуртæ.
Тæссаг у змæнтын ахæм стыр куырм тых,
Кæннод уый уадау сыстдзæни, мæ фехст фат
Цыргъдæрæй здахдзæн марынмæ мæнмæ.

Л а э р т

Уæдæ мæ фыды мард æмæ мæ хойы
Æбуалгъ бæллæхтæ ферох кæнон æз?
Æппæлынæй уый нал сбаддзæн йæ гаччы,
Фæлæ мæ хо уыд а дунейы рухс.
Нæ, нæ! Мæ маст мæм сиды.

К ъ а р о л

Багъæц.
Æнхъæлыс мæн, æвæццæгæн, къодах, —
Цы тас мæм кæсы, уый æппын нæ хатын?
Мæ боцъойæ куыд ацахсдзысты мæн?
Стæй бамбар: уыд мæнæн дæ хорз фыд
Æрдхорд, æз та нæ дæн мæхицæн знаг, —
Цы дзурын, уымæй бамбар ды мæ уаг.

*Бацæуы Ф и д и у æ г фыстæгимæ.*

Цы хабар у?

Ф и д и у æ г

Фыстæджытæ, нæ паддзах,
Принц Гамлетæй. Æхсин æмæ дæумæ.

К ъ а р о л

Куыд? Гамлетæй? Кæмæй сæ райстай?

Ф и д и у æ г

Дзурынц, —
Æрбахаста сæ цавæрдæр матрос.
Мæнмæ сæ радта Клавдио, мæхæдæг
Нæ федтон уый.

К ъ а р о л

Кæд дæ фæнды, Лаэрт,
Уæд хъус, æз та кæсон. — Ды ацу.

*Ацæуы Ф и д и у æ г.*

*(Кæсы.)*

«Егъау æмæ хъомысджын, базон, мæн бæгънæгæй рахизын кодтой дæ паддзахады былгæронмæ. Райсом дæ курдзынæн бар дæ къаролон цæстыты цур æрлæууыны тыххæй, цæмæй, дæ узæлдæй разæнгард уæвгæйæ, радзурон мæ æвиппайды æмæ æнахуыр раздæхты хабæрттæ. Гамлет».

Ай циу? Фæстæмæ раздæхтысты се 'ппæт?
Мæнг у, æви хъуыддаг цæуы нывыл?

Л а э р т

Йæхи у къухфыст?

К ъ а р о л

Принцы къух, æнæмæнг.
Кæс-ма: «бæгънæг», бындæр та — «Иунæг» фыст.
Цы зæгъдзынæ? Куыд бамбæрстæуа адон?

Л а э р т

Нæ зонын, фæлæ фембæлын фæнды
Мæн уыимæ. Мæ рыст удæн æхцон у, -
Кæй дæтдзæн тагъд мæ цирхъы фындзæн дзуапп.

К ъ а р о л

Кæд афтæ у, — цæмæн кæнæм фæстиат?
Кæд афтæ у, — рæвдз у хъуыддаг, Лаэрт.
Цы хъæуа, уый дын амондзынæн.

Л а э р т

Амон.
Æрмæст мын ма скæ фидауыны кой.

К ъ а р о л

Цæй фидыд! Уый æрбаздæхти фæстæмæ,
Æмæ йæ ногæй чи фæсурдзæн ныр?
Фæлæ та æз æрхъуыды кодтон мадзал, —
Йæ сæр цъысымы бахаудзæн æваст,
Йæхи фæндонæй ссардзæни йæ адзал.
Нæ цæудзæн дам-дум дзыллæты 'хсæн уæд,
Нæ хинтæ нын нæ бамбардзæн йæ мад дæр, —
Цы гæнæн ис? Æнæнхъæл цау æрцыд.

Л а э р т

Мæ дзырд у фидар: дæн дæ къухы, паддзах,
Æнæсайд хотых.

К ъ а р о л

Уымæ цыд хъуыддаг.

Куы уыдтæ дард, уæддæр нæ рох нæ уыдтæ.
Дæуæй æппæлынц, Гамлетæй сæрæндæр
Кæй вæййыс арæх, фæлæ уый хæлæг
Дæумæ æрмæстдæр иу хъуыддаджы кодта, —
Уæвгæ, мæнмæ нæ кæсы уый сæйраг.

Лаэрт

Мæнмæ хæлæг?

Къарол

О, дæ шляпæйы бантмæ.
Æмæ цы кæны, фидауы дæуыл.
Æвзонг — æнæмæт, рог пæлæз фæдары,
Зæронд та низæй бамбæхсы йæхи
Йæ хъарм кæрцы. Нормандиаг уæздангуырд
Æрæджы ам уыд. Федтон æз, куыд нæ,
Французсæгты, сæ ныхмæ кодтон тох дæр, —
Нæй уыдонæн бæхыл хъазынмæ 'мбал.
Гъе фæлæ ай дæлимон уыди. Саргъыл
Уый бадти афтæ диссаджы рæсугъд,
Цыма йæ гуыр бынтондæр сиу бæхимæ.
Цы митæ кодта — радзурæн сын нæй,
Йæ фыны дæр лæг ахæмтæ нæ фендзæн!

Лаэрт

Нормандиаг?

Къарол

Нормандиаг уыд, о.

Лаэрт

Хæрын дын ард, — Ламонд.

Къарол

Ламонд йæхæдæг.

Лаэрт

Уый зонын æз: сыгъдæг налхъуыт-налмас,
Йæ бæсты кад.

Къарол

Дæу зоны, зæгъгæ, загъта,
Æмæ мын тынг æппæлыди дæуæй,
Куыд дæсны дæ рапирæтæй хæцынмæ, —
Уым нæй аккаг ныхмæлæууæг дæуæн.
Хылкъахтæ дыл куы сæмбæлынц, уæд, дам, сæ
Сывæллæттау рапирæтæй нæмыс.

Гъе уыцы кой дæ райхъуыст, æмæ Гамлет
Фыр хæлæгæй ныр нал кæны фынæй.
Куыддæр дæ ссара, — сиддзæн дæм хæцынмæ
Лæгæй-лæгмæ. Æмæ дын уый — æфсон.

Лаэрт

Æфсон? Æфсон цæмæн?

Къарол

Лаэрт, зæгъ мын,
Дæ фыды номæн аргъ кæныс зæрдæйæ,
Æви æрхæндæг ахорæнтæй конд
Нывау дæхи æвдисыс?

Лаэрт

Уый цы фарст у?

Къарол

Дæ фырты уарзт дын чи кæны дзырддаг?
Фæлæ æппæты хицау дæр рæстæг у,
Уый равдисы йæ иугæндзон цыды —
Нæ уарзт цы у: зынджы стъæлфæн, йе пиллон.
Ис уарзтæн та йæхи мидæг дæр сæг, —
Æгæр цы судза, свæййы сæг фæстагмæ,
Цы уа æгæр дзаг, уый былтæй кæлы.
Гъе уымæ гæсгæ афоныл кæнгæ у,
Цы кæнай, уый, кæннод æрбаддзæн сæг
Дæ хъавд æмæ дæ бæллицтыл. Фæндонтæ
Куы иуырдæм, куы иннæрдæм тæхынц,
Бон цалдæр хатты раивынц сæ мидис,
Æмæ хъуыддаг куы нæ кæнай цæфыл,
Уæд ма дæ фæсмон уыйфæстæ цы давы?
Цы пайда у цæссыг калын фæснозт?
Ныр афтæ — Гамлет ам ис, æмæ бавдис
Дæ уарзт æмæ дæ маст, — æрмæст ныхæстæй нæ.

Лаэрт

Уый аргъуаны дæр аскъуыдтæ кæндзынæн.

Къарол

Лæгмарæгæн нæфæтчиаг ран нæй,
Æмæ лæджы маст арæнтæ нæ зоны.
Зынаргъ Лаэрт, дæ хæдзары уал бад.
Кæй фæзындтæ, уый базондзæни Гамлет, —
Уынгæй-уынгмæ дæ кады кой цæудзæн,

Цы дæ дзырдта французаг, уый фæзмдзысты.
Хæцæн фæзы фæиу уыдзыстут стæй,
Уæ дыууæйыл ныхæй-ныхмæ хæснæгтæ
Æвæрдзысты. Уый хин кæнын нæ зоны,
Рæстуд, æнæмæт, — не 'ркæсдзæн лыстæг
Рапирæтæм, æмæ-иу ды фæцарæхс,
Йæ къæбæл сис дæхионы фындзæй,
Йæ хæстон цыргъ ын суæгъд кæн, стæй ныккал
Æнæвгъауæй дæ туджджыны туг.

Л а э р т

Тынг хорз.
Фæкæндзынæн ын маргхъæстæ йæ цыргъ,
Æз ахæм сæрдæн балхæдтон æрæджы, —
Йæ хъæстæ кард фæлыг кæнæд æнгуылдз —
Лæг амæлы, нæй хос йæ ныхмæ ссарæн.
Æмæ дзы æз мæ рапирæйы фындз
Куы байсæрдон, уæд рог цæррæмыхст фаг у,
Цæмæй фæмард уа.

К ъ а р о л

Ахъуыды хъæуы,
Цы кæнæм, уый фæстиуджытыл дзæбæхдæр.
Зæгъæм, нæ пълан у урс æндæхтæй хуыд, —
Йе фехæлдзæн, йе разындзæн æддæмæ.
Цы уыдзæн уæд? Æндæр тыхджын фæрæз
Мах хъуамæ дарæм ивтонгæй йæ бæсты.
Чысыл фæлæуу, æз ахъуыды кæнон.
Æгъгъи, цæттæ у. Стыр зынаргъ хæснæгтæ
Æвæрæм мах...
Куы стæвд уа тохы — уый тыххæй та кæн
Йæ ныхмæ карздæр, арæхдæр атакæ —
Уæд чи зоны, 'мæ бацагура дон,
Æмæ йын нуазæн авæрдзынæн ахæм,
Йæ иу хуыппæй дæр чи мары лæджы.
Зæгъæм, дæ цæфæй фервæзт, фæлæ уымæй
Нæй фервæзæн. Уый чи хъæр кæны уым?

*Бацæуы К о р о л е в æ.*

А, Королевæ!

К о р о л е в æ

О, сау бон! Иу фыд иннæйы æййафы.
Мæ хур Лаэрт, Офелия фæдæлдон.

Л а э р т
Фæдæлдон? Кæм? Нæй уымæн, нæй, уæвæн!
К о р о л е в æ
Йæ урс сыфтæртæй донимæ кæм хъазы
Хæрис, гъе уырдæм бацыди, мæгуыр.
Цынæхуызон кæрдæджытæ æртыдта —
Пысыра, уарди, орхидей, ирис
Æмæ æнахуыр зайæг хал, чызджытæ
Уый «Марды ныхтæ» рахуыдтой кæддæр,
Нæ фыййæуттæ та — «Уасæджы сырх къоппа».
Хæрдгæхуыдтау йæ кæрдæджытæ баста,
Фæлыста дзы Офелия бæлас,
Фæлæ йæ къалиу асаст, æмæ хъуыммæ
Йæ дидинджыты хуынтимæ ныххауд.
Уысмы бæрц æй йæ дымст къаба нæ уагъта
Ныгъуылын, — донычызгау уый
Уылæнтæ хастой, рагон зарæг зарыд,
Цыма æппындæр не 'нкъардта йæ тас,
Цыма уыди уый доныцæрæг, афтæ.
Фæлæ цыбыр уыд уыцы уысм, уæууæй,
Йæ къаба уайтагъд ахуылыдз, æмæ йæ
Йæ зарæджы бæрзонд зæлтæй бынмæ
Мæлæты ламимæ фæласта.
Л а э р т
Дон æй
Фæласта!..
К о р о л е в æ
О, фæласта.
Л а э р т
О, мæгуыр
Офелия, æппæт дон дæу куы баци,
Куыд æй кæнæм цæстысыгтæй фылдæр?
Фæлæ кæлынц. Æрдз худинаг нæ зоны,
Æмæ кæуын. Хæрзбон, къарол. Мæ уды
Цырен арт судзы, афтæмæй мыл худы
Лæмæгъдзинад.
К ъ а р о л
Гертрудæ, æз цæйбæрц
Тых схардз кодтон, цæмæй йæ маст æрхуысса.

Тæрсын — уый ногæй сагъуыйдзæни. Цом Йæ фæдыл.

*Ацæуынц.*

## ФÆНДЗÆМ АКТ

### *1-аг СЦЕНÆ*

*Эльсинор. Уæлмæрдтæ.*

*Бацæуынц д ы у у æ и н г æ н к ъ а х æ д ж ы белтимæ.*

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Æмæ раст у, йæхæдæг æнусон удыбæстæ чи бацагуырдта, уый чырыстон ныгæд кæнын?

Д ы к к а г и н г æ н к ъ а х æ г. Æвæццæгæн, раст у. Æмæ йын рæвдздæр къах йæ ингæн. Слестгæнæгæн æй равдыстой, æмæ уынаффæ рахастой: чырыстонау ныгæд æрцæуæд.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Уый та куыд, мыййаг, æнæбары куы нæ фæдæлдон ис?

Д ы к к а г и н г æ н к ъ а х æ г. Сæ уынаффæ ахæм у.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Уавæр бæлвырдæй зонын хъæуы. Æнæ уымæй закъон нæй. Кæд æз мæхи барæй фæдæлдон кодтон, уæд уый у архайд, æмæ алы архайдæн дæр ис æртæ статьяйы: иу — сфæнд кодтон, дыккаг — æххæст кæнынмæ бавнæлдтон, æртыккаг — сæххæст кодтон. Уæдæ ма цы, чызг йæхи доны йæхæдæг баппæрста.

Д ы к к а г и н г æ н к ъ а х æ г. Гъы, бакæсут-ма ацы зондджын ингæнкъахæгмæ...

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Дзæгъæлы худыс. Гъа, мæнæ дын ай дон. Хорз. Мæнæ, зæгъæм, лæг фæцæуы донмæ æмæ дзы йæхи баппæрста. Фæнды дæ, нæ фæнды — уый уæддæр цæуы, гъе, гъе уый мидæг ис хъуыддаг. Фæлæ кæд дон йæхæдæг цæуы уымæ æмæ йæ дæлдон кæны, уæд уæдæ йæхи нæ амардта. Ардыгæй хатдзæг: йæ мæлæты аххосджын чи нæ у, уый йæ цард йæхæдæг нæ бабын кодта.

Д ы к к а г и н г æ н к ъ а х æ г. Æмæ уый закъон у?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Уæдæ: уголовон закъон.

Д ы к к а г и н г æ н к ъ а х æ г. Рæстдзинад зонын дæ фæнды? Уæздан мыггагæй куы нæ уыдаид, уæд чырыстон ныгæд никуы 'рцыдаид.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Раст зæгъыс. Æмæ хъыг уый у лæгæн. Сыгъдæг публикæ йæхи доны æппарæд æмæ ауындзæд,

цас сæ фæнды, уыйас, мах хуызæн мæгуыр та хъуыды кæнын дæр ма уæндæд ууыл. Гъемæ хорз. Бел райсын афон у. Уæздæтты тыххæй та афтæ — дыргъдонмæзилджытæй, зæхкусджытæй æмæ ингæнкъахджытæй рагондæр уæздæттæ нæй. Уыдон уидаг суанг Адамæй цæуы.

Дыккаг ингæнкъахæг. Æмæ уый уæздан уыди?

Фыццаг ингæнкъахæг. Уымæй раздæр кусæндзаума никæмæ уыдис.

Дыккаг ингæнкъахæг. Цæй, дзæнгæда ма цæгъд, ницы йæм уыди.

Фыццаг ингæнкъахæг. Муртакк дæ, æви цы дæ? Сыгъдæг фыст куыд æмбарыс? Фысты загъд ис: «Адам къахта зæхх». Ау, къухтæй йæ къахта? Мæнæ ма дын иу фарст. Æрмæст раст дзуапп дæтт, æндæра...

Дыккаг ингæнкъахæг. Гуыпп кæн, фæрс.

Фыццаг ингæнкъахæг. Дурамайæг, науаразæг æмæ пълотникæй фидардæр исчи исты аразы?

Дыккаг ингæнкъахæг. Ауындзæнаразæг. Уыцы цæрæнуат, чи йæм бахауы, уыдонæн се 'гасæй дæр фылдæр цæры.

Фыццаг ингæнкъахæг. Хуыцауыстæн, зондджын дæ. Ауындзæн — уый хорз у. Фæлæ кæмæн? Йæ хъуыддаг æвзæр кæмæн у, уымæн хорз у. Дæу хъуыддаг дæр æвзæр у, — ауындзæн аргъуанæй фидардæр схуыдтай. Гъемæ, ауындзæн дæуæн хорз у. Ногæй райдайæм, æцæг ныр та ды фæрс.

Дыккаг ингæнкъахæг. Дурамайæг, науаразæг æмæ пълотникæй фидардæр исчи исты аразы?

Фыццаг ингæнкъахæг. Дæхæдæг æй зæгъ, æмæ мæ ныхъхъуыдты уадз.

Дыккаг ингæнкъахæг. Зæгъдзынæн æй.

Фыццаг ингæнкъахæг. Бавзар.

Дыккаг ингæнкъахæг. Нæ зонын, чи.

*Бацæуынц Гамлет æмæ Горацио, дæрддзæфгомау æрлæууынц.*

Фыццаг ингæнкъахæг. Дæ сæрымагъз ма хъизæмар кæнын кæ. Хæрæджы цас фæнды нæм, йæ цыд нæ фæтагъддæр кæндзæн. Иннæ хатт дæ ацы хъуыддагыл куы фæрсой, уæд-иу дзуапп ратт: ингæнкъахæг. Йæ арæзт хæдзæрттæ фæлæудзысты хъаймæты бонмæ. Цæй, хорз. Суай-ма, æфсымæр, Иогенмæ æмæ мын æрбадав нозт иучысыл авджыдзаг.

*Дыккаг ингæнкъахæг ацæуы.*

*(Къахы æмæ зары.)*

Æз ме ’взонг бонты уарзтон, охх,
Рæсугъд чызджыты тынг,
Уысм дæр нæ кодтон уыдон рох,
Сыгъди мæ туджы зынг.

Г а м л е т. Ау, ацы худæджы лæг йæ куысты уаг не ’мбары, æмæ афтæмæй, ингæн къахгæйæ, зары?

Г о р а ц и о. Уый йæ куыстыл сахуыр, уыдæттæ йæм нал хъарынц.

Г а м л е т. Æрдз афтæ конд у: къух цалынмæ сфæлтæра, уæдмæ рисгæ кæны.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г *(зары).*

Фæлæ æрбахъуызыд мæнмæ
Зæронды бон æваст,
Мæ къух мын райста уый, æмæ
Цыдæр фæци мæ уарзт.
*(Сæппæрста сæрыкъуыдыр.)*

Г а м л е т. Уыцы сæрыкъуыдыры мидæг кæддæр уыди æвзаг, зыдта зарын. Ацы æнаккаг та йæ зæххыл хойы, цыма адæймаг зæххыл фыццаг чи амардта, уыцы Каины æфсæр у, уыйау. Ацы хæрæг хынджылæг кæмæй кæны, уый, чи зоны, уыди, Хуыцауæн йæхи дæр асайынмæ чи хъавыди, ахæм политикы сæр. Раст нæ зæгъын?

Г о р а ц и о. Чи зоны, милорд.

Г а м л е т. Кæнæ галуанмæ хæстæглæуд исты фæсдзæуины. Уый-иу дзырдтаид: «Дæ райсом хорз, нæ рухс, нæ цытджын паддзах. Куыд у дæ зынаргъ æнæниздзинад?» Хуыдтой йæ ахæм æмæ ахæм кънйаз, æмæ æппæлыди цавæрдæр кънйазæн йæ бæхæй, исты лæвар дзы цæмæй расайа, уый тыххæй. Раст нæ зæгъын?

Г о р а ц и о. Раст, принц.

Г а м л е т. Афтæ у, уæдæ. Ныр та мæнæ æнæ ’фсæртæй лæууы, аргъуангæс ын йæ сæргæхц хойы белæй. Диссаджы ивддзинæдтæ цæуы, æрмæст уыцы ивддзинæдты сусæгæн базонæн нæй. Цæмæн хъуыди ацы стджыты хъомыл кæнын, — цæмæй сæ уыйфæстæ хъæл æмæ лæдзæгæй хъазой? Мæхи стджытæ уыцы хъуыдыйæ риссын райдайынц.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г *(зары).*

Цæй, райс дæ цыргъ бел, нæй гæнæн,
Æмæ къахгæ зæхх.
Зæрондæн сараз ды ингæн, —
Æрхуысса дзы дзæбæх.
*(Сæппæрста æндæр сæрыкъуыдыр.)*

Г а м л е т. Уæртæ-ма иу. Цæуылнæ хъуамæ уа уый закъонæвæ-рæджы сæрыкъуыдыр? Кæм сты ныр йе 'нгуыртæ æмæ йæ фæдфæливæнтæ, йæ къæппæджытæ æмæ йæ хинтæ, йæ зондамонæн ныхæстæ, йæ казуистикæ? Цæмæн бары ацы гуырымыхъ лæгæн, йæ сæрыфæхстæ йын белæй кæй хойы, уый, цæуылнæ йæ æрлæууын кæны йе 'фхæрды фæдыл закъоны цур? Гм! Йæ рæстæджы уый уыдаид, зæххытæй сæудæджергæнæг, ælхæдта, уæй кодта, лæвæрдта сæ бæрæг мыздыл цъынды, стыр хæстæ, фиддонтæ, хъæстытæ, тæрхоны протоколтæ æмæ актты бын фæци. Йæ зæххытæй растæй-хæрамæй уыйбæрц пайдатæ уый тыххæй иста, ныр йæ сæр цъыфы цæмæй æвдыла, сыджытæй йæ тæккæ дзаг уæвгæйæ? Ау, йæ бирæ бынтæй мæнæ цы зæххы гæппæл балхæдта, йæ документтæй дыууæ уæлдайджытæй кæй бамбæрзой? Ælхæны-ны, уæй кæны, цъынды дæттыны тыххæй йæм цы бадзырдты гæххæттытæ уыди, уыдон мæнæ ацы асыччы нæ бацæуиккой. Ау, уыдоны хицауæн нæй уæрæхдæр бынаты æрхуыссыны бар?

Г о р а ц и о. Нæ, муры бæрц дæр нæ, милорд.

Г а м л е т. Цыма пергамент фысдзармæй кæнынц?

Г о р а ц и о. О, принц, стæй ма роды цармæй.

Г а м л е т. Уæдæ фыстæ æмæ родтæ уый тыххæй цæрынц, цæмæй сæ пергаменттæ кæной. Æз ацы хорз лæгимæ аныхас кæнон. — Ай кæй ингæн у, дæ ном цыдæр куы хуынди?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Мæн, сэр.
*(Зары.)*
Зæрондæн сараз ды ингæн, —
Æрхуысса дзы дзæбæх.

Г а м л е т. Æууæндын, дæу у, уымæн æмæ сайыс ингæнæй.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Ды та — æнæ ингæнæй. Уæдæ ай дæу нæу. Æз та йæ хуылфы дæн, — уæдæ сайгæ нæ кæнын.

Г а м л е т. Куыд нæ сайыс? Ингæны змæлыс æмæ дзурыс, мæн, дам, у. Уый та æгæстæн нæу, фæлæ мæрдтæн. Гъемæ сайыс, ингæны дæн, зæгъгæ.

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Уыцы сайд ингæны нæ баззайдзæн. Уый райгас уыдзæн æмæ мæнæй дæумæ ацæудзæн.

Г а м л е т. Къахгæ та йæ цавæр рæстуд лæгæн кæныс?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Никæмæн.

Г а м л е т. Уæд та цавæр сылгоймагæн?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Ницавæр сылгоймагæн.

Г а м л е т. Уæдæ кæй номыл у?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Раздæр, сэр, сылгоймаг чи уыди, ныр та, дзæнæты бадæд, йæ уд чи систа, уымæн.

Г а м л е т. Мæлæты бæлвырд не сты йæ ныхæстæ ацы магусайæн! Нæ, ацы адæмимæ къæрцхъусдæр уæвын хъæуы, науæд сын сæ хъуыдытæ рæстмæ не ’рцахсдзынæ. Хуыцауыстæн, Горацио, фæстаг æртæ азы бафиппайдтон: сау адæм уæздæттæн се счъилтыл æфсæрынц. — Рагæй кусыс ингæнкъахæгæй?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Æппæт афæдзы бонтæй уыцы бонæй фæстæмæ, нæ къарол Гамлет рухсыбадинаг Фортинбрасы куы абырста.

Г а м л е т.  Æмæ ууыл цас цæуы?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Æмæ уый нæ зоныс? Уый алы æдылы дæр зоны. Уый уыди раст уыцы бон, æрыгон Гамлет куы райгуырдис, ныр йæ зондæй чи фæцух æмæ Англисмæ кæй арвыстой.

Г а м л е т. Гъе уый дын, гъе. Цæмæн æй арвыстой Англисмæ?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Куыд цæмæн? Зондагур æй арвыстой. Уадз æмæ йæ ссара.Куы нæ йæ ссара, уæддæр уый уым бæллæх нæу.

Г а м л е т. Уый та куыд?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Уый та афтæ, æмæ  ничи ницы бафиппайдзæн. Уым се ’ппæт дæр йæхи хуызæн æрратæ сты.

Г а м л е т. Йæ зонд цæй аххосæй фæцыд?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Дзурынц, æнахуыр аххосæй.

Г а м л е т. Уæддæр цавæр аххосæй?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г.  Ахæм аххосæй, æмæ баздæхт æмæ йæ зонд фесæфта.

Г а м л е т. О, фæлæ йыл кæм цы  ’рцыди?

Ф ы ц ц а г  и н г æ н к ъ а х æ г. Куыд кæм? Нæхи даниаг зæххыл. Æз ныр дæс æмæ ссæдз азы дæн уæлмæрдты, чысылæй нырмæ.

Г а м л е т. Лæг цас фæлæудзæн сыджыты æнæбамбийгæйæ?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Куыд дын зæгъон. Лæг удæгасæй куы нæ бамбийа, — ныртæккæ ахæм мæрдтæ сарæх сты, ныгæнынмæ дæр нал фæбæззынц, — уæд иу аст, фараст азы бабыхсдзæн. Цармгæнæгыл ныхас дæр нæй — фараст азы фæлæудзæн.

Г а м л е т. Уый та иннæтæй цæмæй хицæн кæны?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Уымæй, сударь, æмæ йæ царм ахорæнтæ æмæ фæздæгæй афтæ ныххуыскъ вæййы, æмæ дзæвгар рæстæг дон йæхимæ нæ уадзы. Дон та, дæ зæрдыл æй бадар, дæу хуызæттæн сæ фыццаг знаг у, куы амæлай уæд . Кæннод мæнæ сæргæхц. Ацы сæргæхц, сэр, сыджыты фæлæууыди æртæ 'мæ ссæдз азы.

Г а м л е т. Кæй у?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Иу сæртæг æнæхуыцауы, йæ койы аккаг дæр нæу. Кæй йæ æнхъæлыс?

Г а м л е т. Нæ зонын.

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Мæ хæрæджы тъæнгтæ бахæрæд, емынæйы къæртт! Иухатт мын мæ сæрыл рейнаг сæны авг аскъæрдта, — цы ма зæгъдзынæ? Ацы сæргæхц, сэр, ацы сæргæхц Иорикы у, къаролы айуаны.

Г а м л е т. Ай?

Ф ы ц ц а г и н г æ н к ъ а х æ г. Ай йæхæдæг.

Г а м л е т. Æри-ма йæ, æркæсон æм.

*(Сæргæхц райста йæ къухмæ.)*

Мæгуыр Иорик! — Æз æй зыдтон, Горацио. Уый уыди тынг æрхъуыдыджын адæймаг, йæ цыргъзонд та — æнæкæрон. Мин хатты мæ хаста йе 'ккой. Ныр та зæрдæ кæмæй хæццæ кæны, лæг æлгъ кæмæ кæны, ахæм цыдæр сси. Ам хъуамæ змæлыдаиккой йæ былтæ, — уыдонæн цал хатты кодтон батæ, мæгъа. Цы фесты ныр дæ худæджы митæ, дæ хъазæн ныхæстæ, дæ куплеттæ? Кæм ис дæ æнæбауромгæ хъæлдзæгдзинад, фынгыл бадджыты худæгæй чи мардта? Ау, дæ худындзæгæй дæхимæ ницыуал аззад, цæмæй дæхиуыл ахудай? Бынтон куы æрлæмæгъ дæ. Цæй-ма, иу уæздан рæсугъд сылгоймаджы будуары смидæг у, æмæ йын зæгъ, цы йæм кæсы, уый, кæд йæ уадултæ дыууæ 'нгуылдзы бæзн сахоры, уæддæр. Ахудын æй кæн йæ фидæныл. — Горацио, иу хъуыддаг ма мын бамбарын кæн.

Г о р а ц и о. Цавæр хъуыддаг, принц?

Г а м л е т. Куыд дæм кæсы: Александр Македойнаг дæр сыджыты мæнæ ахæм уыдаид?

Г о р а ц и о. О, раст ахæм.

Г а м л е т. Æмæ афтæ тæф кодта? Фу!

*(Æвæры сæргæхц зæххыл.)*

Г о р а ц и о. О, афтæ, милорд.

Г а м л е т. Уæдæ адæймаг цас фыдцъылыз свæййы, Горацио! Александры æртхутæгæн рæстæг цы митæ кодта, уыдоныл дæ цæст ахæсс, æмæ йæ боцкъайыл къæрмæгæй ссардзынæ.

Г о р а ц и о. Уый ды æгæр лыстæг æвзарыс хъуыддæгтæ.

Г а м л е т. Æппындæр нæ. Уым æгæрæй ницы ис, предметмæ, аргъ ын кæн, афтæмæй дæ цæст дар, цы йыл æрцæудзæн, уый базоныны тыххæй. Зæгъæм: Александр амард, Александр ныгæд æрцыди, Александр æртхутæг сси, æртхутæг — зæхх, зæххæй исынц æлыг. Æмæ дзы цы æлыг равзæрдис, уымæй цæуылнæ ис бæгæныйы боцкъа байсæрдæн?

Сыджыт сси Цезæр дæр, кæддæр
Йæ кардæй чи кодта цæхгæр
Æппæт бæстæты хъысмæт лыг,
Уый сси ныр къулсæрдæн æлыг.

Фæлæ сабыр! Дарддæр ацæуæм! Уæртæ къарол.

*Бацæуы м æ р д д з ы г о й, хæссынц марды чырын, разæй — с а у д ж ы н, йæ фæстæ цæуынц Л а э р т, К ъ а р о л, К о р о л е в æ, ф æ с д з æ у и н т æ.*

Г а м л е т

Кæй ныгæнынц? Королевæ. Галуан...
Æгъдау куыд фехæлд! Чи бацыд мæрдтæм
Йæхи къухæй, гъе ахæмы фæхæссынц.
Уæздæттæй уыд. Цом, иуварсæй кæсæм.

*(Горациоимæ иуварс ацæуы.)*

Л а э р т

Куыд арвитдзыстæм марды 'гъдау рæсугъдæй?

Г а м л е т

Уæртæ дын уый — хæрзгуырд лæппу Лаэрт.

Л а э р т

Дæ зæрды ма цы бафтауын ис уымæ?

С а у д ж ы н

Мæнæй устав цы домы, уый æрмæст.

Æнæуый дæр æгъдауы сæрты хизæм.
Йæ мæлæт — талынг, хицауады сæр
Куы нæ нымаин, уæд ныгæд æрцæуид
Кæмдæр фæсфæд ран. Кувыны бæсты
Æхсиккой дуртæ дзыллæтæ йæ мардыл.
У ай чырын та дидинæгфæлыст,
Æмæ цæгъдынц дзæнгæрджытæ йæ фæстæ
Быруйы онг.

Л а э р т

Уæдæ фæци дæ куыст?

С а у д ж ы н

О, бакуывтам, куыд амыдта нæ фадат.
Фæлæ æгъдау фæчъизи уаид, мах,
Куыд фæзаræм æндæрты мардыл, афтæ
Куы азариккам реквием ныр ам.

Л а э р т

Ингæнмæ чырын! — Дидинджытæ ссæуæнт
Йæ сыгъдæг буар, æназым удæй ам!
Ды та, гуымиры сауджын, базон: арвыл
Мæ хо зæдау тæмæнкалгæ тæхдзæн,
Куы мæлай ды дæ хъизæмæртты.

Г а м л е т

Куыд?

Офелия?

К о р о л е в æ

Рæсугъддæрты рæсугъддæр.
Фынæй кæн сабыр. Гамлет æмæ дæу
Куыд фæндыд мæн рæсугъд бинонтæй фенын!
Цы дидинджытæй сфæлыстаин æз
Уæ сынтæг, уыдон ныр цæссыгтау калын
Дæ ингæнмæ.

Л а э р т

Бынсæфт фæуæд йæ сæр
Сæдæ хатты, кæй сау фыдæхæй бабын
Дæ цард, гъеуымæн. Ма калут сыджыт,
Фæстаг хатт æй мæ хъæбысы ныттухон.

*(Ныггæпп кæны ингæнмæ.)*

Ныгæнут йемæ удæгасæй мæн,
Лæгъз бынаты куыд февзæра егъау хох,

Ныллæг зындзысты уый цур Пелион
Æмæ Олимп.

Г а м л е т *(размæ рацыд)*

Уый чи 'вдисы йæ хъыг
Æгæр æргом? Кæй араугæ ærдиаг
Æрлæууын кодта стъалытæн сæ цыд,
Цæмæй кæсой йæ хъонцмæ? Æз цæттæ дæн,
Принц Гамлет Даниаг.

Л а э р т

Æлгъыст у, зин!

Г а м л е т

Нæ зоныс кувын. Ма мын хæц мæ хурхыл.
Тæвдтуг нæ дæн, фæлæ мæ хиз дæхи:
Æбуалгъ цыдæр мæ ис, æмæ куы скуса, —
Фæуыдзынæ фæсмойнаг. Айс дæхи!

К ъ а р о л

Хæцут сыл!

К о р о л е в æ

Гамлет, Гамлет!

И у у ы л д æ р

О, уæздæттæ!

Г о р а ц и о

Принц, курын дæ...

*Иргъæвынц сæ, схизынц ингæнæй.*

Г а м л е т

Цæуыл кæнæм быцæу,
Кæндзынæн тох кæры-кæронмæ ууыл,
Æрмæстдæр адзал бауромдзæн мæн.

К о р о л е в æ

Цæуыл кæнут быцæу, мæ фырт?

Г а м л е т

Йæ хойы
Цы уарзтæй уарзтон, уый ныхмæ цы у
Дыууиссæдз мин æфсымæры уарзт? Ницы.
Цы бакæнис йæ намысы сæрыл?

К ъ а р о л

Бынтондæр сагъуыд.

К о р о л е в æ

Мачи йæм æвналæд.

Г а м л е т

Фæрсын дæ æз, — цы саразис? Хæцис?
Сыдæй мæлис? Кæнис дæ дарæс скъуыдтæ?
Дзыназис? Бахæрис кæфхъуындар? Йе
Марг баназис? Мæн бон дæр у. Ды ардæм
Дæ цæссыг калынмæ æрцыдтæ, ау?
Мæ фыдæнæн ныггæпп кодтай ингæнмæ,
Цæрдудæй дыл куыд ныккалой сыджыт?
Æз дæр цæттæ дæн уыдæттæм. Ды кодтай
Хæхты кой. Разы дæн. Æрмæст мæнæн
Мæ ингæныл уæд ноджы стырдæр обау,
Йæ цъуппыл ын куыд æндзæва зынг хур,
Бызычъи фестдзæн уый цур уæд дæ хох дæр!
Хъæр кæнынæй дæр н' амбулдзынæ мæн.

К о р о л е в æ

Сæнттæ цæгъды, ныр не 'мбары йæхи дæр,
Æрсабыр уыдзæн — бабыхс ын чысыл,
Йæ базыртæ æруадздзæни, бæлон сæ,
Куыд æруадзы йæ лæппынтыл, раст афтæ.

Г а м л е т

Мæнæн ды хъуамæ бамбарын кæнай, —
Цы дæ дарын, цæй тыххæй мæм лæбурыс?
Æз уарзтон дæу, Лаэрт. — Уæвгæ ма цы, —
Дæу нал сраст кæндзæн Геркулес дæр. Бирæгъ
Йæ кæнон кæд ныууадздзæн, — уæд ды дæр.

*(Ацæуы.)*

К ъ а р о л

Дæ хорзæхæй, йæ фæдыл цу, Гораци.

*(Лаэртæн.)*

Цы дын фæдзæхстон, уый дæ зæрдыл дар
Æмæ уал быхс. Хъуыддаг цæуы кæронмæ. —
Гертрудæ, принцмæ дарын хъæуы цæст. —
Ныссадздзыстæм мах удæгас цыртдзæвæн
Дæ хойæн ам. Æмæ уал быхс. Гъестæй
Мах ракæсдзыстæм цинæйдзаг цæстæй.

*Ацæуынц.*

## *2-аг СЦЕНÆ*

*Уый дæр уым. Зал галуаны.*
*Бацæуынц Гамлет æмæ Горацио*

Г а м л е т

Æппæтдæр загътон. Ныр æндæр хъуыддаг.
Æппæт цаутæ дæр хорз дарыс дæ зæрдыл?

Г о р а ц и о

Куыд нæ ма, принц.

Г а м л е т

Мæ мидтох мын сырдта
Мæ хуыссæг. Къодах фестади мæ сынтæг,
Цыма уыдтæн хъадамантæй ælвæст.
Фæгæпп кодтон. Æгас цæуæд цырддзинад!
Æрра ми арæх фервæзын кæны
Мах уым, кæм вæййы раст хъуыды нæ сафæг.
Уый ууыл дзуры, æмæ ис Хуыцау,
Æнæ йæ барæй къахдзæф дæр нæй скæнæн.

Г о р а ц и о

Нæ амондæн, ис.

Г а м л е т

Акодтон мæ плащ
'Мæ рацыдтæн каютæйæ. Уыд талынг,
Фæлæ сæ ссардтон, рахастон пакет,
Тæрсгæ-ризгæйæ раздæхтæн фæстæмæ.
Куы раскъуыдтон пакеты мыхуыр æз,
Уæд мын лыскъзæрдæ паддзахы гадзрахат
Цыма цыргъ ныхтæй ацахста мæ хурх...
Фæлæ кæсын, Горацио, йæ бардзырд:
У Дани æмæ Англисæн тæссаг
Принц Гамлетæй, сæ сæфт æрцæудзæн уымæй.
Цыбырдзырдæй — куыддæр æрцæуон ахст,
Гъе афтæ мын куыд акъуырой фæрæтæй
Мæ сæр.

Г о р а ц и о

Нæу ууыл бауæндын мæ бон!

Г а м л е т

Йæ фыстæг мæнæ. Уыйфæстæ йæ бакæс.
Цы уыди дарддæр, радзурон дын уый?

Г о р а ц и о
Дæ хæрзæхæй.
Г а м л е т
Йæ къæппæг мæ æрцахсдзæн,
Уый хорз зыдтон, æмæ цы уыд гæнæн?
Ныффыстон текст, стæй рафыстон уый ногæй
Сыгъдæг. Кæддæр нæ уæздæттау æз дæр
Рæсугъд чи фыста, уыдоныл-иу худтæн,
Хæлдтон мæ къухфыст барæй. Фæлæ ныр
Куыд бахъуыд мæн, куыд мæ фервæзын кодта!
Цы ныффыстон, зæгъон дын уый?
Г о р а ц и о
Уæдæ!
Г а м л е т
Къаролы номæй æз ныффыстон бардзырд:
У махæн Англис хъалонфидæг, стæй
Нæ хæлардзинад пальмæйау рæсугъд у,
Мæнæуы 'фсир — нæ фидыды нысан,
Мæ фыстæджы ма бирæ хорз хъуыддæгтæ
Нымад цыдысты, — уыд сæ нысан иу:
Фыстæг кæмæ уыд, уыдон хъуамæ 'рцæуой
Æвæсмонæй, æнæ тæрхонæй мард.
Г о р а ц и о
Кæм дын уыди мыхуыр та?
Г а м л е т
Арв мын,
Æвæццæгæн, æххуысгæнæг фæци.
Мæ фыды мыхуыр мемæ уыд, нæ бæстæн
Йæ ныры мыхуыр уый нывыл у конд.
Пакет, куыд хъæуы, афтæ ногæй скодтон,
Мыхуыримæ, йæ мидæг та — мæ фыст, —
Цыма сывæллон баивтой æндæрæй.
Дыккаг бон нæм æрбабырста корсар.
Цы уыдис дарддæр, зоныс уый дæхæдæг.
Г о р а ц и о
Ау, Гильденстерн 'мæ Розенкранцы нау
Мæлæтмæ ласы?
Г а м л е т
Аххосджын — сæхæдæг.

Сыгъдæг у ме ’фсарм. Хин миты тыххæй
Уыдзæн сæ мæлæт уыдонæн хæрзиуæг.
Сæ хылы рæстæг хицæутты æхсæн
Сæ дæлбар лæг цæмæн тъыссы йæхи сæр?

Г о р а ц и о

Æмæ къарол та!

Г а м л е т

Бамбардзынæ ныр,
Куыд мæсты дæн. Чысыл фæкасти уымæ
Мæ фыды мард, кæй фæкодта æгад
Мæ мады, ноджы ма йæ бахъуыд
Мæ цард дæр, æмæ маргæйдзаг æнгуыр
Мæ фæдыл фехста сусæгæй, æнаккаг,
Цæмæй йæ тронæн ма тæрса мæнæй.
Мæн’ ацы къух ын тагъд тæрхон кæндзæни.
Цы ис æгаддæр - ахæм хъылма хæсс!
Йæ фесафын у комкоммæ мæ хæс.

Г о р а ц и о

Тагъд базондзæни, Англисы цы ’рцыди.

Г а м л е т

Уый раст у. Ис ма иучысыл рæстæг.
Уæвгæ нæ цард æнæхъæнæй дæр цас у?
Цæстыныкъуылд. Горацио, тыхсын,
Фæсмон кæнын, Лаэртмæ афтæ карзæй
Кæй сдзырдтон. Уымæн йе ’намонды æз
Уынын мæхи æнамонддзинад. Йемæ
Куы бафидауин, уый мæ тынг фæнды.
Йæ хъыг хъæрæй кæй æвдыста, æз ууыл
Æрбамæсты дæн.

Г о р а ц и о

Сабыр. Чи ис уым?

*Бацæуы О з р и к.*

О з р и к. Арфæ дын кæнын, дæ бæрзонддзинад, æгайтма Данимæ дзæбæхæй æрбаздæхтæ.

Г а м л е т. Арфæгонд у, сэр. *(Сусæгæй Горациойæн.)* Ацы саск чи у, уый зоныс?

Г о р а ц и о *(сусæгæй Гамлетæн).* Нæ, милорд.

Г а м л е т *(сусæгæй Горациойæн).* Д’ амондæн. Йæ зонынæй йе ’нæзонын — хуыздæр. Бирæ хъæздыг зæхх æм ис.

Фосæн фос-паддзах скæн, — йæ кæвдæс æрæвæрдзæн паддзахы галуаны цур. Ай у сыгъдæг цъиах, фæлæ йæм цъыф бирæ кæй ис, уымæ гæсгæ йæ схонæн ис уæрæх быдыртæ бацахсæг цъиах.

О з р и к. Фæлмæнзæрдæ принц, дæ бæрзонддзинад куы саккаг кæнид, уæд дын æз йæ иууылбæрзонддзинадæй цыдæр хабар фехъусын кæнин.

Г а м л е т. Сэр, уый æз мæ удыл мыхуыры хуызæн æрæвæрдзынæн. Фæлæ шляпæ цæмæн бæззы, уый дзы кæн. Йæ бынат сæр у.

О з р и к. Арфæ дын кæнын, дæ бæрзонддзинад. Тынг тæвд у.

Г а м л е т. Нæ, бауырнæд дæ, тынг уазал у. Дымы цæгатæй.

О з р и к. Æцæгæйдæр, уазалгомау у, раст зæгъыс.

Г а м л е т. Фæлæ уæддæр зæгъин, æвирхъау æнтæф æмæ æнуд у мæ гуырыкондæн.

О з р и к. Принц, никуы фендæуыд ахæм. Афтæ æнуд у, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Фæлæ дын, принц, йæ иууылбæрзонддзинады бардзырдæй хъусын кæнын, уый дæу тыххæй хæснаг кæны стыр æхцатыл.

Г а м л е т. Фæлæ уæддæр, курын дæ... *(Йæ худ ын ныккæнын кæны.)*

О з р и к. Нæ, уадз æй, бауудæнд мыл. Мæнæн афтæмæй хуыздæр у, бауырнæд дæ. Сэр, æрæджы галуанмæ фæзынд Лаэрт, æцæг джентльмен, хуыздæр миниуæгæй цы ис, — иу дæр дзы фæсте нæ ныууагъта, хæрзæгъдау адæмимæ, конд æмæ уындæй рæсугъд. Нывæфтыд ныхас кæнгæйæ, уый у адæймаджы уæлдæр æууæлты чиныг, уымæн æмæ йæм сты, уæздан лæджы зæрдæмæ цы фæцæуа, уыдон се ’ппæт дæр.

Г а м л е т. Сэр, дæ конд ныв æй æнæ исты хъаджджынæй æвдисы. Уæвгæ, мæнмæ гæсгæ, раст нæу йæ хæрзтæ иугæйттæй нымайын, лæг сæ йæ зæрдыл дзæбæх нæ бадардзæн, хъуыды сæ не ’ййафы, кæд сæ фæстæ дугъ кæны, уæддæр, фæлæ кадгæнæджы зæрдæбын ныхас зæгъын: æз æй нымайын тæккæ уæлдæр æмæ стæмдæр мыггагæй гуырд цæрæгудыл, ме ’фсарм — ме ’вдисæн, уыимæ абарæн ис æрмæстдæр йæхи хуыз, фæзмгæ йæ чи кæны, — уыдон та сты йæ æдзæллаг ауудæттæ, æндæр ницы.

О з р и к. Дæ бæрзонддзинад, тынг раст аргъ ын кæныс.

Г а м л е т. Уый цæй ныхмæ зæгъыс, сэр? Цæмæн чъизи кæнæм уыцы джентльмены нæ гуырымыхъ улæфтæй?

О з р и к. Сэр?

Г о р а ц и о. Цы нæ æмбæхсыс, уымæн æргомæй зæгъæн нæй? Бацархай, уæздан лæг.

Г а м л е т. Цæмæн ракодтай уыцы джентльмены кой?

О з р и к. Лаэрты?

Г о р а ц и о *(сусæгæй Гамлетæн).* Йæ дзырдарæхст фæцыдæр ис. Сызгъæрин ныхæстæ се 'гасдæр хардзгонд æрцыдысты.

Г а м л е т. О, Лаэрты, сэр.

О з р и к. Æз зонын, сымахæн сусæг нæу...

Г а м л е т. Мæн фæндид, цæмæй уый сусæг ма уа махæй... Уæвгæ, мæнæн цы уæлдай у, цыфæнды куы уа, уæддæр æз ницы рамбулдзынæн. Уæдæ, сэр?

О з р и к. Æз зонын, сымахæн нæу сусæг Лаэрты стыр арæхст...

Г а м л е т. Мæхи йын тæрхонгæнæг нæ кæнын, науæд мæ бахъæудзæн йемæ мæхи барын. Искæй хорз цæмæй зонай, уый тыххæй хи хорз зонын хъæуы.

О з р и к. Хæцæнгарзæй куыд дæсны арæхсы, ныхас, сударь, ууыл цæуы.. Иууылдæр дзурынц — æмбал ын нæй уыцы хъуыддаджы.

Г а м л е т. Цавæр хæцæнгарз æм ис?

О з р и к. Рапирæ æмæ хъама.

Г а м л е т. Дывæр хотых. Стæй ма ноджы цы?

О з р и к. Къарол æмæ уый, сэр, хæснаг скодтой: къарол æвæры æхсæз араббаг бæхы, уыдон ныхмæ та Лаэрт, — æз фехъуыстон, — æхсæз французаг рапирæйы æмæ хъамайы, семæ цы вæййы, уыдонимæ — рæттæ, портупейтæ æмæ æндæртимæ. Гузитæ — æртæ дыууæйы, æмбисонды рæсугъд фидауынц хотыхты хæцæнтыл, цыма аргъæуттæй æрхаудысты. Тынг дисаджы гузитæ, фæлыст сты зæриндаг æмæ алы зынаргъ хæзнатæй.

Г а м л е т. Гузитæ цы сты?

Г о р а ц и о *(сусæгæй Гамлетæн).* Фæрсын дæ бахъæудзæн, уый æмбæрстон.

О з р и к. Гузи, сэр, портупейы рон у.

Г а м л е т. Дæ ныхас дын бамбариккам, мах шпагæты бæсты сармадзантæ куы дариккам, уæд. Ныр та уал портупейтæ дæр уæнт. Фæлæ нæ ныхасæй иуварс нæ хизæм. Афтæ, уæдæ, æхсæз араббаг бæхы æхсæз французаг шпагæйы ныхмæ, семæ цы

вæййы, уыдонимæ, зынаргъ хæзнатæй фæлыст æртæ дыууæйы гузитæ. Æмæ уыйас хæснаггæгтæ цæй фæдыл æвæрынц, загътай?

О з р и к. Къарол, сэр, фидарæй дзуры, Лаэрт , дам, демæ дыууадæс хатты куы рацæуа хæцынмæ, уæд дзы æртæйæ фылдæр нæ рамбулдзæнис. Уый æвæры фарастыл дыууадæсы ныхмæ. Уый тынг тагъд сбæрæг уаид, дæ бæрзонддзинад дзуапп раттын йæ сæрмæ куы 'рхæссид, уæд.

Г а м л е т. Æмæ «нæ» куы зæгъон, уæд та?

О з р и к. Мæн уый фæндыд зæгъын, милорд: кæд ерысмæ сидтæн дзуапп раттис.

Г а м л е т. Сэр, æз залы рацу-бацу кæндзынæн. Кæд йæ иууылбæрзонддзинады фæнды, уæд архайæд, — ныр мæ улæфты рæстæг у. Рапирæтæ рахæссæнт. Кæд æвзонггуырд разы у, æмæ къарол йæ фæнд нæ аивта, уæд бацархайдзынæн, кæд мæ бон суа, уæд, йæ хæснаг рамбулыныл. Кæд нæ, уæд та мæнмæ æрхаудзæн æрмæстдæр худинаг æмæ мæ ныхмæлæууæджы цæфтæ.

О з р и к. Дæ ныхас дын, дæхæдæг æй куыд радзырдтай, афтæ радзурон?

Г а м л е т. Раст афтæ, сэр, арæсугъдтæ йæ кæн, дæхи цы фæнды, уый йæм бафтау.

О з р и к. Мæхи дæ бæрзонддзинады уазæг кæнын, мæ зæрдæ дыл никуы сивдзынæн, афтæмæй.

Г а м л е т. Иууылдæр дæу дæн, иууылдæр дæу дæн...

*О з р и к ацæуы.*

Йæхи йæхæдæг искæй уазæг кæй кæны, уымæй хорз кæны. Æндæр исчи йæ бæсты уый нæ бакæнид.

Г о р а ц и о. Фæтæхы, айчы хъузгæй рабырæг бæдул, йæ гыццыл сæрыл хъузг.

Г а м л е т. Бæлвырд у, йæ мады дзидзи дæр æнæ комплименттæй нæ дадта. Ахæмтæ сты, хицауы цур чи ныкъкъæдзтæмæдзтæ вæййы, уыдон се 'ппæт дæр. Ай цы рæгъауæй у, уыдон тынг уарзынц нæ афтид æнус, æгъдæуттæ уæлæнгæйтты кæнынц, фæзмынц уæздæтты сæ уæлæдарæсæй, сæ митæй, афтæмæй сæ рауайы бирæ цыдæрты æмхæццæ фынккалгæ змæст, дзурынц цыдæр æнахъинон хъуыдытæ; фæлæ сыл бафу кæн — фынчы цæппузыртау айсæфдзысты.

*Бацæуы Л о р д.*

Л о р д. Милорд, йæ иууылбæрзонддзинад паддзах дæумæ саламтимæ рарвыста æрыгон Озрикы. Уый фехъусын кодта, залы йæм кæй æнхъæлмæ кæсыс. Паддзахы зонын фæнды, Лаэртимæ дæ хæцын фæнды, æви ерыс фæстæдæрмæ аргъæвдзынæ.

Г а м л е т. Æз мæ фæндтæ ивгæ нæ кæнын. Уыдон къаролы бæллицтæй аразгæ сты. Уый бафæндæд, æндæр æз хæсджынæй нæ баззайдзынæн. Ныр æви фæстæдæр, уæлдай мын нæу, мæхи ныры хуызæн хорз куы æнкъарон, уæд кæдфæнды дæр.

Л о р д. Уæдæ Къарол, Королевæ æмæ иннæтæ ныртæккæ æрхиздзысты бынмæ.

Г а м л е т. Дæ къах сын фæбæззæд.

Л о р д. Королевæйы фæнды, ерысы размæ Лаэртимæ дзæбæхæй куы аныхас кæнис.

Г а м л е т. Уый мæн ахуыр кæны хорздзинадыл.

*Ацæуы Л о р д.*

Г о р а ц и о. Фæхæрд уыдзынæ хæснагыл, милорд.

Г а м л е т. Æнхъæл нæ дæн. Уый Францмæ куы ацыд, уæдæй фæстæмæ мæхи фæлтæрдтон. Ноджы ма, цы хыгъдыл хæснаг кæнынц, уый мæн пайдайæн у. Æз рамбулдзынæн. Фæлæ дæ нæ бауырндзæн, мæ уд куыд риссы. Уæвгæ, уый ницы давы.

Г о р а ц и о. Куыннæ, фæлмæнзæрдæ принц!

Г а м л е т. Цæй, уый æдылыдзинад у. Мæ зæрдæ развæлгъау цы 'нкъары, уый сылгоймаджы бауромид, мæн нæ.

Г о р а ц и о. Кæд дæ уд йæ чемыл нæу, уæд йæ коммæ бакæс. Сæ размæ цæуон, æмæ сын зæгъон, дæ уагыл нæ дæ, зæгъгæ.

Г а м л е т. Ницы хуызы. Мæнгуырнынтæй уæлдæр уæвын хъæуы. Æнæ хуыцауы барæй цъиу дæр нæ фесæфдзæн. Æрцæуинаг цы у, уымæн æнæрцæугæ нæй — кæд ныр, уæд ныр, кæд фæстæдæр, уæд фæстæдæр. Æрцæуинаг цы у, уый ныр куы не 'рцæуа, уæддæр дзы фервæзæн нæй. Цы нæ фесæфдзæн æмæ кæд, уый зоныны фæтк нæй, æмæ цы уæлдай у, — сæфинаг цы у, уый фесæфæд рагацау. Цы уа, уый уæд.

*Бацæуынц К ъ а р о л, К о р о л е в æ, Л а э р т, О з р и к, ф æ с д з æ у и н т æ, л æ г г а д г æ н д ж ы т æ рапирæтæ æмæ æндæр дзаумæттимæ.*

К ъ а р о л

Уæ къухтæ уал уын райсын кæнон, Гамлет.

*(Лаэрты къух Гамлеты къухыл æвæры.)*

Г а м л е т
Хатыр дæ курын, сэр. Нæ уыдтæн раст.
Фæлæ ныббар уæздан лæгау уæддæр.
Ам чи ис, уыдон зонынц, стæй дæуæн дæр
Дзырдтаиккой, — куыд ахуыссы мæ зонд.
Цæмæйдæриддæр бафхæрдтон дæ намыс,
Дæ бынат, де ’нкъарæнтæ, — бауæнд, —
Уым аххосджын уыдис æрмæст мæ низ.
Æмæ куыд дæтта дзуапп йæ митыл Гамлет,
Кæд не ’мбæрста йæхи æмæ æваст
Лаэрты бафхæрдта? Нæ уыди Гамлет
Дæ бафхæрæг, — æндæр чидæр уыди, —
Уæдæ уæд чи у аххосджын? Мæ низ.
Кæд афтæ у, уæд Гамлет у йæхæдæг
Уæззау æфхæрд, йæ бафхæрæг — йæ низ.
Æмæ уæдæ цы нæ бакодтон барæй,
Гъе уый фæдыл дæ уайдзæф сис мæнæй.
Уадз зоной адæм — нæй æмæ нæ уыд
Дæуæн фыддзинад ракæнын мæ зæрды.
Рæдыдæй фехстон хæдзары сæрты
Мæ фат, æмæ дзы ме ’фсымæр фæцæф ис.
Л а э р т
Мæ уды арфы маст цæндæй лæууы,
Уæддæр фæуæд — хатыр кæнын дæуæн.
Фæлæ бынтон æндæр хъуыддаг у намыс,
Йæхи закъон ис уымæн, æмæ нæй
Хатыр кæныны бар мæнмæ, — нæ быцæу
Нæма ’взæрстой куырыхон лæгтæ ’мæ
Нæма рахастой фидыды тæрхон дæр.
Ныр та уал æз дæ дзырдæн дзуапп дæттын
Хæлардзинадæй.
Г а м л е т
Барухс и мæ зæрдæ.
Дæ сидтæн дзуапп дæттынмæ дæн цæттæ.
Цæй, райдайæм. — Рапирæтæ кæм ысты?
Л а э р т
Иу мæн.
Г а м л е т
Дæуæн ныхмæлæууæгæй æз
Бæззын — ды равдисдзынæ д’ арæхст

Уæлдай ирддæрæй.

Л а э р т

Худгæ мыл кæныс?

Г а м л е т

Мæ къух лыгмæ дæттын — нæ худын.

К ъ а р о л

Рапирæтæ-ма рахæсс, Озрик. — Гамлет,
Дзæбæх зоныс нæ бадзырд?

Г а м л е т

О, милорд.
Тыхы ныхмæ лæмæгъдзинад æвæрыс.

К ъ а р о л

Нæ зæгъыс раст. Фæлтæрд у уый, бæлвырд,
Фæлæ хæснаг дæу пайдайæн æвæрын.

Л а э р т

Æндæр æри, — æгæр уæззау у ай.

Г а м л е т

Мæнæн ай — хорз. — Æмхуызон сты дыууæ дæр?

О з р и к

О, кадджын принц.

*Сæхи цæттæ кæнынц хæцынмæ.*

К ъ а р о л

Æрхæссут ардæм сæн. —
Куы фæкæна фыццаг æмæ дыккаг цæф,
Æртыккаг та куы акъуыра, уæд-иу
Æмæхст кæнæнт сармадзантæ. Къарол та
Уæд Гамлеты цæрæнбоны тыххæй
Йæ нуазæн сисдзæн, уым ныппардзæн диссаг
Налхъуыт-налмас, — зынаргъдæр уыдзæн уый
Нæ Данийы цыппар къаролы худты
Налхъуыт-налмæстæй. Нуазæнтæ — мæнмæ.
Литавры нæрд фæсидæд канониртæн,
Сармадзан — арвмæ, арвы нæрд — зæхмæ:
«Принц Гамлеты цытæн нæ къарол нуазы!»
Тæрхонгæнджытæ, ут къæрцхъусæй раст.

Г а м л е т

Цæвгæ.

Л а э р т

Цæвын.

*Хæцынц.*

Г а м л е т
Цæф.
Л а э р т
Нæй.
Г а м л е т
Тæрхонгæнджытæ!
О з р и к
Дзæбæх цæф уыд.
Л а э р т
Ног райдайæм.
К ъ а р о л
Фæлæуу,
Ныр баназдзыстæм мах дæу тыххæй, Гамлет,
Дæ нуазæн айс — налхъуыт-налмас дæу у.

*Трубатæ æмæ сармадзанты нæрд фæссценæ.*

Г а м л е т
Нæма ’рцыд афон. — Райдайæм та. Хъахъхъæн.
Цæф ногæй. Раст нæ дæн?
Л а э р т
О, раст дæ. Цæф.
К ъ а р о л
Кæсыс, æхсин, нæ фырт кæны уæлахиз.
К о р о л е в æ
Кæны тыхулæфт, у хæрзхуыз æгæр.
Гъа, Гамлет, къухмæрзæн. Дæ хид куыд кæлы!
Æз нуазын нуазæн де сгуыхты тыххæй.
Г а м л е т
Мæ мад... мæ мад...
К ъ а р о л
Сæн ма баназ, Гертрудæ.
К о р о л е в æ
Фæнды мæ нуазын, æмæ курын бар.
Къарол *(иуварсмæ)*
Уым марг уыд! Фервæзæн ын нал ис!
Г а м л е т
Демæ
Нæ нуазын, мад, нæма ’рцыди рæстæг.
К о р о л е в æ
Æрбацу мæм, дæ цæсгом дын ныссæрфон.

Л а э р т
Ныр æз цæвын.
К ъ а р о л
Фæгуыз уыдзæн дæ хъавд.
Л а э р т *(иуварсмæ)*
Фыр æфсæрмæй куыд нæ ссудзы мæ цæсгом.
Г а м л е т
Уæдæ хынджылæг мауал кæн, Лаэрт.
Дæ бон куыд у, кæн афтæ тох мæ ныхмæ.
Ды хъазгæ кодтай, зонын æй, ныронг.
Л а э р т
Ды афтæ 'нхъæлыс? Хорз.
О з р и к
Нæ фæцæф иу дæр.
Л а э р т
Уæдæ дын мæнæ!

*Л а э р т барæхойы Г а м л е т ы. Хæцгæ-хæцын сæ рапирæтæ аивынц æмæ Г а м л е т барæхойы Л а э р т ы.*

К ъ а р о л
Бауромут тох!
Нæ бæззы уый!
Г а м л е т
Цæй, райдайæм та ногæй.

*К о р о л е в æ ахауы.*

О з р и к
Æххуысмæ тагъддæр — бауадзыг æхсин!
Г о р а ц и о
Цы 'рцыди ам? Цæмæн кæлы сæ туг?
О з р и к
Кæцæй у туг, Лаэрт?
Л а э р т
Мæнгардæй, Озрик,
Цы хыз сбыдтон кæйдæр ахсынæн æз,
Уым бахаудтæн мæхæдæг доны аццау.
Г а м л е т
Цы кæны Королевæ?
К ъ а р о л
Туг федта 'мæ
Чысыл фæсур.

К о р о л е в æ

Нæ, нæ, уый ноз уыд, Гамлет,
Мæ ноздыл мын ныччындæуыди марг.
*(Амæлы.)*

Г а м л е т

Лæгмарæг ам ис! — Ахгæнут тагъд дуæрттæ!
Ыссарæм æй!

Л а э р т

Лæууы дæм уый хæстæг.
Ды мард дæ, Гамлет, фервæзæн дын нал ис.
Дæ цард ма у сахатырдæг æрмæст.
Цы дзурын, уымæн йе 'вдисæн — рапирæ,
У маргæй сæрст, йæ цыргъ бырынкъ та — гом.
Мæхи фыдвæндæй бабын дæн мæхæдæг.
Æхсин дæр амард. Нал у, нал, мæ бон...
Æппæт аххосты аххос дæр Къарол у!

Г а м л е т

У маргхъæстæ рапирæ дæр? Уæдæ,
Цу, марг æндон, кæм ис дæ бынат, уырдæм!
*(Рæхойы Къаролы.)*

И у у ы л д æ р

Гадзрахат разынд!

К ъ а р о л

Феххуыс мын кæнут!
Цæф дæн, фæлæ ис фервæзæн, хæлæрттæ!

Г а м л е т

Гъа, баназ сæн, лæджыфыдхор-хæддзу!
Дæ налмас баназ маргæйдзаг тæнгъæды!
Мæ мады баййаф!

*Къарол амæлы.*

Л а э р т

Афтæ йын хъæуы:
Æрцæттæ кодта уыцы ноз йæхæдæг.
Сыгъдæг дæ, Гамлет, бафидауæм, цæй:
Хатыр дын уæд мæ фыды туг, мæхи туг,
Дæхи туг мын ныххатыр кæн ды та.
*(Амæлы.)*

Г а м л е т

Ныббарæд дын Хуыцау. Цæуын дæ фæдыл.

Фæци мæ цард, Горацио. Королевæ,
Хæрзбон зæгъæм кæрæдзийæн. Дæ уд —
Хуыцауы уазæг. Ракæнин сымахæн —
Æгомыгæй нæ финалмæ кæсджытæн —
Мæ хабæрттæ, фæлæ мæ гæс — мæлæт,
Æвирхъау у, уæлдай змæлд мæ нæ уадзы.
Фод афтæ. Радзур-иу, Горацио, ды
Æппæтæн дæр мæ рæстдзинад æххæстæй.

Г о р а ц и о

Нæ уыдзæн уый. Æз даниаг нæ дæн, —
Æз ромæгтæм хæстæгдæр дæн. Мæ фаг ма
Марг баззад ам.

Г а м л е т

Кæд хоныс лæг дæхи,
Æри уæд нуазæн. Цас æгад уыдзæни
Мæнæн мæ ном фæстагæтты цæсты, —
Куы ничи зона уыдонæй рæстдзинад!
Æрдхорд мын у, фæхистæр кæн мæн дзырд,
Зæххæн уал ды йæ уæззау уæлдæф улæф.
Цæргæйæ баззай а дунейыл ды,
Æмæ фæдзур мæ таурæгъ.

*Дардæй хъуысы марш æмæ гæрæхтæ.*

Уый цæй хъæр у?

О з р и к

Уæлахизимæ раздæхт Фортинбрас
Ныр Польшæйæ ’мæ Англисы ’рвыст лæгтæн
Салют дæтты.

Г а м л е т

Горацио, æз фæдæн.
Къуырма дæн маргæй. Англисы цы ’рцыди,
Уый базонынæн нал баззад рæстæг.
Фæлæ мæ дзырд æрцæудзæн: Фортинбрасы
Æвзардзысты къаролæй, æмæ зæгъ,
Кæй дæн йæ фарс. Мæ хабæрттæ йын ракæн, —
Куыд уыд, цы уыд. Мæрдон талынг... Хæрзбон.

*(Амæлы.)*

Г о р а ц и о

Цы зæрдæ банцад! — Ферох кæн дæ зынтæ, —
Зæдтæн сæ зарæг хъахъæндзæн дæ фын.

Уый чи ’рбацæуы, барабантæ хойгæ?

*Марш фæссценæ.*

*Бацæуынц Фортинбрас æмæ англисаг минæвæрттæ, фæсдзæуинтимæ, барабантæ хойгæ, тырысатимæ.*

Фортинбрас

Кæм æрцыди æвиллон цау?

Горацио

Уый цавæр?

Лæджы зæрдæ æрхуымæй марæг? Ам.

Фортинбрас

Мæрдтæн ма ныр сæфты азар — сæ мидæг.
Мæлæт та скодта а галуаны куывд, —
Кæй ныццагъта æвзаргæ лæгтæй уыйбæрц.

Фыццаг минæвар

Ædæрсгæ сæм кæсын нæ уæнды лæг.
Ныр нал фехъусдзæн англисаг хабæрттæ,
Æхсызгондæр кæмæн уаиккой, уый.
Нæ базондзæн, кæй у æххæст йæ бардзырд —
Сты Розенкранц дæр, Гильденстерн дæр мард.
Æмæ нын бузныг чи зæгъдзæн?

Горацио

Уый бузныг

Æгасæй дæр нæ загътаид, бæлвырд.
Куыд сæ амарой, уый нæ домдта никæд.
Кæд Польшæ æмæ Англисæй фæндаг
Сымах æрхуыдта ацы туджы цæдтæм,
Уæд бардзырд ратт — æгас адæмы цур
Æрæвæрой бæрзонддæр ран нæ мæрдты.
Цы ’рцыди, уый сын радзурдзынæн æз,
Хъуыддæгтæ сты æвирхъау æмæ талынг:
Æгъатыр тугкалд, сау кæлæнты рын,
Рæдыдæй мард, мæнгард æмæ дыдзæсгом
Куыд бабын кодта адоны, æфхæрд
Куыд баййæфта йæ сæр, æмæ мæнæ
Кæрон цæмæ ’рцыд, — фехъусдзыстут ныр
Æппæт уыдæттæ.

Фортинбрас

Хъусдзыстæм лæмбынæг.
Æвзæрст лæгтæй уал саразæм æмбырд.

Æнкъард бон мæм æрхаудта ахæм амонд.
Фæлæ кæй цæуы а бæстыл мæ бар,
Зæгъон сын уый.

Г о р а ц и о

Кæмæн уыди йæ хъæлæс
Æппæт хъæлæсты иугæнæг, мæнæн
Фæдзæхста уый, куыд ын зæгъон йæ фæндон.
Фæтагъд кæнæм, — сæ масты фæдыл адæм
Куы саразой фыдбылызтæ, мыййаг.

Ф о р т и н б р а с

Принц Гамлеты цыппарæй капитантæ
Æфсæддон лæгау аргъуанмæ хæссæнт.
Уый саг лæг уыд, — къарол уыдаид абон.
Йæ мард куы хæссат, — музыкæ цæгъдæд,
Куыд фæцæгъды цытджын къаролыл, афтæ.
Ныр иннæты дæр ахæссут. Мæрдтæй
Хæсты быдырау галуаны зал байдзаг.
Кæнæд æрвнæрд нæ хъыгыл канонадæ.

*Саударæн марш.*

*Ацæуынц, мæрдты ахæссынц,*
*уый фæстæ райхъуысы сармадзанты гæрæхтæ.*

*Кæрон.*

***Малиты Васойы*** *тæлмац.*

*1963 аз, февраль, мартъи, Киев, æфсæддон госпиталь; 2007 аз, февраль, мартъи, Дзæуджыхъæу*

# Малиты Васо: 70 азы



*Малиты Васойы азы мæй æххæст кæны 70 азы. «Мах дуджы» кусджытæ йын кæнынц зæрдиаг арфæ. Нæ цæст ын уарзы æнæниз æмæ зæрдæрухс уард, ног сфæлдыстадон æнтыстытæ.*



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Колыты Витали, Скъодтаты Эльбрус, Васо.*

*Васо, Хæблиаты Сафар, Дзуццаты Хадзы-Мурат.*

*Иван НОВИКОВ*

# НÆЙ ТЕРКÆН УРОМÆН

*Иван Алексейы фырт Новиков райгуырди 1877 азы Орелы губернийы, Ильково, зæгъгæ, уыцы хъæуы. Йæ фыд уыди мæгуыр зæхкусæг. Иван ахуыр кодта Мценскы сахары училищейы, Мæскуыйы зæххыкуысты астæуккаг скъолайы æмæ хъæуонхæдзарадон институты. Уый фæстæ зылди Уæрæсейы алы рæтты, зæхкусджытæн амыдта, агрономийæ йæм цы зонындзинæдтæ уыд, уыдон, æххуыс кодта æххормаг адæмæн. Фæлæ куыдфæстæмæ йæ сæйраг куыст сси литературæ. Фыста радзырдтæ, æвдыста дзы, йæ балцыты рæстæг цы федта, уыдæттæ. Æмдзæвгæтыл фæцалх йæ сабибонтæй фæстæмæ, фæзмыдта Бальмонт æмæ Брюсовы, стæй базонгæ кæстæр символисттимæ. Йе сфæлдыстадыл фæзынди Блокы поэзийы æндæвдад. 1908 азы рацыд Новиковы æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Духу святому». Уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр уыдысты, сывæллæттæн кæй ныффыста, уыцы уыцмыстæ. Зæгъæм:*

*Надо в праздник покрывало*
*Для продрогнувшей земли!*
*Всюду зайцы залегли.*
*Стало тихо, бело чисто...*
*Спинки мягки и пушисты*
*У небесных у зайчат,*
*Полонивших зимний сад.*

*1904 — 1907 азты Новиков царди Киевы, куыста агрономæй, уыди хъæууонхæдзарадон æхсæнады секретарь, журнал «Земледелие»-йы редактор, ныффыста зонадон куыст, мæры хæрзхъæддзинад куыд бæрæггæнгæ у, уый тыххæй. Зындгонд сты йæ политикон уацтæ дæр: фыссæг æппæлыди демократон змæлдæй, карзæй дзырдта саусæдæонты ныхмæ. 1909 азы Новиков фистæгæй ацыд Ясная Полянæмæ, сæмбæлди Л. Н. Толстойимæ. Уый фæдыл Лев Николайы фырт йæ бонычиныджы фæнысан кодта: «сочинитель умный Новиков».*

*Нудæсæм æнусы райдайæны фæсарæйнаг фысджытæй Уæрæсейы æппæтæй тынгдæр аргъ кæмæн кодтой, уыдонæй иу уыди Гамсун. Новиковы зæрдæмæ дæр цыд æмæ Уæрæсейы Хуссары бирæ рæстæг касти лекци «Кнут Гамсун æмæ уарзондзинады фарстатæ», парахат кодта «аскетон-платоникон» уарзты хъуыдытæ. Йæ литературон ном дæр тынгæй-тынгдæр хъуысын байдыдта, сси дыууæ романы æмæ бирæ радзырдты автор. 1910 азы йын Киевы рацыд æмдзæвгæты чиныг дæр — «Дыхание земли».*

*Февралы революцийыл Новиков сæмбæлди стыр цинимæ. Советон дуджы рауагъта цалдæр прозаикон чиныджы — бантыст ын ног цардæвæрды тыххæй мистикон æмæ пессимистон хъуыдытæ зæгъын. Йæ роман «Страна Лехкорн»-ы (1934) иуцасдæр ис сатирæ, йæ дуджы цы галиу митæ уыдта, уыдон фæдыл, фæлæ репресситы агъоммæ идеологон критикæ куы рапарахат, уæд фыссæгæн йæ ныфс бынтондæр асаст. И. В. Сталин ын стыр аргъ скодта йæ роман «Пушкин в Михайловском»-æн (1936). Уый фæстæ ма Новиков ныффыста роман «Пушкин на юге» (1944), æмæ дыууæ романы иугондæй рацыдысты 1947 азы, «Пушкин в изгнании», зæгъгæ, ахæм номимæ.*

*1908 азы Новиков балцы уыди Кавказы. Уый фæстæ йæм фæзынд æмдзæвгæты цикл «Неделя в горах», бахаста йæ йæ чиныг «Дыхание земли»-мæ. Уым сæйраджыдæр æвдыст цæуынц Ирыстоны æрдзы нывтæ. Автор поэтикон ирд ахорæнтæй нывæнды, Дзæуджыхъæуы æмæ Арвыкомы уæвгæйæ йæм цы сыгъдæг æнкъарæнтæ сæвзæрд, уыдон. Новиков уыд Æвзист æнусы поэт, дзырды дæсны, йæ уацмысты хуыздæртæ йын æхсызгонæй кæсдзысты фидæны фæлтæртæ дæр. Ирон циклы æмдзæвгæтæй иу (Дзæуджыхъæуы Терчы был цы мæзджыт ис, уый тыххæй) фыст æрцыди мидхæстæй дæс азы раздæр. Поэт пехуымпарау рагацау базыдта, рæхджы Уæрæсейы цы 'рцæудзæн, уый: «Æз зонын, Волгæ дæр рæхджы кæндзæни дис: ызгъæр бæхтыл ызгъæр барджыты фендзæн».*

***Михаил Синельников***

## ХИДЫЛ

Ныммæйдар. Рухсытæ — гæзæмæ.
Кæны æгас дуне фынæй.
Лæууæм нæ дыууæ дæр æдзæмæй,
Æрæнцой иунæг Теркæн нæй.

Нæй Теркæн уромæн — æмбухы,
Тæхы — гыбар-гыбур, фæдис!
Рæдувы, аздухы, нынтъухы,
Дзæнхъатæ фестын кæны змис.

Цы ис йæ хъæлæсы, цы дзуры?
Æртхъирæн, арфæтæ, фыдуац?
Æви нæ фæлдисæгæй куры
Æххуыс — рæстмæ куыд уа йæ балц?

О Терк, нæ дын æмбарын де 'взаг.
Тæхы дæ хæдразæй дæ ныфс.
Дæ хъæлæс гоби хъæртæй йедзаг.
Лæвæрттæ денджызæн хæссыс.

* * *

Йæ уæлбыл знæт Теркæн — æрвон науау — мæзджыт.
Фæлыст, нывæфтыдтæ — йæ агуыри мæсгуытæ.
Бынæй та уылæнтæ, нæрæмон æмæ зыд,
Кæнынц кæрæдзийы дæрæхсæнтæ, ыскъуыдтæ.

Мæ цæстыл ауайы: хъуырдухæн-дугъ, фæдис
Æмбæхст и къулты дæр, рæстæгмæ федзæм.
Æз зонын, Волгæ дæр рæхджы кæндзæни дис:
Ызгъæр бæхтыл ызгъæр барджыты фендзæн.

* * *

Цæй хæхтæ? — Чингуытæ! Сæ цъæрттæ —
Хъæдтæ, уыгæрдæнтæй цъæхвæлыст.
Къæдзæхтæ, фæндæгты тæссæрттæ
Сты мифтæ — туг æмæ зынгæй фыст.

**Æмбæхст — æхсаргуырдтæн сæ нæмттæ,**
**Гæстæ сын — уаритæ, цæргæстæ.**
**Кæсдзысты разагъды кæстæртæ**
**Ам иероглифтæ нæ фæстæ.**

*** * ***

*Печаль моя светла.*
***Пушкин***

**Лæууын хъæдабæ рындзыл æз.**
**Мæ къæхтæ æртæхæй — фыд хуылыдз.**
**Бынæй къæбæлдзыг хъæдтæ, фæз,**
**Сæрвæт — сæусатæджы ныгъуылынц.**

**Уым Терк йæ рагон куыст кæны:**
**Фæлдахы, ’хсон къæдзæхтæ халы.**
**Йæ митæм рох гæнах кæсы,**
**Кæд ыл йæ фыдæлгъыст ызгъалы.**

**Мæ фале — гакъæттæ, фæндаг,**
**Дзæххортæ, хæлд систæ, хъæууæттæ.**
**Кæддæр-иу хъама æмæ марг**
**Æвæрдтой ацы ран æгъдæуттæ.**

**У цъити урс, у бон дæр урс,**
**Рæсуг — йæ утæхсæн мæ удæн.**
**Кæлы сæ топпуадзæнтæй рухс**
**Кæддæры хъомысджын мæсгуытæн.**

## ЛАРС

**Фæсизæр. Дуне — тар, æрхуым.**
**Æвдисы хохаг арв йæ уæхтæ:**
**Нæртон куырд йе ’ндон дзæбуг уым**
**Сырхзынгæй цъитийыл æруагъта.**

**Фæйнæрдæм стъæлфæнтæ тæхынц,**
**Æппарынц стъалытæм сæ тынтæ.**
**Лæууы сырх æхсидавау рындз.**
**Уынынц уынгæг кæмттæ хæрзфынтæ.**

* * *

Бон æрбацъæхтæ и. Мигътæн
Фæзтæй урс рындзтæм — сæ балц,
Фæхстæ, къардиутæ 'мæ тигътыл
Ленк кæны уæлæмæ бардз.

У къæдзтæ-мæдзтæ йæ фæндаг:
Кæм — тæссар, кæм та — цæхгæр.
Хъæдтæ, уыгæрдæн — цъæх зæлдаг,
Рæгътæ, 'хсæрдзæнты цæхæр...

Рындзæн хурмæ дæр цы цыт и! —
Тын, фыццаг тын æм тындзы.
Рындз — æнусон хистæр Цъити —
Ронгæй уазджыты хынцы.

## ЛАРСÆЙ КЪОБМÆ

Æмæ та сбон. Æмæ та ног — фæндаг.
Æрттивгæ нывтæ. Урс хæхтæ. Цъæх рæгътæ.
Куыд æхцон у тæхгæ дæтты æвзаг! —
Ыссыгъди та дæ цæстыты цырæгътæ.

Уынын дзы æз дæ дис æмæ дæ цин,
Хæлæфæй ахсыс хъал æрдзы лæвæрттæ.
Фæленк кæны чысыл æврагъ — зæрин,
Хуыцауы дуне байтыгъта йæ тæрттæ.

Зæхх фестади тæмæнтæ 'мæ тынтæ,
Сæхи нывзилынц знæт дæттимæ коммæ.
Мæ цæстыл уайы: уыцы 'врагъ ды дæ,
Зæдау дæ систой базыртæ уæлвонгмæ.

## СÆНА

Ехх, куыд бæллыдтæн дæ уындмæ!
Уыд æрвгæрæттæм мæ каст.
Зон æй: хатгай-иу мæ удмæ
Катай бахъуызыд æваст.

**Æви де ’рвон æнгас барæй**
**Мигъты бамбæхстай мæнæй?**
**Ног та сыстадтæн сæударæй, —**
**Нæй дæ кой, дæ хъæр дæр нæй.**

**Бон та атахти. Мæрдырох**
**Бафтыд зæххыл, у фынæй.**
**Оххай, фыны дæр, уæйыг хох,**
**Хай куы нæй дæуæн цæстæй.**

**Фælæ æртыккаг бон ирдгæ**
**Рацыд арвбæстæйæ, рог,**
**Мигъты айста, æмæ ирдæй**
**Де ’мбæрц разындтæ, уælвонг.**

**Æз лæууын дæ цуры сагъдау.**
**Айсæфт катай, айсæфт мæт.**
**Удхар нал ис, ис ма аргъау,**
**Нæй мæнг дуне, ис дзæнæт.**

**Рухс æрлæдæрсы дæ фæхстæй,**
**Бæстæ аныгъуылд тынты.**
**Мах — фæйнæхуызон, æнгæстæ:**
**Æз — Поэт, Бæстытых — ды.**

***Фатаонты Уариганы*** *тæлмацтæ.*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

*Къорнаты Алан.*
**Фыййау.** Бронзæ.

*Къорнаты Алан.* **Зæд-хъахъхъæнæг.** Доломит.

*Цæрикъаты Билар.* **Æнкъуыст.** Доломит.

*Плиты Андрей.* **Рагъ.** Бронзæ.

*Сабеты Георги.* **Уæрдон**. Шамот.

*Цхуырбаты Олег.* **Æфсатийы аууон.** Гранит, бронзæ.

*Плиты Андрей.*
**Арвмæ фæндаг.** Доломит.

*Николай Буртасенков.*
**Фælвæра.** Мрамор.

*Зæнджиаты Таймураз.*
**Фælладуагъд.** Доломит

*Кучиты Аслан.* **Друид.** Хъæдæрмæг.



*Сабеты Георги.* **Адджын цард**. Мрамор.

*Дм. Каминкер.*
**Хъус.** Мрамор.

*Цъæхилты Сергей.*
**Нæртон хъултæ.** Мрамор.

*Вячеслав Румянцев.*
**Чысыл принц.** Мрамор.

*Зохъоты Олег.*
**Зæд-хъахъхъæнæг.** Шамот.

*Дзбойты Арсен.*
**Цъиутæ.** Бронзæ.

*Джиоты Владимир.*
**Æрвон хæстон.** Бронзæ.

*ХЪАЗИТЫ Мелитон*

# ПОЭТЫ ДУНЕ

*Монографийæ скъуыддзаг*

* * *

Уый афтæ хъуамæ уа. Алы æцæг поэт дæр йæхи хуызæн вæййы. Йæхи хуызæн поэт у Ходы Камал. Ис ын йæхи дзуринæгтæ. Ис ын йæхи поэтикон Æз. Уый сæ куынæ зæгъа, уæд сæ æндæр исчи нæ зæгъдзæнис. «Рæстæг цæуы»-йы уымæн фæндвидар у:

*Кæны уæлæхох зонды хъару монцтыл,*
*Мæнг бæллицты мæнг базыртæ сæтты.*
*Зæххон ныхасы дурвидар æрдзон тых*
*Мæ зæрдæйæн æхцон сагъæс дæтты.*

*Кæны мæ ныхас бонзонгæдæр, арфдæр...*
*Мæ къух нæ исын иу хъуыддагыл æз:*
*Уæззау хъуыды хуымæтæг дзырды бавæр,*
*Куыд кæна рæнхъ, æндыгъд нуарау, дыз-дыз.*

Хорз кæны поэт, ахæм стыр хъуыддагыл кæй нæ исы йæ къух, уымæй. Стæй æрмæст уымæй нæ. Æмткæй, поэт цахæм хъуамæ уа, йæ разы цы хæстæ ис, уыдон куыд хъуамæ æххæст кæна; стæй йæ лирикон хъайтар — поэт цахæм у; кæнæ та уыцы хъуыддæгтæм кæм ныхилы, уый тыххæй Ходы-фыртмæ æгæр бирæ æмдзæвгæтæ дæр ис. Æгæр бирæ уымæн зæгъын, æмæ йæм иннæ темæтыл, суанг интимон темæйыл дæр, нæй афтæ бирæ æмдзæвгæтæ: «Фæсривæды æмдзæвгæ», «Саугуыст», «Мæ кæстæрæн», «Куыст», «Æрцыди та уалдзæг», «Сфæлдыстад», «Куы сæвæрай сахсæн...», «Пушкин», «Дæуимæ нын æнцондæр уыд цæуын», «Æфцæджы фæстæ», «Поэзи», «Æгæр кæй фыссыс, ма стау уый, мæ лымæн!», «Рæстдзырды сонет», «Мæ хæлар поэттæн» æмæ бирæ, бирæ æндæртæ.

Фæлæ Камал Камал уымæн у, æмæ дзы иу иннæйы кæй нæ фæлхат кæны, афтæ сæ кæй ранывæнды, «куыд кæна рæнхъ, æндыгъд нуарау, дыз-дыз».

Уый тыххæй Джыккайты Шамил афтæ зæгъы: «Ирон фæндыр канд цины тыххæй нæ фæзынд. Уый уыд адæймаджы егъаудæр хъыг, йæ судзгæ маст, йæ æнæкæрон хъизæмарæй равзæргæ хæрзиуæг. Уый поэтæн у зæрдылдаринаг.

Исчи демæ не сразы уыдзæн, уый тæссæй царды сæйраг принциптыл къух сисæн нæй, нæй уый адæргæй рæстдзинадыл уæлæхох уæвæн. Сократы загъдау, Платон мын зынаргъ у, фæлæ мын рæстдзинад та уымæй зынаргъдæр у. Нæ рæстæджы сфæлдыстадон кусæг социалистон реализмы методæй арæхстгай куынæ пайда кæна, уæд йæ куысты нæ разындзысты рæстæджы домæнтæ, адæмы бæллицтæ æмæ хуыздæр фæндиæгтæ. Æмæ Камал йæ уацмысы цы поэты фæлгонц скодта, уый æцæгдзинадæй нæ лидзы фантазийы бæстæм, не 'мбæхсы цардæй, уый тырны æнæуд ныхæстыл хъоды бакæнынмæ æмæ цæрдуд ныхас зæгъынмæ». (Журнал «Мах дуг», 1967, №6, 101—102-æм фæрстæ).

Уый поэт поэтæн поэты фæлгонцы фæдыл зæгъы æмдзæвгæ «Æргом ныхас»-ы тыххæй. Уæд Камал, куыд поэт æмæ адæймаг, афтæ йæ разы фидар хæс æвæрдта:

*Æз нал фыссын æмдзæвгæтæ,*
*Æгъгъæд у,*
*Адæймаг дæн.*
*Мæн нал фæнды*
*Æлхæнын искæй зæрдæ*
*Мæ зæрдæйæ.*
*Кæимæ дзурон, уый мын нæй.*

Уацмысы лирикон хъайтар сфæлмæцы искæй зæрдæ йæ зæрдæйæ æлхæнынæй. Нæ йæ фæнды, исчитæ йын кæддæр йæ уацмыстæ кæсой æмæ, йемæ разы кæной æви нæ, ууыл сагъæс кæнын. Поэт йæ разы æрæвæрдта æндæр хæс. Æвæлмон зарджытæ фыссыны бæсты фæстæдæр кæй бабæлвырд кодта, ахæм стыр, йæхи зæрдæ кæмæй райы æмæ йын йæ дарддæры куысты æнæаивгæ программæйы хуызæн чи уыдзæнис, ахæм хæс:

*Ис иу хуыцау мæнæн —*
*Рæстдзинад у йæ ном,*
*Йæ зæрдæхудт цы цъусдуг райсон æз,*
*Уæд уыцы уысм — йæ адзал*
*Æнæус лæппуйæн.*
*Нырæй фæстæмæ*

*Нал фыссын æмдзæвгæтæ.*
*Ныræй фæстæмæ æз фыссын*
*Мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ.*

Уый поэты поэтикон ныхас у, фæлæ æвзонг лæппуйæн цард йæ зæрдæйыл куы уадза йæ фæд — «Ныræй фæстæмæ æз фыссын Мæ зæрдæйы хъæдгæмттæ», уæд ыл цард цы хæс æвæры, уый æмбарыны æнкъарæнтæ йæ мады гуыбынæй рахаста æмæ йыл æууæндæн ис. Æууæндæн ис йæхиуыл дæр, йæ хъайтарыл дæр. Æмæ йын уыдзæнис, кæимæ дзура, цæрын æм кæй тыххæй цæуа, уый.

Камал йе сфæлдыстадон куысты, Рæстдзинад йæ царды Хуыцау кæмæн у, уыцы сфæлдыстадон кусæг-поэты фæлгонц сныв кæнынмæ иу æмæ дыууæ хатты не 'ргуыбыр, куыд загътам чысыл раздæр, афтæмæй.

Уымæн æндæр уæвæн нæй, æрвылбоны хъæрахстæй куы 'рулæфай, «Куы 'ррæсуг вæййы зонд, Уæд, Зæрды дуар кæуыл» ныхгæдтай, уыцы сагъæстæ дæм куы бырсой, куы дыл тыхсой. Поэт фылдæр уыдонæй фæцæры.

*Æмæ та ног —*
*Уæлтæмæны æрра арт,*
*Тыхурæд монцты удлæууæн дыз-дыз...*
*Ирон дзырды дзæхст-дзæхстгæнæг рæнхъытæ*
*Фæкæнынц, уадау, зæрдæйы æмбу...*

*Дзæнæты цъусдуг! —*
*Ракæсын мæ цæстæй,*
*Мæ хибар уат мын басгуыхы цъæх арв...*
*Мæнгæн нæ загъта Уырысы пехуымпар:*
*«Паддзах дæ ды! Цæр иунæгæй, поэт!»*

**(«Сфæлдыстад»)**

Камалæн уыцы сагъæстæ æрмæст дуг не 'вдисын кæнынц, фæлæ йе сфæлдисгæ дунейы паддзах чи вæййы, уыцы сфæлдисæджы дæр. Уый та тыхкæнгæ, алыхуыз машинæты хицæн хæйттæй саразгæ «цыдæры» хуызæн хъуамæ ма уа, фæлæ... æрдзон, хæдхуыз. Æгæрыстæмæй, бирæ фыссынмæ дæр хъуамæ ма тона йæ быцъынæг. Алы хатт бирæ хорзы нысан нæу, уæлдайдæр, аивады. Поэт йæ лымæны уымæй фæдзæхсы, цæмæй, æгæр кæй фыссы, уый ма стауа — «Æз дын зæгъын: йæхи 'гъдауæй цы дзырд райгуыра, уымæн нæй аргъ зæххыл» («Æгæр кæй фыссыс...»).

Æмæ, æцæгдæр, Камалæн йæхимæ дæр «йæхи 'гъдауæй цы дзырд» райгуыры, уый æндæр искæй кæнæ истæй тыххæй уа æви поэты тыххæй, алы хатт дæр вæййы зæрдæмæдзæугæ. Базмæлын кæны адæймаджы хъуыды æмæ зæрдæ. Уымæн æмæ уыцы дзырдтæ райгуырынц, талынг æмæ рухсæн сæ арæн иу кæй у, райдзаст бон «саумылазимæ хъуырдухæн» кæй фæкæны, уый зонгæйæ. Лирикон хъайтар, «гæркъайау нæ æрвылбон цард ыздухы», уæддæр бæллы, «тæмæнкалгæ рæстылдзурæг ныхас» йæ къухы кæмæн бафты, уымæ. Æмæ кæд «Рæстдзырды сонет»-ы дыууæ фыццаг строфайы дидактикæйы тæф кæнынц, уæддæр зæрдæ æлхæнынц царды рæстдзинад æмæ поэтикон амæлттæй — æмбисонд, афоризм, риторикон фарст, рифмæ æмæ æндæртæй:

*Лæгæн йæ дзырд йæ намысы æмсæр у.*
*Цы уæлдай ис дæ ныхасæй дæуæй?*
*Дæ дзырд æрцыдис иунæг хатт дæр уæй —*
*дæхицæй дæр уæд рауайдзæн фæсдзæуин...*

*Рæстдзырды фарн, зæгъынц, мæрдтæм нæ цæуы...*
*Æмæ кæд айхъуыст ахæм кад дæуæй,*
*дæ уæлсынтыл æрæнцай уæд фæрнæй —*
*рæстдзинадæн æгъдæнцæйттæ нæ хъæуы.*

Уый тыххæй хъæуы дурынвидар уд, æппынæдзух фæллой кæнын, «намысы æмсæр» дзырдтæ агурын. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыдон зæххыл цæндтæй нæ лæууынц. Уыдон Хуыцауы ратгæ сты. Æмæ сæ радта Ходы Камалæн. Радта йын сæ рæдауæй, алыварсонæй — йæ хъуыдытæ æвдисæг дзырдтæ зæлланггæнаг рæнхъыты сæ кæрæдзийы фæдыл уымæн фезгъæлынц æхсæрдзæны æртæх-фæрдгуытау.

Ахæм дзырдтæ поэты тыххæй февзары ноджы арæхстджындæрæй. Уый уæлдай зындæр вæййы, традици чи сси, уыцы темæйы ногæй исты зæгъынмæ куы хъавай, уæд. Поэты фæлгонц аразын та ирон поэзийы ног нæу. Джыккайты Шамил Джусойты Нафийы тыххæй дзургæйæ афтæ банысан кодта: «Ирон поэзийы сырæзт бæлвырд традици поэты фæлгонц аразынæн — йæ уидæгтæ цæуынц Къостайы сфæлдыстадæй. Уыцы традици дæр 30—50-æм азты фехæлди: поэт тохгæнæг нал уыд, фæлæ партийы хъузон, газеты разныхæстæ стихтæй нывæндæг. Уыцы уавæрты Нафи архайдта æмæ йын æнтыст фæрныг традицитæ

сног кæнын, поэты æхсæнадон нысаниуæг ногæй йæ бынатмæ сисын. Йæ лирикæйы фæзынд поэты ног тип, «уый æхсæнады бацахста бæлвырд граждайнаг позици, нал уыд хицауады уынаффæтæ фæлгъауæг, сси сæрибар хъуыдыгæнæг рæстдзинадыл тохгæнæг». (Журнал «Фидиуæг», 2000, № 1, 9-æм фарс.).

Уыцы хъуыды, куыд поэты фæлгонц æвдисыны тыххæй Къостайы традици дарддæргæнæг, комкоммæ хауы Камалмæ дæр:

*Фæраз, поэт, нынныхъуыр-иу дæ хъæрзын:*
*Æвдис дæ цин, ныгъуылдæй дар дæ маст...*
*Хуымæтæг лæг æхцон уаргъау цы хæссы,*
*Дæуæн уый у сырхзынг æфсондзау раст!*
*Нæу алкæй хай рæстдзæф хъуыдыйæн йе*
*'рттывд... —*
*Уæдæ дæ зæрдыл ацы фæтк лæууæд,*
*Куы ракæсой амалджын сæудæджертæ*
*Былысчъилæй дæ буц рæнхъытæм, уæд.*

*Ныббар дæ ус, дæ тугæйгуырд хъæбултæн*
*Æбузн æмæ пайдамондаг ныхас...*
*«Ремонтытæ», «сервантгæ», «гарнитуртæ» —*
*Бырæттæ сты!*
*Поэзи та — æгас!*

**(«Ныфсытæ»)**

Уыцы æгас поэзийы тыххæй, царды Рæстдзинады тыххæй поэт цыфæнды зынтæн дæр куынæ фæраза, «ремонтытæ», «сервантгæ», «гарнитуртæ» агурæг куы разгъор-базгъор кæна йæ ус, йæ тугæй гуырд хъæбулты зондæй, уæд йæ фыдæбон хуымæтæджы у. Поэзийы зын æмæ бæллиццаг фæндагыл æрмæстдæр удуæлдайæн бауыдзæн йæ бон дард ацæуын. Ходы-фырт йе 'мсисонæн ныфсытæ уымæн æвæры:

*Фæраз, кæд дын æнæфæлтæрд уæнгуытæ —*
*Дæ кæстæртæ —*
*Нæ рог кæной дæ хæс...*
*Поэт, дæ мастæй ратæдзæг рæнхъытæй*
*Дæ бафхæрджытæн удæнцой æрхæсс!*

*Цæрæнбонты ызгъæллаггом æхсыныс,*
*Фæлæ нæ ахсы иуæн дæр йæ зонд:*
*Къæйных æрмæст дæ бакастæй кæй зыныс,*
*Æнæуи та дæ уд кæй у тæссонд...*

Фыссын дæр æй уый фæкæны — йæ «уд кæй у тæссонд», ærдзæй та æргомдзырд кæй рахæссы. Æмæ Камалы æмдзæвгæ «Кæйдæрты хъæлæс райхъуысы...»-йы лирикон хъайтар, «кæйдæрты хъæлæс» куы райхъуысы, ома, «æргом ныхас цæуылнæ кæнæм, ау!..» — уæд уый та йæ мысинæгты йæ рагбонтæм фæцæуы. «Æргом ныхас лæгæн вæййы йæ туджы», уыдон, «æргом ныхас» чи фæрсы, уыдон та цæргæ-цæрæнбонты «аслам æмæ былалгъ ныхас фæкодтой», рæстдзинады ныхмæ никуы банцадысты сæ додойæ, дзыллæйы фарн ныддымдтой, гонорар лухгæ, стыр бынæттæм байгæрстой фæндæгтæ, æмæ сыл ныр худы поэты зæрдæ:

*Зæгъгæ, уыди æвзонг лæппу æгъдауыл лæуд,*
*Ныхыдзуаримæ рантысти, лæгау-лæг —*
*Æфтыдтой йæ æвиппайды цæсты! —*
*Кæм цыдысты сæ «дзæбæхтæ» бæсты!*

*Цы дзырд не сластой фидисты «ælдыгъæй»:*
*«Фыдгæнджыты къорд»,*
*«Хунтæ»,*
*«Пессимист...»*
*Цынæ ном нылы нынныхæстой лæгдыхæй:*
*«Паддзахмондаг»,*
*«Бæсты знаг»,*
*«Экстремист...»*
*Нæ дардтам цыма Ирыдзыхъмæ бар дæр,*
*Ныхас цыма цыфыддæр знæгтыл цыд —*
*Сæ «тæрхон» кодта тугмондагдæр, карздæр,*
*Нывзылдтой цъыфмæ намыс æмæ цыт.*

*Уыд иу фыссæг —*
*Йæ кард нæ хурхмæ цагъта,*
*Æмæ йæ систа иуахæм бæрзонд —*
*Бæрнон æмбырды разæнгардæй загъта:*
*«Сæ иуы уал æрхæссæм, цæй, нывонд!*

Поэты сæр раст ахæм дуджы фæхъæуы. Цæмæй, цурон, дымысдæр, кæлмхæрдуд адæймаггæндтæн дæтта ныхкъуырд. Судза сæ йæ рæстдзинад. Къоста Лермонтовæй цæйау загъта: «О, если бы ты жил теперь, поэт! Твой мощный стих, могучие аккорды Рассеяли б остаток прежней тьмы» («Памяти

М. Ю. Лермонтова»), уыйау поэты дзырд талынджы тар гуыбын хъуамæ гæрда, рухсы тынау, цæмæй адæймаг уына йæ развæд.

Æртхъирæнгæнæг фыссæгæн кæд бæрнон кусæг загъта: «Нывондты дуг, дам, аивгъуыдта ныр», — уæддæр æм уыцы раздæры дугæй судзгæ æхсидæвтæ кæй хаудысты, цæмæй поэт поэты бынаты ма æвæрдтаид йæхи, дзурын дæр æй уыдæттæ кæнынц. Æмæ диссаг нæу, «куы сæвæрай сахсæн мæйдзæфхад æфсургъыл», уæд гæпдугъ кæй нал кæндзæнис. «Йæ уидæгты нуæрттæ куы суадзай бæласæн», уæд ма куыд ысзайа ног тау? «Цæргæсæн йæ базыр куы айгæрдай фатæй», уæд ма куыд стæха арвы цъæхмæ? Фæлæ Поэтыл йæ адæм куы суæлæхох уой, уæд уыцы адæм вæййынц æлгъыст.

Уымæн æмæ Поэт йæ цард дæр, йе сфæлдыстад дæр уыдонæн фæнывонд кæны:

*Сæвæрдæуæд сахсæн*
*Мæйдзæфхад æфсургъыл!*

*Бæласы уидæгтæ*
*Ысфæйлауæд дзæргъ!*

*Цæргæсы хъандзал базыр*
*Айгæрдæд фат!*

*Уæлæхох Поэтыл*
*Йæ адæм ысуæнт! —*

*Поэт сæ йæ зарæджы*
*Скæндзæн æнусон —*
*Æфсургъæй,*
*Бæласæй,*
*Цæргæсæй,*
*Лæгæй!*

**(«Куы сæвæрай сахсæн...»)**

Уыдонæй алкæмæй дæр Поэт уæлдæр лæууы. Бæрзонд чи нæу, уый куыд сисдзæнис искæй бæрзондмæ? Фæлæ иууыл зындæр бæрзонд уæвын у. Уæлдайдæр, «хæлæггæнджыты “рдæнгтæ дæ алыварс куы цоппай кæной, уæд». Ахæм рæстæджы уæнгтæ æрызгъалын диссаг нæу:

*Дæ удыл дын рæстæй куы мысой даутæ,*
*Дæуæн куы уа дæ дзыллæйыл дæ мæт...*
*Зын у фыссын, дæлæмæдзыд козбау лæг*
*Лæгæн куы схæца зондсадзыныл, уæд.*

*Æркæсынц мæм æнæхъуаджы хæххытæ*
*Мæ фыстытæ — мæ сау хъыджы цæуæт:*
*Зын у фыссын, дæ дуруæззау рæнхъытæ*
*Куы хоной адæм «мулчы мадзал», уæд.*

*Куынæ дын уа тыхсты сахат ныфсдæттæг.*
*Куы суа мæнг ныхас дуджы гакк, йæ фæтк...*
*Дзырды фарнæн йæ цыфыддæр ызнæгтæ*
*Куы уой нымад куырыхон лæгтыл, уæд.*

*Зын у цæрын, лæджы намысыл тохы*
*Куы цæуай разæй, ку' архайай рæстыл:*
*Дæ дуджы цæсгом равдисыны охыл*
*Дæ уд куы бакæнай уæхстыл!..*

**(«Пушкин»)**

Автор йæ зæрдæйы риссæгтæ рухсмæ ракалдта, уырыссаг адæмы, стæй æнæхъæн дунейы поэзиуарзджыты зæрдæты йæхæдæг йæхицæн, ныхилæн дæр кæмæ нæй, ахæм цырт чи самадта, уырыссаг адæмы уыцы гениалон поэт А. С. Пушкины номæй.

Шамил советон поэты уавæр 40—50-æм азты хоны тæссаг: «Æцæг поэт æдзухдæр æмæ кæддæриддæр цæуы карды комыл. Тæссаг уыд советон поэты уавæр 40—50 азты, уымæн æмæ Рæстдзинад æхцон нæ уыд хицауадæн. Фælæ поэт пехуымпар у æмæ хъуамæ йæ зæрдыл дара Дантейы фæдзæхст: «Нельзя, чтоб страх повелевал уму». Ныр бирæтæ, рæстдзинад дзурын кæй нæ фæрæзтой, уый кæнынц рæстæг æмæ уавæрты æфсон. Курдиат рухс тынтæ уадзы ныккæнды дæр. Руссо дзырдта: «Мæн Бастилийы куы бакæниккой, уæд æз уым скæнин сæрибары ныв». Политикон реакцийы дуджы Секъа фæндырдзæгъдæгæй (поэтæй) домдта рæстæджы хъæнтæ æргом кæнын æмæ йын фæдзæхста: «Ма фæтæрс, лæг, нæртон дæ кæд, — Дæ удæн та цы хицау ис?! («Фæндырдзæгъдæг»). Уыцы традици хæссы Нафи дæр æмæ поэтæй агуры лæджыхъæд æмæ

курдиат. Тæрсæн ис карды бын — уый æрдзон инстинкт у æмæ хъæстаг нæу («Поэт куы уай», 1957). Фæлæ «поэт уæвгæйæ дæ фыссынмæ куы 'рцæуай, уæд та цæмæй тæрсыс? Уæд хъуамæ уай хъæбатыр æмæ растдзур!» — стæй дарддæр: «Аивады кусæг сфæлдыстадон процессы сæйфы сфæлдисæг, Хуыцауы 'мсæр, уым сæрибар у йæ уд, уым паддзахиуæг кæны æрмæст йæ зонд, æмæ йын «мæлæты тас ницы хъом у мур дæр». (Журнал «Фидиуæг, 2000, №1, 10—11-æм фæрстæ.).

Ай-гъайдæр, сфæлдыстадон дуджы аивады кусæг Хуыцау дæр у æмæ паддзах дæр. Фæлдисгæ та фæкæны йæхи дуне. Иутæн рæсугъддзинад фæдæтты, иннæтæн — фыдхъуындзинад; иуты Хуыцауы цъупмæ сисы, иннæты адæмы къæхты бын æркæны. Суанг адæймаджы сæр акъуырын æмæ марды раудæгас кæнын дæр йæ къухы сты.

Афтæ кæй у, Шамилы уыцы хъуыдыйæн ирд æвдисæн у, Камал ахæм темæйыл уыцы уацæй 23 азы размæ цы аив æмдзæвгæ ныффыста — «Мæ хæлар поэттæн», зæгъгæ, уый. Поэт катай кæны, кæй «табу кæнæм Поэзийы æндæргæн», мамæлайы къæбæрыл кæй фыссæм æмæ «нæ рæнхъытимæ уæй кæнæм нæ уд», афтæмæй йæ хатгæ дæр нæ кæнæм. Хъыгагдæр ма цы уа — «фæдзурæм мах нæ сабитыл...нæ низтыл... Нæ удты кой — нæ «лæгдзинады» рындз». Фæлæ мах нæхицæй лæгтæ, чи зоны, тыхлæгтæ куы аразæм, уæд кæмдæр та «кæлы зæххы картæйыл тугзæй: уый Чили у» — поэты «сау сагъæсы сæр!»; «Кæмдæр та сæрыстыр коммунисттыл Ælгъаг сатраптæ уырсиуæг кæнынц».

Ома, уыцы контрастон хабæрттæ нымайын ног загъд сты? Нæгъ. Йæ бæлвырд кæнынмæ нæ дардмæ цæуын нæ хъæуы. Æвиппайды хъусты нызззелланг кæны Дзуццаты Хадзы-Мураты æмдзæвгæ «Æз ацы нуазæн...».

Лирикон хъайтар нуазæн куы райста, уæд «чидæр райгуырд, чидæр пъа кæны йæ уарзонæн» — чи мæлгæ кæны, чи — ногдзинæдтæ аразы:

*Кæмдæр*
*джунглиты хæтынц*
*сабиты марджытæ,*
*Бомбæ*
*уæлдæф æмæ*
*зæрдæтæ рæдувы...*

*О, ацы нуазæн,*
*куыд маст дæ,*
*куыд адджын дæ!*
*Дуг дæ схай кодта мæнæн,*
*мæ фадат — зынвадат...*

Фæлæ йæ нуазы, цæмæй, уый цы зындзинæдтæ хъуамæ аскъуыддзаг кæна, уыдон æндæрмæ мауал æрхауой.

Уыдæттæ кæй нæ нымадтам, абон дунейы алы кæрæттæй уыцы тугкалд Ирыстонмæ дæр уымæн ранхъæвзта. Сæ ном кæмæн нæ дзырдæуы, нæ уыцы фыдбоны сыхæгтæ нæ аныхъуырынмæ уымæн хъавынц.

Фæлæ Ходы-фырты æмдзæвгæ «Мæ хæлар поэттæн»-ы сæйраг уый нæу. Уымæн æндæр хъуыды тæлфы йæ сæры æмæ йæ зæгъы ныфсджын æмæ сæрыстырæй, поэтæн куыд æмбæлы, афтæ:

*Лæгдæр уæвынæн н' агурæм мадзал дæр,*
*Къостайы фарныл ауыгътам нæ къух...*
*Фыдæлты загъдау — нæй адзал мадзалæн! —*
*Уæдæ, уæд циу нæ тарсты сæр æдзух!*

*Нæхæдæг стæм хуыцау дæр, стæй паддзах дæр —*
*Уый иу цъусдуг дæр ма рох кæнæм мах!..*
*Уæдæ, поэт, дæ уды намыс хъахъхъæн!*
*Ныфсæнцой дын — Рæстдзинады гæнах.*

Дзуццайы-фырт ма загъта, поэт фæлдисæг кæй у, æмæ кæй хъуамæ фæлдиса Хуыцауау. Ærмæстдæр Хуыцауау, — æппæтхъомæй, æппæтыл хъуыды кæнгæйæ æмæ сæрибарæй:

*Дæ намысы раз,*
*адæмы раз,*
*дунейы раз*
*æнкъарыс бæрн,*
*Ма дæ уадзæд хъуаг*
*сæ мæт, сæ цин æмæ сæ хъыг,*
*кус, архай,*
*уæлахиз кæн*
*сæ сæрвæлтау,*
*фæлдис адæймагон дуне,*
*адæймагон адæймаг фæлдис,*
*фæлдис хуыцауау!*

Иугæр афтæ у, — уый та æнæмæнг афтæ у, — уæд нын цынæ сразы ис семæ.

Фæлæ ирон поэтæн æрмæст 40—50-æм азты нæ уыд тæссаг. 30-æм азты сæ растæй-зылынæй сæ къæхтæй ауыгътой ирон адæмы знæгтæ. Нæ уыди 60—70-йæм азты дæр æнцон. Стæй поэтæн иунæг дуджы дæр æнцон никуы вæййы. Уымæн æмæ уæлæмæ дзуры. Паддзах та йæ къæлæтджыныл цас тæссондæрæй бада, уыйбæрц алы гыццыл хъуыддагмæ дæр гæппæй лæууы. Сæрибарæй хъуыдыгæнджыты афтæ фелхъивынц, æмæ сын сæ зæрдæты, сæ хъуыдыйы бацæрын кæнынц гыццыл цензортæ, цæмæй сын фадат ма дæттой сæ базыртæ сæрибарæй айтынг кæнынæн. Чи нæ йæм фæхъусы, уыдонæн та тæрхæттæ фæкæнынц: «Сæ иуы уал æрхæссæм, цæй, нывонд!»

*Æмæ* сæ хастой нывондæн. Фыдлæг æмæ фыддуджы бон бирæ у. Мæлæтæй чи ирвæзт, уыдоны сæрибар хъуыды дæр цыд æрдызт, цæмæй уыдаиккой уæлхъæдæй хус бæлæсты хуызæн, сæ бон мацы аразын уыдаид.

Камал уыдæтты тыххæй тынг раст зæгъы:

*Мæкъуыстджытæ нын нæй, фæлæ — æргъиутæ,*
*Нæ цæстысындз — уæлтæмæны цъæх арт.*
*Лыстæг цензортæ бацарди нæ риуты:*
*Ыскодтой нын нæ зæрдæтыл бæхбадт...*

**(«Мæ хæлар поэттæн»)**

Тыхы дон хæрдмæ ласы, æмæ не 'взæртæ никуы фефсæдынц сæ сæрхъуызойты тугæй. Сæ бон куыд вæййы, афтæ нын фергæвдынц нæ хуыздæрты. А. Солженицын ныл уымæн бахудтис: «...чекистам Осетии (рассказывает начальник милиции Заболовский) дана была разверстка расстрелять по республике 500 человек, они просили добавить, им разрешили еще 250». (А. Солженицын. Архипелаг ГУЛАГ, М., 1990, 1-аг чиныг, 79-æм фарс.).

Цы ма уа уымæй фыддæр, уымæй фидиссагдæр?! Æмæ-иу фыццаг цæф интеллигенцийыл кæй æмбæлд, уымæ гæсгæ сын æппæты раздæр скуынæг кæнынц сæ раздзогты — фысджыты, ахуыргæндты, æхсæнадон архайджыты... Фыссæг æмæ ахуыргонд адæймаг Мæрзойты Сергей уымæн зæгъы: «Эти процессы не могли обойти стороной и осетинскую литературу. У нее давняя трагическая история. Ее зачинатели подвергались гонениям и преследованиям властей. Им приходилось творить в ссылках и казематах.

В роковые тридцатые годы, да и позднее, в послевоенное время, жертвами политической репрессии стали десятки деятелей

литературы и искусства. В лагерную пыль превратились лучшие представители осетинской интеллигенции, писатели, ученые, общественные деятели, их творчество, дела и помыслы предавались анафеме». (Сергей Марзоев. «Годы и судьбы». Кæс: «Люди, помните нас», Цхинвал, 2005, 120-æм фарс.).

Ахæм уавæры хорз дæ, æмæ дæ риуæй стон уæды лыстæг æмæ ælгъаг цензорты.

Камалы бирæ хæттыты уымæн фæхъæуы искæй номæй — Пушкины, Хазбийы, Харайы кæнæ æндæрты номæй йæхи хъуыдытæ дзурын. Уый дæр аивадон амал у — дæ дзуринаг куыд зæгъай.

В. Маяковскийы æмдзæвгæты цикл «Я»-йы иу рæнхъы тыххæй йе 'мрæстæгонтæй иу афтæ фыста: «Мы шли уже, кажется, по улице Дзержинского. Из школы выбегали дети... Очевидно, у них вечер был или эта была вторая смена. Маяковский остановился, залюбовался детьми. Он стоял и смотрел на них, а я, как будто меня кто-то дернул за язык, тихо проговорил:

— «Я люблю смотреть, как умирают дети».

Мы пошли дальше.

Он молчал, потом вдруг сказал:

— Надо знать, почему написано, когда написано и для кого написано... неужели вы думаете, что это правда?» (Маяковскому. Сборник воспоминаний и статей, М., ГИХЛ, 1940, 180—181-æм фæрстæ.).

Мæнмæ, дзуринаг æмæ йæ куыд зæгъай, уыдон дыууæ дæр ахсджиаг кæсынц. Сæ иу дæр хъуамæ бадт æмæ бæстон уа æмæ иннæ дæр. Дзуринаг æмæ йæ куыд зæгъай, уыдон сæ кæрæдзи æххæст кæнынц, зæгъгæ, уæд сын æмбал нæй. Камалы йæ поэтикон дзуринæгтыл цуан кæнгæйæ, сæ фæдыл «куы фæцæйсайынц рог фæндтæ, уæд рагагъоммæ» уымæн сдуды йæ зæрдæсæр. «Аслам фыды бас нæй», — зæгъы ирон æмбисонд. Поэт æнцон фæндæгтæ куы агура, уæд ын дзурæн нæй: «Уæларвмæ ныййазæл, Дæлдзæхмæ дзыназ — Уæздан мырты уаз зæлд, Тызмæг мырты маст» («Мыртæ»), æмæ йæ зарæджы æхцон мыртæй никуыдæр йæ зæрдæ ныррайдзæни, никуыдæр сæ йæ зын ныммæлдзæн. Дæхицæн дын удæнцой чи нæ хæсса, уый куыд бакъуырдзæн искæй зæрдæ?

Уæдæ, поэт йæ куыстагæн йæ судзагæй саходынмæ уымæн

тырны, æмæ кæд гæзæмæты райхъуысы йæ зарын, уæддæр йæхицæй нæу разы:

*Мæ куыстагæн йæ судзагæй куы саходын,*
*Гæзæмæтæ уæд райхъуысы мæ зарын...*
*Дæлимон дæр дывыдон арт кæй рахонид,*
*Æз ахæм уысмы удæнцой ыссарын!*

*Æз хъуамæ ссарон*
*Ахæм бæрзæнд,*
*Ахæм рындз, —*
*Куыд бацæуа æгас Ирыдзыхъхъ дисы...*
*...Цы йæ 'мбæхсон:*
*Æппæлгæ дæр мæ ракæнынц,*
*Фæлæ мæ зард*
*Мæхи зæрдæ*
*Нæ исы!*

**(«Куыст»)**

Фæлæ йæ исы чиныгкæсæджы зæрдæ. Йæ рæстдзинады тыххæй. Стæй поэты ном бæрзонд кæй исы æмæ йæ сæрыстырæй кæй хæссы, уый тыххæй дæр. Поэт йæ куыстæй цас нæ уа разы, цас бæрзонддæрмæ тырна, уыйбæрц дзы адæм уыдзысты райгонддæр.

* * *

Чысыл раздæр интимон темæйы кой скодтон.

Æмткæй уарзт, уæлдайдæр дыууæ уды — нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы уарзт адæймаг йæ гуырдзы кондæй рахæссы. Стæй, дыууæ уды цы 'нкъарæнтæ фæзынынц, уыдон кæд сæ кæрæдзийæн аргъ кæныны аккаг разынынц, уæд æцæгæй райгуыры уарзт. Свæййы сын карз низы хуызæн. Æнæ сæ кæрæдзи сæ ницыуал фæуромы. Афтæ сæм фæкæсы, — иумæ алы фыдтæ дæр абырсдзысты. Ирон æмбисонд мæнгæй нæ зæгъы: «Лæг кæй уарза, уыимæ хохы цъуппыл дæр фæцæрдзæн». Æмæ фæцæрынц.

Камал йæхæдæг йæ бирæ интервьютæй иуы афтæ зæгъы: «У осетин не принято говорить о собственной жене, но тем не менее позволю себе такую нескромность и скажу, что я женился по любви, другого интереса, в плане имущественном или карьеры, или еще чего-то, не было. Она из скромнейшей семьи,

родители были обыкновенными крестьянами, честными, в довольно стесненных условиях жили в одном из сел Южной Осетии, там я случайно ее и встретил, и эта встреча предрешила все. Да, я думаю, сама семейная жизнь у меня сложилась, и тыл у меня всегда был надежный. Я знаю, многие жены привередливы, любят дорогие вещи, требуют от мужей, есть возможность или нет, покупать то или иное. Вот у нее от природы этого нет, а это очень редкое качество для женщин». (Газет «Северная Осетия», 2001, хурхæтæны мæйы 2-аг бон.).

Бирæ ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, стыр уыриссаг критик æмæ литературæиртасæг В. Белинскийы хъуыдымæ гæсгæ дæр, уарзондзинад у, адæймаджы чи фегæр кæны, уыцы цахæмфæнды æнкъарæнтæн сæ иууыл тыхджындæртæй. Уæдæ, дунеон аивады иууыл хуыздæр уацмыстæ хуымæтæджы, мыййаг, нæ райгуырдысты дыууæ уды æхсæн æгæрон уарзтæй. Уарзт иуты йæ къæхты бын ауурæрды, иннæты Хуыцауы цъупмæ сисы. Фæлæ æнæ уый адæймаг нæ, цард йæхæдæг дæр æгъуыз æмæ ницæйаг уаид. Нудæсæм æнусы голландиаг стыр нывгæнæг Ван Гог уымæн загъта: «Жизнь без любви я считаю греховным и безнравственным состоянием». (В. Ван Гог. Письма, М., 1966, 76-æм фарс.).

Фæлæ нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы æхсæн ахастытыл иууыл хуыздæр аивадон уацмыстæ, хъыгагæн, райгуырдысты зæрдæхауд уавæртæй — æз дæу уарзын, ды мæн нæ уарзыс. Кæнæ уарзты æртæкъуымонæй, æз дæу уарзын, ды та æндæры уарзыс. Стæй хатт — уарзты цыппаркъуымонæй дæр: æз дæу уарзын, ды кæйдæр уарзыс, кæйдæр — æндæры, æндæр та — мæн. Афтæмæй иууыл бæллиццагдæр уарзт у, дыууæ уды сæ кæрæдзийыл æрратæ æмæ мæрдтæм цæрддзу куы кæной.

Камал ахæм уарзты кой скодта. Ахæм уарзтæй райгуырдысты йæ бирæ аив уацмыстæ:

*Мæйæ зæхмæ ивæзы тын-уылæн,*
*Уый, тæхуды, де 'рвон уатмæ бахæсс.*
*Фæлæ дæ æнцад-æнцой фын уынын*
*Ацы 'хсæв нæ бауадздзæн мæ сагъæс.*

*Бастад зæрдæ удхайраг тæлфынæй,*
*Ды — йæ сæр мæ цин æмæ мæ зынæн.*
*Фестъæлфдзынæ иуафон дæ фынæй*
*Æмæ бонмæ нал æрцъынд кæндзынæ...*

*Дзуары лæгау дæн сыгъдæг дæ разы,*
*Æмæ-иу мæм сусæг азым ма хæсс:*
*Не скæнæг нæ дыууæйы дæр уарзы*
*Æмæ нын дæтты, мæ бон, æмсагъæс...*

**(«Зарæг»)**

Чиныгкæсджыты цæстæнгас сæхимæ фылдæр фелвасынц, романтикон-трагикон уарзт кæм вæййы, уарзæгой удты царды социалон æнæрæстдзинад хурхæй кæм фæмары, уарзты дидинæгæн сæрибарæй райхæлыны фадат кæм нæ вæййы, ахæм уацмыстæ.

Ахæм чиныгкæсджыты азымы дарæн нæй. Уарзт, дыууæфарсон уарзт сыгъдæг куы уа, цард срæсугъд кæныны хæс куы æвæра йæ разы, цыдæр фæпайда кæныныл баст куынæ уа, уæд ын йæ размæ дуртæ тулын нæ хъæуы. Чиныгкæсæджы зæрдæ уымæн ныффæлмæнтæ вæййы, зæххон царды цинтæ бавзарыны бæсты Хуыцау уæларвон уарзт кæмæн ратты, уыцы трагикон хъайтартæм.

*Кæрон иннæ номыры*

*САБАЙТЫ Сулейман*

# «НАРТЫ ФАРНÆГ»

Хуыгаты Сергейы литературон сфæлдыстад райдыдта 1950 азы, Цæгат Ирыстоны педагогон институты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайады куы ахуыр кодта, уæд. 1962 азы Джыккайты Шамил, Ходы Камал æмæ Сергей мыхуыры рауагътой æмдзæвгæты æмбырдгонд «Бонвæрнон». Хицæнæй та йæ æмдзæвгæты фыццаг чиныг фæзынд 1968 азы. Уый фæстæ Сергей йе'ргом тынгдæр раздæхта прозæмæ. Æнæ уæлдай æппæлæн ныхасæй зæгъын хъæуы уый, æмæ аив дзырд уарзджытæ Сергейы фыстытæ кастысты стыр æхсызгонæй. Йæ уацмысты сæйрагдæр миниуджытæ уыдысты цардимæ æнгом бастдзинад, авторы хæлар, цæстуарзон æнгас адæмы хуыздæр цардыуагыл тохгæнджытæм æмæ æнæуынондзинад æввонгхортæм.

Æз мæ уацы зæгъынмæ хъавын, фæстагдæр ма йын цы чиныг рацыд — «Нарты Фарнæг» (рауагъдад «Ир», 2005 аз), уый тыххæй.

Ацы чиныгмæ хаст æрцыдысты роман «Нарты Фарнæг» æмæ цыппар радзырды. Роман уæлæнгай бакæсгæйæ афтæ фæкæсдзæн, цыма Нарты дуджы нæ рагфыдæлты цардыуаг æмæ æгъдæуттыл фыст у. Уый бынтон раст нæу — автор, æнæмæнг, æнцой кæны Нарты таурæгътæ æмæ рагон историон царды цаутыл, фæлæ дзы цы арф хъуыдытæ бавæрдта, уыдон тынг актуалон сты нæ ныры дугæн. Сæ сæйрагдæр — адæмты æхсæн хæлардзинад æмæ æууæнк фидар кæнын. Уыл дзуры сæйрагдæр хъайтар Фарнæг иудадзыг дæр. Фæллойуарзаг, зæрдæхæларæй æвдыст цæуы. Фарнæджы уыцы миниуджытæм гæсгæ уарзтой æмæ йæ фарсмæ æрбалæууыдысты йе'фсымæр Уæн, йæ фыдыфсымæр Уæрхтæнæг, æрыгон лæппутæ Сагахс, æмæ бирæ æндæр нæртон фæсивæд. Æрмæст Нарты дуг ныры дугæй æгъатырдæр уыд, стæры ацæуын æмæ искæй фос ратæрын, байсын сæм нымад уыд лæгдзинадыл. Ахæм миниуджытæй Нартæй къаддæр хайджын нæ уыдысты сæ алыфарс цы адæмтæ царди:

айгуыртæ, ногъа, азертæ, чынтæ. Уыдон се ’ппæт дæр сæ царды фылдæр рæстæг æрвыстой цуан кæнынæй, къаддæр та зæххы куыстæй. Цуан та кодтой айдагъ сырдтыл нæ, фæлæ адæмыл дæр. Кæуылдæриддæр хæст кодтой, уыдон-иу амынæты акодтой æмæ сæ дардтой ныккæндты, цалынмæ сæ ælхæнæг нæ фæци, йе та сын сæхиуæттæй æххуысгæнæг нæ фæци, уæдмæ. Автор аив нывæфтыдты руаджы æвдисы иу цалдæр ахæм цауы. Цæвиттонæн æрхæсдзыстæм Фарнæгæн йæхи бинонты хабæрттæ. Йе ’фсымæр Уæн, рынчын уæвгæйæ, басгуыхти дисаджы фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг, Нарты адæм æм æхсызгонæй хъуыстой æмæ-иу сæ зæрдæтæ барухс сты. Уæд иу бонрæфты райхъуыст йæ фесæфты хабар. Нарт æй агурын куы райдыдтой, уæд ын йæ фæндыры ’рдынæг ссардтой. Фæд сæ рахаста айгуырты ’рдæм. Адæм æрæмбырд сты æд хæцæнгæрзтæ ныббырсыны фæндæй, фæлæ сæ Фарнæг нæ ауагъта æмæ йæхæдæг иунæгæй ацыд. Фарнæджы уырныдта, фат æмæ кардæй ныхас тыхджындæр у, адæм иууыл æмхуызон æвзæр не сты. Нарты æмбырдты арæх дзырдта «…æвзæр адæмтæ нæй… æвзæртæ рацæуы адæмæй, фæлæ, адæм æнæхъæнæй æвзæр уой, уый гæнæн нæй. Уымæн æмæ адæмты Хуыцау сфæлдыста æмæ сæ адæмтæй сфæлдыста». Хатгай гуырысхо кæнын дæр райдайы, кæд рæдигæ кæны, кæд нартæй иуæй-иутæ сæ сыхæгты тыххæй кæй дзурынц, уый раст у, зæгъгæ. Уæрхтæнæг æмæ Уæны ныхæстæм хъусгæйæ йæм фæзынд ахæм хъуыды дæр: «Фæлæ иугæр адæм тугхор куы уой, туг куы хæрой, адæймаджы туг гыццылæй-стырæй, уæд цы хуызы адæм сты! Туг чи хæры, уымæй хорз зæгъæн куыд ис?..» Йæ гуырысхотыл ма йын бафтыдтой, фыццагдæр цы айгуыроныл фембæлд, уый ныхæстæ дæр. Айгуыроны ныхæстæм гæсгæ, сæ сыхаг адæмтæн цы фыдмитæ аразынц, уыдон иууылдæр Хуыцауы фæндæй сты. Куывдтæ æмæ кувгæ дæр нæ кæнынц, бæрæгбæттæ дæр сæм нæ вæййы.

Мæнæ сæ ныхæстæй иу скъуыддзаг:

«— Махмæ тугхæрæн бон ис.

— Уый дæр дæм нæ зыны Хуыцауы æваст хъуыддаг — лæг уай æмæ лæджы туг хæрай!

— Æхсыримæ хæццæйæ, — цыма искæмæн, дæ хæлафыл уæлдæр схæц, дзырдта, ахæм хуызы загъта лæг».

Фарнæг йæ зæрдæхæларæй не скодта фаг хатдзæгтæ, Нарты

кадджындæр æмæ гуыппырсардæр лæг Уырызмæг уацары кæй бахауд, йæ фыдыфсымæр Уæрхтæнæг æмæ Хорæзæрхæ сæ чындзæхсæвты хæдразмæ хасты кæй фесты, уыдæттæй дæр. Йæ мидхъынцъымты афтæ хъуыды кодта: «Хъуыддæгтæ аразæг кард æмæ фат нал уыдзысты, уыцы дугæн ænæ æрцæугæ нæй. Иу фæндаг йеддæмæ нæй, нартæн сæ алыварс цы адæмтæ цæры, уыдонмæ — уый дзонигъы хъустæй лæгъз уа хъуамæ уыцы фæндаг æмæ уæрдоны цалхæй над. Райсом нæуæг фæлтæр кæй рацæудзæн цардмæ, уыцы нæуæг фæлтæр нæуæг зонд кæй рахæсдзæн йемæ... Дзонигълагъз æмæ уæрдоннад фæндагæй хуыздæр фæндаг нæй».

Гъе уыцы рухс фидæнмæ бæллицтæ раст цыма нæ ныры дуджы адæмты бæллицтæ сты, афтæ сæ æмбары чиныгкæсæг дæр, æмæ уымæй романы актуалондзинад тыхджындæр кæны. Афтæ зæгъæн ис, Нарты дуг, иугай историон цаутæй автор фæпайда кодта нæ ныры царды ахсджиаг фарстатæ аив нывæфтыдæй равдисынæн. Сыхаг адæмты æхсæн «дзонигъ æмæ уæрдоны лæгъз фæндæгтæ» уыцы рагзамантæй ныры рæстæджыты онг дæр баззадысты гуыргъахъхъæй. Хъыгагæн, ныр дæр ма, Советон Цæдисы фехæлды фæстæ, сарæх сты адæймаджы давын, кæнæ йæ марыны цаутæ исты мулк фæпайда кæныны охыл. Дзæвгар фæкъахыр сты адæмты æхсæн æууæнк æмæ хæлардзинад дæр.

Уæддæр, романы цы дуг æвдыст цæуы, уым ахæм цаутæ, царды уагæвæрдтæ карздæр æмæ æгъатырдæр уыдысты. Уымæн æвдисæн у Фарнæгæн йæхи хъысмæт дæр. Айгуыртæ йын йе 'фсымæр Уæны не суæгъд кодтой, фæлæ ма йын йæхи дæр ныккæнды ныммидæг кодтой. Фæлæ Фарнæгæн йæхи загъдау, адæм ænæхъæнæй иумæ æвзæр не сты. Хорз адæймæгтæ уыди Нарты сыхаг адæмтæм дæр. Автор æвдисы айгуырон сылгоймаг Мæргъуанæ куыд феххуыс кодта Фарнæг, Уæн æмæ Уæрхтæнæгæн, цæмæй фервæзтаиккой сæ зын уавæрæй. Сæ бæстытæ сын райхæлдта æмæ сæ ныккæндæй талынг æхсæвы ракодта айгуырты хъæуæй. Фæндагыл Уæн æмæ Уæрхтæнæгæн цæуын сæ бон нæ уыд, æмæ сæ Фарнæг хаста. Фæлæ уымæн дæр йæ хъару басаст. Æнæнхъæлæджы сыл фембæлд айгуырон лæппу Арци æмæ уый руаджы не 'рхауд йæ фæндагыл Фарнæг. Нарты фæдисæттæ, Фарнæг кæм баурæдта, уырдæм куы схæццæ сты, уæд сæм дзуры Фарнæг: «Мæнæ уын мæ

хæрзгæнæг — айгуырон цуанон Хуыцауысконд Арци. Уæрхтæнæг æмæ Уæнимæ ам кæй стæм, уымæй бузныг ут Арцийæ. Æз ныдздзæгъæл дæн уыцы æгæндæг хъæды, нал зыдтон мæ фæндаг, уæдæ мын иуы хæссын дæр зын уыди, хæссын та мæ хъуыди дыууæйы. Æмæ мæм Хуыцау — табу йын уа — рарвыста Арцийы». Нарты адæм арфæтæ кодтой Арцийæн, се стыр куывды та Фарнæгимæ кæнгæ æфсымæртæ загътой. Уæдæ Нарты кадджын хистæр æмæ уынаффæгæнæг Уырызмæг дæр гуымирты мæличчы уацары бахаудта. Мæликк дзы фыййау æмæ уынгтæмæрзæг сарæзта, мæлæтæмбис, зæгъгæ, куыд фæзæгъынц, афтæ йæ бакодта фыргуыст æмæ æххормагæй. Уый дæр фервæзын кодта гуымирон лæг Хъæрæмæдз. Сослан уыцы рæстæг балцæй æрыздæхт, æмæ йын Уырызмæджы хабар куы ракодтой, уæд æй нæ уырныдта, гуымиртæм ахæм лæг разындзæн, уый. Фæлæ йын Уырызмæг карзæй загъта: «Кæй уарзын, уыдонмæ дæр куы уаид ахæм лæгтæ».

Романы цы ахсджиаг фарстатыл ныхас цæуы, уыдон чиныгкæсæджы зæрдыл æрлæууын кæнынц, нæ рагфыдæлтæ сæ зæххытæ кæй нæ бахъахъхъæдтой, уый дæр. Афтæ, зæронд Хуро Нарты уавæртыл хъынцъым кæнгæйæ дзуры: «...Цы зæххыты хицау уыдыстæм æмæ сæ куыд сафтид стæм, куы. Кæй дзы хаццон лæвæрдтам — стæй дугтæ куыд цыдысты, афтæ рох кодтам хъуыддаг, æмæ сын задысты лæвар, кæуыл та дзы, кæм цы æнæзæхх, æгъæдзар адæм уыд, уыдоны æрцæрын кодтам — тæригъæд, дам, сты... Ныр рацæй-рабон æмæ ралæгтæ сты, цæй зæхх, дам, цæ! Æмæ, дам, уæхæдæг дæр мах зæххыл куы цæрут». Нæ рагфыдæлты историимæ зонгæ чи у, æмæ нæ ныры иуæй-иу сыхаг адæмты домæнтæм йæ хъус чи дары, уыдонæн зын бамбарæн нæу уыцы хъуыдыты актуалондзинад ирон адæмæн.

Уымæй ахсджиагдæр хъуыддаг та — æртæ Нартæн кæрæдзимæ æнгом бастдзинад, кæрæдзийы æмбарынад кæй нæ уыд, уый. Фыссæг уыцы стыр рæдыд æвдисы Фарнæджы сагъæсты руаджы. Уый йæ мидхъуыдыты тыхсы æртæ Нарты дæр —иу æмзонд кæй уыдысты æрмæстдæр ныббырсын, стæры ацæуыны, куывдты бадын æмæ ронг нуазыны рæстæг. Мæнæ Фарнæгæн йæ хъуыдытæ уый фæдыл: «Стæрæй куы 'рбаздæхынц... Æмæ ронг куы нынцъухынц дзæбæх, уæд сæм афтæ зынын байдайы, цыма æмзонд сты æмæ æмвæнд. Стæй цыма хъæбатыр сты ноджы. Ахæм ныхас дæр сæм уæд фæзынди сæ куывды: Нартæ

кæнæ хъуамæ стæры цæуой, кæнæ фынгыл бадой. Кæнæ хъуамæ хæцгæ кæной, кæнæ — нуазгæ æмæ хæргæ. Æбуалгъдæр ма цы скæрддзæни лæджы зонд...»

Ахæм зондахастыл фидарæй лæууыдысты Бырсæг, йæ ном — йæ уæлæ кæмæй фæзæгъынц, ахæм лæг. Иудадзыг дæр иннæ адæмтæм ныббырсын чи домдта, Фарнæджы загъдау «хатыр йæхицæн дæр чи нæ зоны». Уыцы миниуæг тынгдæр рабæрæг, Фарнæджы куы амардтой, уæд. Цæвиттон, ногъайы Богъа Нарты фос атардта. Нарты фæдисæтты раздзог Уырызмæг æнхъæл уыд, ногъа фос сæхи зæххыл фæтæрынц. Фæлæ сыл Богъа хинæй рацыд æмæ фос Нарты зæххыл аскъæрдта, æмæ сæ фæдисæттæ нал раййæфтой. Уырызмæг йæ рæдыд куы бамбæрста, уæд загъта: ауадзæм сæ æмæ сын сæ раз бацахсдзыстæм... Æвдадзысуадоны сæрты цы чыс фæндаг ис, ууыл багæпп кæндзыстæм æмæ сыл уыцы хуссарæй ныккалдзыстæм, сæ сæр сæ кой куыд суа. Фæлæ Фарнæг не сразы йемæ: «Уыцы чыс фæндаджы былтыл нæ разы ма бабадой, уый гæнæн нæй æмæ нæ фæцæгъддзысты се 'мбæхсæнтæй уыцы уынгæг ран». Уырызмæджы иннæ фæндон, фæсте сæ асурæм, зæгъгæ, — ууыл дæр не сразы Фарнæг. Уымæн æмæ «уыдон хъæды дзыхы уыдзысты, мах — тыгъд быдыры...» Дарддæр цы чындæуа, зæгъгæ, ууыл Нарты адæм куы схæлхъой сты, уæд сын Фарнæг загъта: «Искæй арвитæм ногъайы Богъамæ — хæцынмæ нæ, ныхас кæнынмæ». Фарнæг раздæрау афтæ хъуыды кодта: «Ныхас дурмæ куы хъары, уæд адæймаг чи у, адæмы хъæр кæмæ хъары, уымæ куыд нæ бахъардзæн ныхас. Ныхас кард дæр у, æмæ уарт дæр. Æмæ уымæй цы хъуыддаг нæй алыггæнæн, ахæм хъуыддаг нæй ацы дунейы». Уыцы ныхæстæм фæдисæттæн сæ фылдæр смæсты сты, фæйнæрдыгæй йæм æфхæрæн ныхас æппæрстой. Уæлдай тынгдæр та адæмы сызмæстой Бырсæг æмæ Дзæмбы. Æппынфæстагмæ «Фæцыд кæйдæр æрдынбосы тъæпп æмæ йæ ныхас кардæй лыгау фескъуыд Фарнæгæн...» Фескъуыд йæ цард дæр. «Гъе ныр дæр ма балæууа нæ разы! — фæцыд йæ хъæр Бырсæгæн.

— Ногъайæ чи фæтæрса, уый ногъайы Богъайæн мæрдты бæхæй фæцæуæд!» Фæдисæттæ сæ бæхтыл аивгъуыдтой ногъайы фæдыл. «Фарнæджы цур ма баззад иунæг Уæн. «Йæ уæрджытыл лæууыд йæ разы хаудæй», — фыссы автор. Фыссæг кæд æргомæй нæ дзуры Фарнæджы марæджы тыххæй, уæддæр чиныгкæсæг

æмбары, Быpсæджы бæллæх ыл кæй сæмбæлд, уый. Ахæм æвирхъау ми ма уымæй раздæр бакодта хиуылæрвæссон, Фарнæджы загъдау «æнæфæныкæй хъал» чынты Хъоба дæр. Кæмдæр Лæхъыбыдыры фæхæст иу дурыл æмæ йæ нымадта æрвон дурыл. Дур æрбæстон кæнын æмæ йæ хæдзармæ æрласынæн ын æххуыс кодта зæрдæхæлар, æууæнкджын Алæгаты Арсаг. Уый бауарзта чынты алæмæты рæсугъд Зилæхурæйы æмæ æнхъæлмæ каст, кæд Хъоба йæ фарс рахæцид, феххуыс ын кæнид. Хъобамæ та æндæр зонд æрцыд: уыцы дурæй кард рацæгъдын кæна. Æмæ йæ нæ фæндыд, дурæй искæмæн бахай кæна, искæмæн ма уый хуызæн кард уа, уый:

«Хъуамæ Хъобайы карды хуызæн макæмæн уыдаид. Æмæ куы банозтджын, уæд æм æрцыди уыцы фыдбылызы хъуыды: Арсаджы амара, æмæ дур йæхицæн баззайа иууылдæр. «Тæригъæд никæмæн батади а дунейы, — фыссы автор, — фæлæ Хъобайы куыд тагъд æрсырдта, афтæ, æвæццæгæн, нырма — никæй». Æмæ æцæгæй дæр афтæ рауад. Арсаджы ныгæнæн бон æй чынты лæппутæ уыцы дуры цуры байфæфтой дыдагъæй, фезмæлын æмæ дзурынхъом дæр нал уыди, афтæмæй. Арсаджы цы дуры тыххæй амардта æмæ йæхи дæр мæлæты дуармæ цы дуры тыххæй æрлæууын кодта, уый дæр ын йемæ аластой. Хъобайæн йæ сæры зонд фæцыд, цы дзырдта, уый дæр нал æмбæрста, афтæмæй йæ сæнтты арæх кодта Арсаджы кой. Иуныхасæй, рынчынфæрсæг æм чи æрцыди, уыдон бамбæрстой, Арсаджы марæг йæхæдæг кæй уыд, уый.

Æртæ Нарты æхсæн иудзинад, кæрæдзийы æмбарынад фидар æвæрд кæй нæ уыди, уымæй Фарнæг аххосджын кæны айдагъ иугай адæймæгты нæ, фæлæ Æхсæртæггаты дæр. Уыдон нартæй сæхи уæлдæр бынаты æвæрдтой, фæндыди сæ иннæ Нартæ дæр уыдоны куыд фæзмой, уыдонмæ куыд хъусой. Иумæйаг зæххытæ дæр уыдон райдыдтой дихтæ кæнын. Уæд иннæтæ дæр февнæлдтой сæ зæххы хæйттæ дихтæ кæнынмæ, æмæ гæрæнтæй къах бавæрæн дæр нал уыд.

Фарнæг романы сæйрагдæр фæлгонцтæй у æмæ йын йæ сурæт Сергей нывæнды иннæтæй уæлдай лæмбынæгдæрæй. Уацмысы цы цаутæ æвдыст цæуы, уыдоны се ’ппæты дæр, суанг йæ амæлæты онг уыд архайæг, æмæ сæ уый куыд æмбæрста, ахæм хуызы æвдисы автор йæхи хъуыдытæ дæр. Ома, арæх уыцы цаутæ æмæ сæ фæстиуджытыл дзуры Фарнæг.

Раст бафиппайдта Ходы Камал «Фарнæг Нарты гуыппырсарты ’хсæн стыр бынат нæ ахсы. Кадджытæй дæр иу-дыууæйы разыны æрмæст...» Фæлæ иугæр Хуыгайы-фырт йæ роман «Нарты Фарнæг» рахуыдта æмæ Нарты кадджытыл æнцой кæны, уæд сæ разагъды Уырызмæг æмæ Сатана, Сослан, Батрадз æмæ Хæмыцы фæлгонцтæ дæр йæ уацмысы ахсынц зынгæ бынат. Балцы цæуой, йе стæры, куывдты бадой, йе сæ ныхасы исты ахсджиаг хъуыддаг лыг кæной — кæддæриддæр Уырызмæг уыд сæ балхон æмæ зондамонæг. Автор ын цалдæр раны цæстуарзонæй æргом кæны йе стыр ахадындзинад Нарты æхсæн, канд йæ архайдæй, нæ, фæлæ йæ зондджын ныхасæй суанг йе ’ддаг бакастæй дæр. Мæнæ иу цæвиттон, Нартæ раздæр хъоды кæуыл бакодтой, уыцы æвзонг лæппу æмæ чызгæн ныххатыр кæныны хъуыддаг Ныхасы куы æвзæрстой, уæд дзуры Уырызмæг:

«— Хуыцау, цы хуыздæр уыдзæн, ууыл нæ бафтау! — цыма кувгæ кодта, уыйау йæ ныхас араугæ цыди Уырызмæгæн. Цыма иннæ хистæртæ йæ алыварс бадгæ кодтой, уый лæууыди бæрзонд, фæтæнуæхск, урсбоцъо — æмæ цæсты ахадыдта... — Æркæсæд уæ алчидæр йæ зæрдæйы рæбынмæ æмæ дзы хæрзæбонæй цы ссара, уый ма бавгъау кæнæд уыцы дыууæ мæгуыpæн. Æниу дыууæ нал сты, æртæ баисты кæмдæр, Хуыцауæй курæгау уæ курын — мад-фыды гæдзæ сын ныккæнут. Æмæ ныссабыр ныхас», — фыссы Сергей. Уырызмæджы ныхмæ дзурджытæ кæд уыди, уæддæр ын йæ курдиатыл сразы Ныхас.

Хъоды кæуыл бакодтой, ахæмтæн Нартæ никуыма ныббарстой. Ныр фыццаг хатт ныббарстой, æмæ уым Сатанайы зонд дæр уыд. Уырызмæг йæ ныфс куы нæ хаста уыцы хъуыддаг Ныхасы размæ æрæвæрынмæ, уæд ын Сатана афтæ фæдзæхста: «...нæ кæстæртæ фæрæдыдысты, нæ дзæбæх кæстæртæ æмæ сын хатыр фæуæд, боны фæстагмæ иу рæдыд Хуыцау дæр зоны! Æгъгъæд сын уæд, æртæ азы æмæ æрдæг цы утæхсæнтæ бавзæрстой, уыдон». Уырызмæг сæххæст кодта Фарнæг æмæ Сатанайы фæндон. Сатанайæн Нартæ цы стыр аргъ кодтой, уый тыххæй Фарнæг афтæ зæгъы: «Цымæ цы фæуыдаиккой æнæ дæу Нартæ! Æмæ æниу уыдаиккой æнæ дæу?!» Зонджын, хæдæгъдау, адæймагæн тыхст рæстæджы йе ’ххуысы хай кæнæгæй æмæ рæдауæй слæууы чиныгкæсæджы раз йæ сурæт. Автор æвдисы, дæсны фæндырдзæгъдæг æмæ зарæггæнæг рынчын лæппу Уæны куыд фервæзын кодта уæззау низæй йæ зонды

руаджы. Нарты адæм æй арæх афæрсынц, исты хорз хъуыддаг саразын сæ зæрдæйы куы вæййы, уæд. Раст зæгъгæйæ, уыцы миниуджытæй хайджын уыд Сатана Нарты кадджыты дæр. Æрмæст Сергей нæ фæлгъауы кадджытæ. Цы царды цауты руаджы æргом кæны Сатанайы характер, уыдон романы бынтон æндæртæ сты.

Нарты гуыппырсартæй ма романы парахатдæрæй æвдыст цæуынц Сослан æмæ Батырадзы фæлгонцтæ. Сослан уыд Æхсæртæггатæй. Стæры, йе та фæдисы цæугæйæ дæр йæхи æвдыста хъæбатырæй, фæлæ уыимæ уыд хиуылæрвæссон. Уыцы миниуджытæ йын тынгдæр рабæрæг сты Адзаты уæйыджы гæнахмæ куы цыдысты Хорæхæрзæйы агурæг, уæд. Батырадз ма уыд лæппуйы кары, Нартæ йæ семæ дæр нæ уагътой, фæлæ сæм нæ байхъуыста æмæ ацыди сæ фæстæ афтид армæй — нæдæр æм кард, нæдæр æрдын уыди. Фыццаг æй бауромынмæ хъавыд Бырсæг, йе уæхск ын бауыгъта, фæлæ змæлгæ дæр нæ фæкодта, стæй йæ хъавыд фелвасын æмæ йæ иуварс аппарынмæ, фæлæ йæ сызмæлын кæнын дæр нæ бафæрæзта. Уый фæстæ йæм Сослан йе 'рдын балæвæрдта, æрбайваз æрдынбос, зæгъгæ. Батырадз йæ иу къухæй æрдыныл ныххæцыд, иннæ къухæй æрбаивæзта æрдынбос. Фыццаг æрдыны къæрцц фæцыди, стæй та æрдынбосы тъæпп, æмæ сæ Сосланмæ бадардта. Сæрыстыр уыд Сослан йе 'рдынæй, Нарты знæгтимæ дзы хъазуатæй хæцыд æмæ йæ Батырадзмæ радта, цæмæй бамбара, нырма йын афон кæй нæу стæры цæуынæн, уый тыххæй. «Хæцыди ныр йæ саст æрдыныл Сослан æмæ йæм æнкъардæй каст...» — фыссы автор.

Нарт Адзаты гæнахмæ куы бахæццæ сты, уæд уæйыг фынæй кодта, йæ хъахъхъæнæг та уыд уасæг. Уасæгыл Нарт хинæй рацыдысты. Фатыл ронджытылд фæлын стыхтой æмæ йын æй Батырадз йæ къæхты бынмæ фехста уасæгæн. Уасæг фæлынæй куы ахордта, уæд ыл ронг фæтых æмæ бафынæй. Уый фæстæ хæрдмæппарæн ацарæзтой æмæ гæнахы бæрзонд быруйы сæрты Батырадз кæртмæ баппæрста Сагахс æмæ Бырсæджы. Уыдон дуæрттæ байгом кодтой, æмæ уæд Нартæ бацыдысты мидæмæ. Хорæхæрзæйы кæрчытæм зилгæйæ баййæфтой æмæ йæ семæ ракодтой. Уæйыг уæдмæ райхъал æмæ сæ расырдта. Сослан балхон уыд æмæ йæ кард сræвдз кодта, уæйыгимæ схæцыны фæндæй. Фæлæ йæм Батырадз ныллæууыд, цæмæй кард радтаид уымæ æмæ уый схæцыдаид уæйыгимæ. Сослан æнæбары сразы æмæ кард баппæрста Батырадзмæ. «Ныр, лæууыдысты ныхæй-

ныхмæ дыууæйæ. Сæ иу уæйыг, гуыбынджын æмæ бæрзæйджын, йæ иунæг цæст туджы зылд æгасæй: йæ къахт цæстæн йæ фиутæ рабырыдысты æмæ сæ цъæй лæдæрсти русыл. Зæрдæ дзы мæгуыр кодта. Йæ къухы уыд йæ фыййауы кард. Батырадз — саудзагъд æмæ къуыпных, уый карæн мила лæппу куыд фæлæууы, афтæ лæууыд. — Гыццыл хæбæцц, гыццыл гуыбыр, йæ къухы кард, Сосланы кард — стыр æмæ йын йæ фындз æруагъта зæхмæ кардæн...» Æрмæст сæ кæрæдзиимæ схæцыны сæр нал бахъуыд. Уæйыг йæ аххос æмæ æнæбондзинад куы бамбæрста, уæд йæ кард йæхи риуы ныссагъта.

Дзырдæй арæзт нывæфтыдты руаджы царды цаутæ æвдисын, адæймаджы миддуне æргом кæнын у аивадон уацмысы сæйрагдæр домæнтæй иу, æмæ Хуыгайы-фырт уымæ хорз арæхсы, куыд дæсны фыссæг. Уый канд Нарты гуыппырсартæм нæ хауы, фæлæ ма авторæн йæхи æрхъуыдыгонд бирæ фæлгонцтæм дæр.

Раппæлинаг у, Сергей арæхстджынæй кæй пайда кæны нывтæ кæнынмæ. Мæнæ Сатанайы сурæт: «Сатана бæрзонд лæууыди дуры хуссарварс, уддзæф ын йæ кæлмæрзæны кæрæттæ 'мæ къабайы фæдджитыл схæцыди, æмæ йæм зæды хуызæн фæзынди Елтагъанмæ — цыма уæларвæй 'ртахти уалæ, цæмæй... сфидауа Нарты бæстæ 'гасæй». Ацы ран айдагъ Сатанайы æддаг бакастыл ныхас нæ цæуы, фæлæ ма йын хуымæтæг нæртон лæджы цæсты цы стыр кад уыдис, уый дæр æргом кæны.

Романы арæх хъайтарты миниуджытæ, миднымæр хъуыдытæ, архайд йæ алфамблай æрдзы æрфыстимæ баиу вæййынц æмæ дзы рауайы цæстуынгæ нывтæ. Роман чи бакæса, уымæй никуы ферох уыдзæн Фарнæджы фембæлд дард æвадат хъæды, нартæ хъоды кæуыл бакодтой, уыцы Тыхыл æмæ Гуарæйы бинонтимæ. Фыццагдæр сын федта сæ лæппу, гыццыл Хуройы: «Лæууы йæ зонгуытыл къутæры раз æмæ кæсы къутæры бынмæ лæппу æмæ сæныкмæ. Лæппу уыд бæгъæмсар — йæ тæрхъусдзарм худ уым иуварс лæууыди, йæ бур сæрыхил хурмæ æрттывта, æмæ сызгъæрин коцораджын лæппуйы хуызæнæй зынд. Сæныккæн йæ уæнгтæ уыдысты ламигъуыз, йе 'фцæгæй размæ та уыд урс. Æмæ йæ сæр уыцы урс æмæ сыгъдæгæй лæппуйы дæллагхъуыр бакодта». Æрдзы нывты æрфыстæй автор арæх пайда кæны романы хъайтарты характертæ æмæ йæ идейон мидис бæлвырддæрæй раргом кæнынæн, æмæ уый дæр у фыссæджы дæсныйадыл дзурæг.

Романы æвзаджы нывæст у лæгъз, алы дзырд дæр йæ хъæугæ бынаты. Ноджы автор арæхстджынæй пайда кæны адæмон æмбисæндтæй дæр: «Тæригъæд чи нæ зоны, тæригъæд уый фæдыл æфты», «Ныхас зæронд нæ кæны...», «Иубон цы хорз ныхас æрцæуа загъд, уый цæрæнбонты зайы, адæмты 'хсæн»...

Чиныгмæ цы радзырдтæ хаст æрцыдысты: «Тæригъæд», «Утæхсæн бон», «Тæрхон», æмæ «Бæрзбыйнаг изæртæ», уыдон дæр идейон æмæ аивадон æгъдауæй сты раппæлинаджы æмæ лæмбынæгдæр равзарыны аккаг. Ис дзы цардæй ист æмæ ахсджиаг хъуыдытæ, фæзминаг æмæ фауинаг цардæгас фæлгонцтæ.

# УИДÆГГÆ

*ТМЕНАТЫ Дзерассæ*

## УЫРНÆНТÆ ÆМÆ МÆНГУЫРНÆНТÆ

* * *

Тутыры бон чындзытæ æхсæвæй стадысты æмæ æртæ фæндаджы астæуæй сыджыт хастой æмæ дзы, сывæллæттæн цы чингуытæ кодтой, уыдоны хуылфы æвæрдтой.

* * *

Тутырты лæппутæ æмæ чызджытæ ком фæдарынц, цæмæй сæ хуыздæр амæндтæ фæуа.

* * *

Нафæй фæстæмæ зымæгмæ сæрдæй бахæццæ вæййы галы комы тæфы йас.

* * *

Нафы рæстæджы-иу чи райгуырд, уыцы лæппутыл æвæрдтой ном Нафи — уæд бирæ цæрдзæн.

* * *

Уыналы Нафæй фæстæмæ тæрхъус æмæ рувас сæ лæппынты ихын хидыл цæуын нæ уагътой: ныххаудзынæ, зæгъгæ.

* * *

Нафы куывдмæ æддагон лæгæн цæуын нæ фæтчы, нæ фæтчыд хъæрæй дзурын дæр.

* * *

Бæлдæрæн бон дурæй, хъæдæй — се ’ппæт дæр цæуынц уырсмæ. Уыцы бон сылгоймæгтæн даргъкъахæй бадын нæ фæтчыд.

* * *

Дæллаг Дзирийы бынмæ цæуæн уыд æнæ ног дзаумайæ, фæлæ Уæллаг Дзиримæ хъуамæ алы адæймаг дæр скодтаид ног дзаума, уыимæ урс. Хъуамæ йæхи ныннадтаид, ссыгъдæг кодтаид. Дæллаг Дзирийы ластой сæ дзабыртæ æмæ бæгъæввадæй цыдысты Уæллагмæ, сыгъдæгдæры тыххæй.

Уæллаг Дзиримæ цæуыны бар уыд æрмæст йæ боны. Чъиригæнæг уыд æнæцыд чызг.

* * *

Санибайы Ичъынайы бынмæ сылгоймæгтæн не 'мбæлди цæуын. Куывддоны дæле-иу сарæзтой хъазт. Ичъынайы бон дзуары бын фæхъарынц ард давджытæн æмæ алы æвзæргæнджытæн.

* * *

Фыры дзуар кæнынц Дæргъæвсы, у æрмæст нæлгоймæгты бæрæгбон. Фæдзæхсынц ыл рынчын, сахъат лæппуты.

* * *

Сылгоймæгтæн не 'мбæлы дзурын Уастырджийы, Хетæджы, Мыкалгабырты, Тætæртуппы нæмттæ. Дзырдтой Лæгты дзуар, Тымбыл хъæды дзуар, Галты дзуар, Быдыры дзуар.

* * *

Раджы Гуырдзы æмæ Цъæйы 'хсæн нæ уыд ахæм хæхтæ, фæлæ уыди лæгъз ихтæ. Хуыцауы фæндæй дыууæ æнæифтыгъд уæныгыл сæвæрдтой æфсондз æмæ уыдон ластой хъæдтæ Гуырдзыйæ Цъæймæ. Уæнгуытæ хъæдтæ кæй онг æрластой æмæ кæм ныллæууыдысты, уым арæзт æрцыд Рекомы кувæндон.

* * *

Реком нæ уарзы хуытæ.

* * *

Æргъиавд у уæларвон дур. Раджы, дам, æрхаудта уæларвæй хъæуы астæумæ. Чи йæм кувы, уыдонæн дæтты æнæниздзинад, уæнгрогдзинад, хорз бæркад.

* * *

Джеры дзуармæ æрратæ куы бакæнынц, уæд сдзæбæх вæййынц. Бабæттынц сæ, былæй сæ ауадзынц, уыдон фыртæссæй сæ хæйрæджыты нæмттæ фæзæгъынц. Уæлейы чи вæййы, чи сæ ауадзы, уыдон нæмттæ гæххæттыл ныффыссынц. Стæй гæххæтт басудзынц, æмæ уæд æрра йæ гаччы сбады.

* * *

Къаурийы дзуар ис Санибайæ Цымийы æхсæн. Ис æм боны бар лæвæрд. Йæ хорзæх райсыны тыххæй йын кæнынц кусартытæ. Кусартытæн сæ сæртæ сæ цæрмттæй нæ хицæн кæнынц æмæ сæ афтæмæй æркæнынц, дзуары бын цы æвгъилтæ ис, уыдоныл. Сывæллон куы фæрынчын вæййы, уæд ын уыцы æвгъилтæй фæйнæ амайæны ракæнынц æмæ сæ чиныг скæнынц. Уый йе ’нæниздзинадæн у ахъаз.

* * *

Тутырты хъазыдысты фæсонтæ цæвынæй, ома уæд адæймаджы хъару фылдæр кæны æмæ дзырдтой: «Тутыр гуыппæн конд у».

* * *

Цыкурайы фæрдыг зæронды кодта лæппу, рынчыны — дзæбæх, марды — æгас, алы хъуæгтæ — æххæст, ома лæг цы куырдтаид, уый йын йæ къухы æфтын кодта.

* * *

Гуыдырты ком бады Уæлладжыры Урс хохы цъуппыл æмæ йын ис дынджыр дзых, йæ уæллаг æфсæртæ æндзæвынц арвыл, йæ бинæгтæ та зæххыл. Адæмы хъуыдымæ гæсгæ æрвнæрды рæстæг ныхъуыры фæттæ.

* * *

Кусартгæнæг кусарты сæр цалынмæ алыг кæна, артмæ йæ бадара, æргæвдæныл æй фæстæмæ адара, уæдмæ хъуамæ мацы сдзура, ома архайы æрмæст æнæдзургæйæ.

* * *

Дзуары бынмæ хæцæнгарзимæ цæуын не ’мбæлы.

* * *

Фыццаг лауызгæнæнты хæдзары æфсинтæ сабаты сræвдз кæнынц хъарм хæринæгтæ. Уæд зæронд мæрдтæ цæуынц дзыджына агурæг. Уыцы дзыджына къахынц цавæрдæр æбæрæг бæсты æмæ дзы сæхи æфсадынц афæдзы дæргъы. Уыцы æбæрæг бæстæм фæндаг у дурджын æмæ ныхджын. Мард хъуамæ къуырийы æмгъуыдмæ самал кæна уыцы дзыджына æмæ йын уыцы рæстæгмæ, ома фæстаг лауызгæнæнтæм фынг скæнынц. Фынгыл цы уа, уыдоны бæркад ахæссынц мæрдтæ æмæ дзы удæгæстæн пайда нæ вæййы уый тыххæй, кæнынц сæ æрмæст тыппыр.

* * *

Алардыйы кувæндон кæнæ бæлас дарын хъæуы уæлдай буц. Не 'мбæлы йæ къалиуæй иу мисхал дæр сæттын, бæласмæ хизын, йæ разы æвзæр, æнæуаг ныхæстæ кæнын, хыл кæнын — фæкарз уыдзæн æмæ дæ йæ азарæй схайджын кæндзæн.

* * *

Алардыйæ сомы æцæг у. Мæнг сомы дзы чи бакæны, уый стыр фыдæхтæ æййафы, стæй ма йæ суанг йæ сывæллæттæ дæр фæфидынц.

* * *

Москæйы Алардыйы бæласмæ (Дыгургомы) зæрдиаг курæг куы батабутæ, балæгъстæ кæны, уæд ын йæ æхсызгон саразы, ома фыдбылызæй йæ бахизы, зæнæг ын кæд нæй, уæд ын цæмæй райгуыра, кæнæ кæд моймæ цыд нæу, уæд цæмæй смой кæна æмæ а. д.

* * *

Уалдзæджы арв фыццаг хатт куы нынныры, уæд ирон лæг згъоры донмæ, ахсы йæ къухтæ, цæсгом, фездæхы йæ хæдзармæ æмæ йæ хоры къутуты фæрстæ бахойы, ахæм ныхæстæ кæнгæйæ: «Уæ сызгъæрин Хор-Уацилла, хорзад, хорæфсæст нæ фæкæн, æнамонддзинад æмæ нæ фыдæй бахиз».

* * *

Цæмæй Ног дзуар ирон лæгыл рæстмæ ауда, уый тыххæй хъуамæ йæ нывондаг майрæмыкуадзæнты мæйы æнуд бон

бæгъæмсарæй йе ’ккойы схæсса Хъæнийы хуссар-ныгуылæнфарсæрдыгæй Бæрзонд хохы сæрмæ.

* * *

Уациллайы бон цы туджджынтæ барстой кæрæдзийæн æмæ фидыдтой, уыдонæн дзуар дæр барста æмæ сæ фæрнæйдзаг кодта.

* * *

Уациллайы бон дзуары лæг, афæдзы дæргъы дзуары ныгæдæй бæгæныимæ цы дурын уыд, уый ракъахы æмæ рахæссы. Кæд дурын къул уыд быдырыдæм æмæ йæ сæрыл уыд фынчытæ, уæд уый амыдта быдыры хорзад хорз кæй уыдзæн. Кæд дурын хохырдæм къул рауад, уæд хохæгты хор хуыздæр æрзайдзæн.

* * *

Сыгъдæгдзинады гакк урс у. Уацилла дæр сыгъдæг уарзы, урс нывæндтæ.

* * *

Хуыцау галуæрдоны бады, сабыргай уæлæрвты цæуы æмæ æппæт дæр уыны.

* * *

Уыстырджи Хуыцауы раз бады.

* * *

Бынаты ’хсæв искæй хæдзары лæууын нæ фæтчы.

* * *

Нæлыстæджы тыххæй Алардыйæн куы фæкувынц, уæд чъириты сæрыл вæййы зæриндаг къæбæлыл конд, ома лæдзæгыл сызгъæрин æндах тыхт, кæд сылыстæгæн, уæд та зæлдаг бурхуыз къуыбылой.

* * *

Уастырджи цæры уæлæрвты, æмæ йæ цæст æппæт дæр уыны, йæ хъус алцы дæр хъусы.

* * *

Лæг кæд сыгъдæгзæрдæйæ скува, уæд йæ куывд фехъуысдзæн.

* * *

Æфсати, дам, у урсбоцъо зæронд лæг, бады уæлæуæз хохыл æмæ йæ сырдты дзугтæ хъахъхъæны. Кæд æй бафæнда, уæд дын дзы амарыны бар ратдзæн, кæд нæ, уæд — нæ.

* * *

Дæттæ æмæ кæсæгты бардуаг Донбеттыræн, дам, ис бирæ чызджытæ, æмæ уыдон хъахъхъæнынц алы ран дæр дæтты сыгъдæгдзинад.

* * *

Емынæ адæммæ сау гæдыйы хуызы цæуы.

* * *

Тбаууациллайы бын цы фос хизы, уыдонæй исчи куы атæра, уæд æнæмæнг мæлæт ссардзæн рæхджы.

* * *

Бинонтæй дзуарæй рынчын куы вæййы, уæд быдыртæм фаджыс ласын не ’мбæлы.

* * *

Дæлимон Сафа æмæ Уациллайæ дæрдты лидзы, уыдон ын тых кæнынц — рæхыстæй йæ нæмынц.

* * *

Аларды йе ’ргом кæмæ раздахы, уый æнæмæнг фæрынчын вæййы. Уымæ гæсгæ йын лæгъзтæгæнгæ кувынц: «Де ’ргом нæм ма раздах, дæ чъылдымæн дын кувдзыстæм».

* * *

Аларды цæхæртæ калгæ æрбацæуы, — зæгъынц ирон адæм.

* * *

Дзуарæй рынчын сдзæбæх уыдзæн æрмæст зард, кафт, хъæлдзæгдзинад æмæ кувынæй.

* * *

Хетæджы къохы сырд чи амара, уый хъуамæ йæ хъæуы адæммæ уырдæм фæдзура, сырд бахъуыддаг кæной, сфыцой йæ æмæ йæ уым æмхуызонæй бахæрой. Уырдыгæй йын хæссæн нæй. Кæд уыцы сырды фыд хæргæ нæу, уæд æй хъуамæ рахæсса æмæ йæ æддоз аппара.

* * *

Уацилла йæ рæхыстæй нæмы хæйрæджыты, æмæ алы рætты æрвæрттывд куы вæййы, уæд уый хæйрæджыты расур-басур кæны.

* * *

Цæст цы Дуне уыны æмæ цæст цы Дуне нæ уыны, уыдоны æхсæн авд арвы ис.

* * *

Хетæджы къохы алы бæлас дæр, дам, адæймаг цы миниуджытæй хайджын у, уыдонæй хайджын у.

* * *

Хетæджы къохы бæлас чи акала, уый уайтæккæ дæр амæлдзæн.

* * *

Хуыцау, дзуæрттæ æмæ дауджытæн худистæй куынæ кувай, уæд хæрам кæнынц.

* * *

Дзуар йæхимæ æнафоны дзæгъæл цыд нæ уарзы.

* * *

Тудждзынты бафидауын кæныны бар Мадинадзы дзуармæ лæвæрд ис. Куыд æй бафæнда, хъуыддаг афтæ ацæудзæн.

* * *

Дзуары бынæй нæй хæссæн сугтæ, нæй дзы фос хизæн, кæрдæг кæрдæн.

* * *

Дзуары бын æвзæр митæ чи кæны, уый исты бæллæх баййафы.

* * *

Дзуарæн конд хæринæгтæ кæнын хъæуы уæлдай сыгъдæг.

* * *

Дзуармæ хæстæг бæлæсты бын сындз, къутæртæ куы фæзайы, уæд бæлæстæ дæр æмæ къутæртæ дæр сты нымад æвæджиауы иргъæвæн тыхыл, æмæ сæ адæм пайда кæнынц.

* * *

Калм хæдзары куы фæзыны, уæд уый бынаты хицау у — марæн æй нæй.

* * *

Бæрз æмæ æхсæрыл арæзт физонджыты тæф Хуыцаумæ куы скæлы, уæд барст вæййынц.

* * *

Дзуарæн хуы æмæ каркæй кувын не 'мбæлы.

* * *

Тымбыл хъæды дзуары бынмæ цæуын хъæуы æртæ хатты. Уæд кæны æххуыс.

* * *

Уастырджи адæмы æхсæнмæ æрцæуы уæларвæй алы хуызы, фылдæр зæронд лæджы хуызы.

* * *

Хетæг æргом дзуар у.

* * *

Цæмæй дæм хæйрæджытæ, дзинкъуыртæ ма фæфыдæх уой, уый тыххæй сын сæгъ кæнæ карчы туг суадз.

* * *

Дзырд «хæйрæг» дæ дзыхæй куы схауа, уæд зæгъ: «Сæ сызгъæрин хъустæй мæм хъусæнт». Æмæ дын ницы фыдбылыз скæндзысты.

* * *

Зæдæй тæссаг нæу, хæйрæгæй у тас.

* * *

Æртхуроны æвæрдтой цыхтимæ æхца, къуымбилы мур, лыст, хъуымацы гæбаз, хоры нæмыг, æвзалыйы къæртт æмæ æндæр истытæ. Гуыдыны хайимæ-иу кæмæ цы дзаума æрхауд Ног аз, уымæй хайджын уыд афæдзы дæргъы.

* * *

Тутырты-иу фыййæуттæ сæ худты бабастой дуртæ кæнæ сины стæг æмæ-иу загътой: «Афтæ баст уæд бирæгъы ком дæр, уæд дзы ахæм дур». Уыйадыл бирæгътæн сæ бон нæ уыд фос цæгъдын.

* * *

Тутырты цы бæлас акалай, уый уыдзæн æппæты фидардæр.

* * *

Адæмы уырныдта — Куадзæн æхсæв Чырысти фæзындзæн йæ къуылых бæхыл, тохынайæ хæдзармæ ныккæсдзæн æмæ сæм æрдзурдзæн: «Сыстут, уæ ком суадзут, бахæрут, фæминас кæнут, уæ уæлдæйттæ та мæ бæхæн раттут».

*ДЗАТТИАТЫ Уакка*

# НÆ ФЫДÆЛТЫ ЦАРДÆЙ

*(Фольклорон æмæ этнографион этюдтæ)*

Ирон адæмы историон фæндаг уыди тынг зын, фæлæ кадджын. Се 'хсæн никуы мынæг кодтой сфæлдыстады цæхæртæ. Адæм уарзон цæст дардтой сæ налхъуытналмасмæ — Нарты кадджытæм, таурæгътæм, зарджытæм, аргъæуттæм æмæ сæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ лæвæрдтой. Уымæй уæлдай ирон адæм фыдæлтæй фæстæмæ диссаджы æвзыгъд ысты кафынмæ, бæхыл бадынмæ, зарынмæ. Хъазт-иу йæ тæмæны куы бацыд, уæд-иу фæсивæды 'хсæнæй лæппу рагæпп кодта бынтон бæгъæввадæй, рог-иу йæ къахфындзтæ æрсагъта.

**Цоппай.** Цоппай фæзынди 15-æм æнусы. Арв-иу искæй куы ныццавта, уæд-иу æрæмбырд сты æмæ-иу къæйттæ-къæйттæ слæууыдысты. Марды алыварс-иу хъамайæ æрхаxx кодтой, дыууадæстæнон фæндыримæ заргæ цыдысты, кæуыны бар сын нæ уыди. Мард-иу кæм бавæрдтой, уым-иу мыггаг æрвылаз кусарт кодтой æмæ йæ хист нæ хуыдтой, фæлæ куывд — ахæм æгъдау сæм уыдис раджы.

**Зарæг.** Хæххон хъæу Дзомагъы 1934 азы сарæзтой ирон зарджыты къорд. Сæйраг зардамонæг уыди зæронд лæг, фыссæг Дзугаты Геуæргийы фыд Хасæхъо. Къорды архайдтой Дзугаты Габо,

Хъæрæсе, Плиты Никъала, Джыккайты Аким, Дзугаты Геуæрги æмæ фæсивæд. Иуахæмы иу ленинградаг музыкæйы дæсны лæгимæ композитор Галаты Барис зынгæ революционер Плиты Ароны фæндонæй бацыди Дзомагъмæ. Æрæхсæвиуат кодтой Дзугаты Хасæхъойы хæдзары. Аргæвстой сын фыр, хъæубæсты лæгты æрбахуыдтой, æмæ сыл уыдон дæр фæцин кодтой. Дыккаг бон Галайы-фырт æрæвнæлдта йæ куыстмæ: йæ фонографæй ныффыста æртын зарæджы. Дыууæ боны фæстæ ацыдысты Рукъмæ. Уым Плиты Гаца (фыдыномæй сæ Хъониатæ хуыдтой), Гацайы фырттæ Пъауле, Гудза, Пъетъре, Пъаулейы фырттæ Никъа, Сачино, Уасикъо, Къола, сæ хо Уæлгъа иумæ куы зарыдысты, уæд-иу сыладæм сæ цæст æрæвæрдтой. Галаты Барис сын сæ зарджытæ ныффыста. Плиты Гриша уыди Никъайы фырт. Гришайы хуызæн хъæлæс Ирыстоны стæмтæн уыди.

* * *

Хæхбæсты бирæ дзырддзæугæ адæм уыди: Дзукъаты Муссæ, Абайты Бимбол, Дзаттиаты Симон, Тыбылаты Естъа, Джыккайты Къола, Санахъоты Бига, Къозонты Гица, Фæрниаты Гаги, Хæныкъаты Самсон. Тудждзынты дæр-иу бафидауын кодтой. Ирыстон куваг лæгтæй дæр цух никуы уыди — Хъораты Тасолтан, Абайты Андухъапар, Дзаттиаты Дохцыхъо, Наниты Иман, Челæхсаты Гарсо, Дзеранты Лекса æмæ а.д. Сылгоймæгтæй дæр уыди куваг: Начърепайы хъæуккаг Хуыгаты Сопи (Наниты къухы уыдис) цæмæй сывæллæттæ фадынæгæй ма рынчын кодтаиккой, уый тыххæй кодта Табуйы зарæг. Губаты Нуска (Джыккайты къухы уыдис) уæздан, лæггадгæнаг сылгоймаг уыди. Фынджы сæрæй-иу ракуывта æмæ-иу Уастырджийы зарæг ныццæлхъ ласта. Ирон хъæбатыртыл зарджытæ хорз кодтой Цæбиты Залихан, Тогызты Наташæ, Санахъоты Маня, Гусалты Залихан.

* * *

**Дыууадæстæнон фæндырæй** уыдис дæсны цæгъдджытæ Сланты Гаха, Хæныкъаты Никъа, Къæбысты Баир, Саулохты Гæбæдз (Гæбæдз ма далафæндырыл цагъта Нарты кадджытæ). Таурæгътæ, аргъæуттæ кæнынмæ дæр дæсны уыдысты Сланты Иликъо, Губаты Дзакко, Санахъоты Джио, Джусойты Кудза, Дзукъаты Садуллæ, Саулохты Леуан. Хъисфæндырыл аив цагътой

Таутиаты Дрис, Хъалæгаты Иналдыхъо, Джыккайты Аким, Челæхсаты Пируз, Цопанаты Арсæмæг.

Хорз зарджыты къорд уыди Куырттаты комы Барзыхъæуы. Ацы зарджыты къорд баныхас кодтой æмæ Лениныл зарæг скодтой. Зарæг амонæг — Гуыриаты Вано.

* * *

Раджы Цъалагомы Æгъуызатæм хаудтой цалдæр мыггаджы. Ацы мыггæгтæ сфæнд кодтой тыхгæнæг ныббырсын Цъедисы хъæумæ. Цъедисæй ратардтой фос, фæллой рахастой, ракодтой ма чызг æмæ рахастой диссаджы кард. Ацы ныббырсты рæстæджы мард фæци фæсивæды хъæбатыртæй иу — Дзанæгаты Амыран, джимарайаг. Амыраны баластой, стыр хист ын скодтой Ручъы æмæ уыцы бынат схуыдтой Хисты дзуар. Уæдæй фæстæмæ Дзанæгатæ æмæ иннæ мыггæгтæ Æрвылаз куывды цыдысты Рукъмæ, æмæ дзы ныр дæр Атынæджы бæрæгбоны вæййы куывд. Цъедисæй цы фæллой рахастой, уыдон мыггæгтыл байуæрстой. Уæрстмæ Дзатти æрæгмæ цыди — захъайаг уазæг æм уыд æмæ уымæ гæсгæ. Уаринаг ма дзы баззади чызг æмæ кард. Кард радтой Дзаттийæн, чызджы та — Дзаттийы уазæг захъайагæн. Адæмы 'хсæн баззади ныхас «Дзаттийы кард», зæгъгæ. Уый диссаджы кард уыди — æркъæдз æй кæн, стæй йæ феуæгъд кæн æмæ-иу йæ бынаты абадти. Цыфæнды дзы ныццавтай — ахауын-иу æй кодта.

**Хæйрæджытæ.** Ирон адæм раджы афтæ 'нхъæлдтой, хæйрæджытæй ис хæрзгæнджытæ æмæ фыдгæнджытæ, зæгъгæ. Æмæ хæрзгæнджытæн кодтой куывд. Иу хатт Ростъом, зæгъгæ, иу лæг æхсæвыгон рацæйцыд, æмæ йæ размæ къæдзæхæй рахызт иу лæг. Ростъоммæ дзуры, бахсæвиуат, дам нæм кæн. Ростъом «нæ», зæгъгæ, загъта, фæлæ йæ уый сразы кодта. Уый уыди хæрзгæнæг хæйрæг. Дæгъæл систа, æмæ йæ айнæджы бакодта, æрзылдта йæ. Айнæг байгом. Ростъомы мидæмæ бахуыдта. Кæсы лæг, æмæ хæйрæджытæ фынгыл бадынц, сæ разы — хæрд, нозт. Хæрзгæнæг хæйрæг ныхъхъæр кодта: «Мæнæ ацы лæг мæ уазæг у, æмæ йæм куыд ничи бавнала, афтæ!» Ростъомы æрбадын кодтой фынгыл. Хæйрæджытæ кафынц, хæрдмæ фесхъиуынц, æмæ сæ къæхтæ царыл сæмбæлынц. Ростъомы дæр семæ кафын кæнынц, йæ базгуытæ йын сцæйскъуынынц æмæ йæм дзурынц, бæргæ дæм куы баххæссиккам,

уæд дын мах фенын кæниккам, зæгъгæ. Фæлæ сын хæрзгæнæг хæйрæгæй нæ уыди бар. Уæд хæрзгæнæг хæйрæг дзуры Ростъоммæ: «Бон цъæх кæны æмæ дын цæуынафон у». Рахизын æй кодта. Ростъом кæсы, æмæ айнæг къæдзæх йеддæмæ никуал ницы.

**Зæппæдзтæ.** Раджы нæ фыдæлтæ мард ныгæнгæ нæ кодтой, нывæрдтой-иу æй зæппадзы. Цъалагомы ма фæстаг хатт зæппадзы нывæрдтой 1926 азы челиатаг Дзукъаты Леуаны. Æвæргæ та йæ уымæн ныккодтой æмæ йæ мæлæты размæ афтæ бафæдзæхста. Згъуыбыры зæппæдзтæй иуы ис æрхуыйæ æмпъызт сæргæхц. Раджы заманы, дам, хылы рæстæджы, ацы лæгæн йæ сæр хъамайæ ныццавтой, сæры стæгæй схъис ахауд æмæ йын æй æрхуы телæй бампъызтæуыд — ирон адæм мард уæнгцухæй не 'вæрдтой.

**Хъарæг.** Цы диссаджы хъарæггæнаг сылгоймæгтæ уыд Ирыстоны! Дзауы Дзидзойты хъæуы уыди дыууæ сылгоймаджы — Чека æмæ Сасан. Санахъоты къухы уыдысты. Уыдон-иу куы хъарæг кодтой, уæд-иу цыма сæ хъæлæсты фæдисы дзæнгæрджытæ уыдис — адæмы-иу кæуынæй амардтой. Кæнæ Гасситы Ленкъа Бузалайаг чызг, уый дæр Санахъоты чындз. Уый хъарæгмæ хъусын диссаг уыди. Зæрдæмæхъарæг хъарджытæ кодтой: Теблойты Настъа, Хуыгаты Доня. (Къуыдаргом), Битарты Тъаси (Цъалагом), Боцуаты Айат (Тъепы хъæуккаг), Тыбылаты Дарикъо, Плиты Лезинка, Джыккайты Натъо, Саулохты Сасикъо æмæ Еналдион.

**Ичъынайы куывд.** Ичъынаты-иу кодтой куывд. Лæппу-иу куы райгуырди, уæд-иу фæсивæд уыцы хæдзармæ æрæмбырд ысты, хъæдæй-иу дзуар сарæзтой, сæ ердойы сын-иу æй ауагътой æмæ-иу дзырдтой, авд лæппуйы æмæ иу чызг бауæнт уæ сабитæ, зæгъгæ.

**Артъауыз.** Артъауызæн-иу куывтой. Артъауыз уыди кæлмыты, гæккуыриты, хæфсыты бардуаг. Ирон адæм дзырдтой, мæйы мидæг, дам, лæджы хуызæн цы æндæрг ис, уый Артъауыз у, уым, дам, баст у.

**Къутугæнæн.** Куадзæнты размæ-иу ссадæй къутутæ скодтой. Æмæ-иу сæ фатæй æхстой. Хъазт-иу сарæзтой, стæй-иу фынгыл æрбадтысты.

**Æртхурон.** Ногбонты 'хсæв-иу кодтой гуыдыныйас кæрдзын æмæ йæ хуыдтой Æртхурон, хордтой дзы æрмæст хæдзары

*Тедеты Лади,*
*рагон хъаматимæ кафæг.*

*Цоциты Пора.*

бинонтæ, æддагонæн нæ фæтчыд, уымæн æмæ бинонты æнгомдзинады тыххæй конд уыдис.

**Авдæнмæ фидауын.** Дыууæ læджы-иу бадзырдтой, сæ иу-иу загъта, кæд дын чызг уа, мæнæн læппу, уæд мæ чындз уыдзæн, кæд мын чызг уа, уæд та дæ чындз уыдзæн. Æмæ-иу авдæнмæ бафидыдтой. Уыцы фидыдæн фехалæн нæ уыд. Куы-иу схъомыл сты, уæд-иу сын чындзæхсæв скодтой.

**Мардæн дугътæ.** Ирон адæм мардæн уагътой дугътæ. Дугъ уагътой æртæ бæхæй. Дугъæттæй иуы барæг хъуамæ уыдаид марды мыггагæй, дыууæ та — æндæр мыггæгтæй. Разæй чи'рбацыд, уымæн læвæрдтой фыр. Уый фæстæ-иу ныссагътой хъил æмæ йæ хуыдтой быræн хъил.

Байсæрстой-иу æй сойæ, цæмæй йæм зын быræн уыдаид. Хъилы цъуппыл уыдис læвæрттæ, æмæ-иу фæсивæд райдыдтой фæлварын. Чи-иу сбырыд, уый-иу фесты læвæрттæ. Уый фæстæ-иу быræн хъилы цъуппыл сæвæрдтой нысан æмæ йæ хуыдтой хъабахъхъ, æмæ-иу æй топпæй æхстой. Рæвдз æхсджытæ-иу хъабахъхъ акъуырдтой.

* * *

1939 азы Тбилисы уыди физкультурæйы бæрæгбон, уырдæм Хуссар Ирыстоны фæсивæд æмæ ансамблы кафджыты къорд иттæг хорз цæттæйæ ацыдыстæм. Бæрæгбон уыди Ленины фæзы. Республикæйы адæмон артист Цхуырбаты Барис фæндыр рог æрцагъта. Трибунæйы размæ рагæпп кодта ансамблы хореограф Бирæгъты Зауыр, æвиппайды йæ къахфындзтæ æрсагъта. Мах цыдæриддæр уыдыстæм кафджытæ — Зауыры раз февзæрдыстæм. Зауыр астæуæй, мах — йæ алыварс æмæ асфальтыл къахфындзтыл райдыдтам кафын. Адæмы «ура» æмæ æмдзæгъд нал ыскъуыд. Уалынмæ фæзындысты Нарты гуыппыртæ, уарт æмæ кардæй райдыдтой хæцын. Нарты Батырадзы фæлгонц тынг хорз сарæзта Цоциты Пора. Пора йæ кард куы ныззылдта, уæд-иу цыппæргай лæгтæ афæлдæхтысты. Порайæн йæ бакаст дæр уыди бирæты аргъ — бæзæрхыг, аив. Тох куы фæцис, уæд адæм тыхджын æмдзæгъд кодтой æмæ Порайы уынынмæ згъордтой.

Нæ фыдæлты фарн æмæ æгъдау макуы фесæфæнт.

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

# ФАКУЛЬТАТИВОН АХУЫРТÆ «НАРТЫ КАДДЖЫТÆЙ»[1]

*(Цикл «Уырызмæг æмæ Сатана»)*

## АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД САТАНАЙЫ ТЫХХÆЙ.

### *ФÆЛЛОЙЫ ЗАРДЖЫТÆ*

**3 скъоладзау**

### БÆГÆНЫЙЫ ЗАРÆГ

Уæй, бæгæны, дам, бæгæны,
Уастырджийы фæлдисгæ бæгæны.
Уæлæ хохæй цъиу ратахти,
Дæлæ рæзбынмæ ныттахти.
Дыргъбыны бæласыл бабадти,
Хуымæллæджы мæцкъортæ бахордта,
Уый йæ сæры бацыди;
Мæгуыр цъиу зæхмæ ахаудта,
Мæгуыр сугдзау æй ссардта.
Мæнæ, дам, диссаг — æмбисонд, —
Сатанамæ йæ бахаста;
Уый, дам, æй артмæ батавта.
Мæгуыр цъиу омынтæ байдыдта:
Хуымæллæджы мæцкъортæ фæомдта.
Мæнæ, дам, диссаг — æмбисонд.
Уæлæ, дам, хохмæ арвыста
Æмæ сызгъæрин Уастырджийæ
Зады нæмгуытæ æрхаста,
Уыдонæй бæгæны бантыдта;
Ой, бæгæны, дам, бæгæны.

[1] Дарддæр. Райдайæн «Мах дуджы» ацы азы 1-аг номыры

Ой, бæгæны, сой бæгæны.
Сой бæгæны, амонды бæгæны
Уæдæй нырмæ, дам, базыдтам.
Бирæ фæцæра уыцы цъиу,
Уымæй фылдæр та — Сатана.

*(Ирон адæмы сфæлдыстад. 2 том, Дзæуджыхъæу, 1961, 329—330 ф.).*

**4 скъоладзау**

## БÆГÆНЫ ÆНТАУДЖЫТЫ ЗАРÆГ

Нарты нæртон æфсин Сатанайы
Къухæй æфтыд фæу!
Дæ кад Сидæмоны кадæн фæуæд!
Де 'хсар Ælгъуызы æхсарæн фæуæд,
Дæ бæркад — Хъусæгоны бæркадæн!
Кæй тыххæй дæ рауагътой,
Уымæ сыгъдæгæй фæхæццæ у.
Мæ къах æмæ дын мæ къух хорз фæуæнт!
Чи дæ баназа, уыдонæн сойау батай!
Мæн та дæ кадæй хай уæд!

*(Ирон адæмы сфæлдыстад. 2 том, Дзæуджыхъæу, 1961, 330 ф.).*

## *ХЪÆЛДЗÆГ ЗАРДЖЫТÆ*

**5 скъоладзау**

### САТАНАЙЫ ЗАР

Ой, Сатана, Сатана, Сатана,
Ой, ракæсуй къæсæй Сатана,
Къæбецмæ бауайуй Сатана,
Гæрафин рахæссуй Сатана.
Сау гъосини сау бæгæни, Сатана,
Дзæбодури сиуæ æ сæрбæл, Сатана,
Уотемæй нæмæ рацæудзæнæй Сатана,
Ранин ковдзæнæй Сатана,
Даргъ курæтгин Сатана,

Цилледзикко Сатана,
Ой, Сатана, Сатана, Сатана!

*(Ирон адæмы сфæлдыстад. 2 том, Дзæуджыхъæу, 1961, 538—539 ф.)*

**6 скъоладзау**

## НÆРТОН ФЫСЫМ

Ой, нæ буц фысым Сатана!
Ой, хъæздыг царды Сатана!
Ой, дæумæ, дам куы зарæм,
Ой, дæумæ, не "фсин Сатана!
Ой, кæд сойджын у дæ къæбиц,
Ой, бæркадджын та — дæ къухтæ!
Ой, рахæсс-ма нын сау бæгæны,
Ой, сау бæгæны "мæ бур физонæг!
Ой, сау бæгæны сæр-сæргæнгæ,
Ой, бур физонæг цъыс-цъысгæнгæ!
Ой, нæ буц æфсин Сатана,
Ой, хъæздыг царды Сатана!
Ой, рахæсс-ма нын уæлибыхтæ,
Ой, цæрвджын æмæ дзадзджынæй!
Ой, рахæсс-ма нын карз арахъхъ!
Ой, рахæсс-ма нын, уæдæ, рахæсс,
Ой, дæ цыхтытæн сæ бинаг!
Ой, нæртон æфсин Сатана!
Ой хъæздыг царды Сатана!

*(Ирон адæмы сфæлдыстад. 2 том, Дзæуджыхъæу, 1961, 539 ф.).*

*ДЗЫРДУАТ АДÆМОН ЗАРДЖЫТÆМ:*

**Уастырджи** — æппæты кадджындæр æмæ адæмæн уарзондæр дзуар ирон мифологийы, нæлгоймæгтæ, бæлццæттæ æмæ хæстонтыл аудæг бардуаг. Нарты эпосы йæ хонынц уæларвцæрæг, æвдыст цæуы тызмæг хæстоны хуызы урс бæхыл, урс уæйлаг нымæты. Æмткæй райсгæйæ, Уастырджийæн Нартимæ хорз ахастдзинæдтæ ис. Семæ вæййы стæрты, æмæ фæбады Нарты куывдты. Арæх фæзыны сылгоймæгты фæливæджы хуызы дæр.

У номдзыд Нарты кадджыты хъайтар Сатанайы фыд. Ирон адæмы хъуыдымæ гæсгæ, Уастырджи Хуыцау æмæ адæмы 'хсæн у рæстаг лæг. Адæммæ фæзыны мæгуыр зæронд лæджы хуызы. Сылгоймæгтæ йын йæ ном нæ дзырдтой — тобæгонд уыдис. Хуыдтой йæ — Лæгты дзуар. Æппæты фылдæр кувæндæттæ ис Уастырджийы номыл. Æмбæлынц æгас Ирыстоны дæр. Алы аз дæр ноябры мæйы хъæууон хæдзарадон куыстыты фæстæ æппæт Ирыстон дæр парахатæй, кад æмæ радимæ бæрæг кæны Уастырджийы бон. Иу ахæм ирон фынг æмæ бадт дæр, иу ахæм хорз хъуыддаг дæр нæ вæййы, æмæ дзы Уастырджийы ном ма ссарой, сæхи йыл ма бафæдзæхсой æмæ дзы ахъаз æмæ æххуыс ма ракурой. Ивгъуыд заманы-иу ахæм ахъазы курдиæттæ фесты Уастырджийы зарæгæй.

**Сидæмон, Æлгъуыз, Хъусæгон** — ирон адæмы рагфыдæл Ос-Бæгъатыры фырттæ, уыдысты фондз (Цæразон æмæ Цъæхилон дæр ма). Фыдæлты таурæгътæм гæсгæ, рацыдысты Уæлладжыры æхсæнадæй. Уыцы æхсæнад дих кодта цыппар хайыл: уæздан лæгтæ, фæрсаглæгтæ, кæвдæсæрдтæ æмæ цагъайрæгтæ. «Бæгæны æнтауджыты зарæджы» Сидæмоны ном баст у кадимæ, Æлгъуызы ном — æхсаримæ, Хъусæгоны ном та — бæркадимæ.

**Бæгæны** — ирон нозт, хор æмæ хуымæллæгæй конд нуазинаг.

**Мæцкъор, хуымæллæджы мæцкъортæ** — хуымæллæджы мыггæгтæ, тауинæгтæ, гагатæ.

**Уастырджийы фæлдисгæ бæгæны** — Уастырджийы конд.

**Зад, зады нæмгуытæ** — солод, зерна солода (из ячменя, пшеницы).

**Бæгæны бантауын** — заквасить, забродить; бæгæны æнтауын кæнын, æнхъизын кæнын.

**Цыллæ дзыкку** — шелковистая коса; зæлдаг.

**Арахъхъ** — ирон нозт, вæййы алы ирон фынгыл дæр. Таурæгътæм гæсгæ, ирон адæмы арахъхъ кæнын хæйрæджытæ сахуыр кодтой. Уый тыххæй иу таурæгъ афтæ зæгъы: иуахæмы Хуыцау уæларвцæрджытæн бахæс кодта алы мыггаг нозтытæ скæнын. Иутæ дзы сфыхтой бæгæны, иннæтæ скодтой сæн, «æрвнæрды бардуаг» Уацилла та — ронг. Дæлимонтæ сæхи фæндæй (уымæн æмæ сын Хуыцау ницы бахæс кодта) скодтой арахъхъ. Хуыцау дзы куы сахуыста, уæд æй ронджы фæстæ банымадта хуыздæр нозтыл. Хуыцау сын сæ нозтæн ахæм стыр аргъ кæй скодта, ууыл хæйрæджытæ тынг бацин кодтой æмæ уайтагъд ирон адæмы арахъхъ уадзын ацахуыр кодтой.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ зарджытæм:**

1. Абайты Вассо Сатанайы фæлгонцы тыххæй афтæ зæгъы: «Мах исчи куы бафæрсид, Нарты эпосы тæккæ зынаргъдæрыл цы нымайæм, зæгъгæ, уæд æнæ ахъуыдыгæнгæйæ зæгъиккам: Сатанайы фæлгонц. Эпосы архайджытæй, суанг ма сæйраг геройтæй дæр кæцыфæндыйы куы аппарай, уæддæр кадджытæн сæ арæзт нæ фехæлдзæн, фæлæ æнæ Сатана эпос ницы хуызы сфидаудзæн». Разы стут Вассойы хъуыдыимæ? Цæмæн не сфидаудзæн æнæ Сатанайы фæлгонцæй Нарты эпос? Зæгъ дæ хъуыдытæ Вассойы ныхæсты тыххæй.

2. Цавæр бынат ахсы Сатана Нарты æхсæнады? Нарты кадджыты?

3. Чи у Сатана? Кæй чызг у? Кæй бинойнаг? Цæмæн æй хонынц «Нарты мад», «Нарты дунейы артдзæст», «æнувыд хъомылгæнæг æмæ кæстæр хъайтарты зондамонæг», «зонджын уынаффæгæнæг», «Нарты бартæ æмæ æдасдзинад хъахъхъæнæг»?

4. Дзанайты Иван йæ уац «Нарты кадджытæ»-йы фыста: «Сатана у Сатана, нæдæр Агуындæйы хуызæн у, нæдæр Бедухайы. Сатанайы фæлгонц у æххæст, индивидуалон, монументон, никæимæ йын ис схæццæ кæнæн». Цæмæн? Цавæр адæймаджы хуыздæр миниуджытæй хайджын у Сатана? Ранымайут-ма сæ.

5. Цавæр нæртон кадæджы мидисимæ баст сты фæллойы зарджытæ Сатанайы тыххæй?

6. Куыд æвдыст цæуы зарджыты ирон кадджын ноз бæгæныйы фæзынд?

7. Цæмæн загъдæуы зарæджы: «Уастырджийы фæлдисгæ бæгæны»?

8. Куыд æмбарут «Бæгæны æнтауджыты зарæджы» ацы рæнхъытæ:

«Дæ кад Сидæмоны кадæн фæуæд!
Де 'хсар Æлгъуызы æхсарæн фæуæд,
Дæ бæркад — Хъусæгоны бæркадæн!»?

9. Цавæр литературон аивадон фæрæзтæй арæзт у Сатанайы фæлгонц ирон адæмон зарджыты?

10. Куыд равдыста зындгонд ирон нывгæнæг Тугъанты Махарбег Сатанайы фæлгонц йæ ныв «Нарты куывд»-ы?

11. Нарты кадджыты цикл «Уырызмæг æмæ Сатана»-мæ нывгæнæг Хъаныхъуаты Умар скодта æртæ нывы — «Уырызмæг æмæ Сатана мæйрухс æхсæвы», «Нарты куывд» æмæ «Бæгæны

куыд фæзынд» (кæс чиныг «Нарты кадджытæ» Дзæуджыхъæу, «Ир», 1975, 56—57фф.). Куыд равдыста Умар Уырызмæг æмæ Сатанайы фæлгонцтæ? Цавæр аивадон фæрæзтæй æмæ ахорæнтæй спайда кодтой Махарбег æмæ Умар, нæртон хъайтарты фæлгонцтæ кæнгæйæ?

12. Ныккон ирон поэттæ арæх пайда кæнынц Сатанайы фæлгонцæй сæ æмдзæвгæты. Дæнцæгæн хæссæм Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæйы рæнхъытæ:

«Гъей, разагъды Нарт, фехъусут мæ зын!
Лæджыхъæд уæ къæбæр курæгау курын.
Сатана, о мæхи дзыцца, фæзын,
Уынгæг сахат дæ зонды рухсмæ кувын».

**(«Залиаг калм»)**

Цæмæн сиды поэт Сатанамæ? Цы куры уый Нарты мадæй «къæбæр курæгау» æмæ цæмæн? Куыд æмбарут поэты ацы ныхæстæ *«фæзын уынгæг сахат»?*

**7 скъоладзау**

*БЕСТАУТЫ Гиуæрги*

## САТАНАЙЫ КУЫВД

*(Монолог)*

Нæртон фæсивæд, амондыл хæст ут, —
Æнус-æнус зæххы фарнæй — æфсæст!
Зæрин хур уæм йæ хæлар цæстæй худæд,
Йæ цæссыг уын мигъ ма кæнæд æвгъау,
Фæскъæвда 'рттивæд арвырон уæ сæрмæ!
Хæрзамонды цыкурайы фæрдыг
Куыстдзагъд лæджы ныхæй æртагъд кæддæр,
Ныддур, æмæ дзы царды фидыц худы.
Уæ ныхæй калæд уыцы фæрдыг рухс, —
Фæрныг æмæ хъæздыг куыд уат æнус,
Æрдзæ сæдæ — уæ рæгъæуттæ, уæ дзугтæ!
Уæ къæбицты ныккæнæн ма уæд хорæн,
Мыдхуыз суадæттæй абузæд ælутон!..
Нæртон фæсивæд, амондыл хæст ут.
Ис амондмæ зæххыл фæндæгтæ бирæ,

Цæуынц æм — зонут — се 'ппæт дæр æрмæст
Лæгæн йæ бæстæ, й' адæмы зæрдæйыл.
Уæ дзыллæ искуы царæфтыд куы уа,
Æнæуый уæ куы бæлла исчи цинмæ, —
Уæд баззайæд нæ фидæны фæлтæртæм
Йæ ном ælгъагдæр фидисæн зæххыл.
Нæ зæххы сой нæ фыдæлты туг у! —
Уый бацыдис уæ буары, уæ магъзы:
Уæ дзыллæйы цæрдхъом къабæзтæ стут,
Æмæ фыдамонд макуы фæут ахæм, —
Зын уын куыд уа йæ сæрвæлтау мæлын!
Фидауынц адæм се 'гъдауæй, сæ уагæй, —
Нæртон æгъдау уæ фæдзæхст уæд, мæ хуртæ!
Сæ фæтк, сæ ныхас — адæмтæн сæ ис,
Цæсты гагуыйау хъахъхъæнут нæртон дзырд, —
Нæй фидæнмæ афтидармæй цæуæн!

Нæртон фæсивæд, амондыл хæст ут!
Хæрамы охыл макуы сласут кард.
Фыццаг-фыццаг æхсаргард æмæ фат
Фыдæхзæрдæйæ чи райста йæ къухмæ,
Уый туджы зæйтæ фенкъуыста зæххыл,
Æмæ ивылынц абон дæр нæ сæрты.
Кæд уыдис маст мæрддзаг хæдон мæлæтæн! —
Фыдмаст у ног фыдбылызы æхсидав.
Фæлæ фыдгул уæ уæзæгмæ куы бырса, —
Ныккалут туг сæрибары сæрыл:
Фыццаг-фыццаг æхсаргард æмæ фат
Хæрамы ныхмæ чи райста йæ къухмæ,
Уый цины денджыз рауагъта зæххыл,
Æмæ ныр дæр нæ зæрдæтыл ивылы...

Нæртон чызджытæ, рухс амонд уæ хай!
Зæххыл æппæт ысфæлдисæг у мад, —
Нæртон мады ном фарнимæ хæссут.
Сымахæй цæудзæн уарзт æмæ хæрам дæр,
Зæнæг уын ахæм рацæуæд, фæлтæртæм
Фыды уæзæджы судзгæ уарзт, лæгдзинад,
Нæртон æгъдау, нæртон кад æмæ намыс,

Тырысайау, куыд адæттой сыгъдæгæй!
Нæртон кæстæртæ, цардамонд уæ хай!

*(Ирон литературæ. Ахуыргæнæн чиныг-хрестомати 8 къласæн. Дзæуджыхъæу, 2004, 417—419 ф.).*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ:**

**Арвырон** — арвæрдын, адæм ма йæ хонынц Сосланы æрдын дæр.

**Цыкурайы фæрдыг** — зынаргъ дуры мыггаг, æгас, дам, кæны мард, дзæбæх кæны цæфтæ, ома, цы курай, уый дæттæг.

**Куыстдзагъд** — куыствæллад.

**Æрдзæ** — у рагон ирон дзырд — мин.

**Царæфтыд** — хæдзархæлд, тыхст.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Уæ зæрдæмæ фæцыдаид Гиуæргийы æмдзæвгæ «Сатанайы куывд». Цæмæй? Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ равзæрын кодта уый уæ зæрдæты?

2. Цæуыл у йæ куывд Сатанайæн?

3. Æмдзæвгæйы фыццаг, дыккаг, æртыккаг æмæ цыппæрæм хæйттæ байдайынц ахæм рæнхъæй: «Нæртон фæсивæд, амондыл хæст ут!» Цæмæн равзæрста автор ахæм поэтикон мадзал? Сатанамæ гæсгæ, цавæр нысаниуæг ис ацы ныхæстæн?

4. Цы арфæтæ кæны Сатана æмдзæвгæйы фыццаг хайы? Цы хоны поэт «хæрзамонды цыкурайы фæрдыг»?

5. Цавæр фæндаг амондмæ æвзарын кæны Сатана фæсивæдæн уацмысы дыккаг хайы?

6. Поэт сиды фæсивæдмæ:

«Цæсты гагуыйау хъахъхъæнут нæртон дзырд, —
Нæй фидæнмæ афтидармæй цæуæн!»

Равзарут, æвзагæн автор цы нысаниуаг дæтты ацы рæнхъыты, уый. Разы стут поэтимæ æмæ йæ хъуыдытимæ?

7. Цы фæдзæхсы Сатана фæсивæдæн æмдзæвгæйы æртыккаг хайы?

8. Цавæр аивадон мадзæлттæй спайда кодта поэт йæ уацмысы? Ссарут сæ.

9. Æмдзæвгæ фыст у монолоджы хуызы. Цæмæн равзæрста йæ æмдзæвгæйæн Гиуæрги ахæм поэтикон мадзал?

10. Цы нысаниуæг ис адæмы æгъдæуттæн, Сатана æмæ поэтмæ гæсгæ?

11. Æмдзæвгæйы цыппæрæм хайы ныхæй-ныхмæ цæуынц æвæрд поэты сæйраг хъуыдытæ. Зæгъут сæ.

12. Равзарут, гуманистон æмæ патриотон хъуыдытæ цы рæнхъыты æвдыст цæуынц, уыдон.

13. Куыд баст сты æмдзæвгæйы хъуыдытæ ирон адæмы аборы царды домæнтимæ? Ды та цы хъуыды кæныс уый тыххæй?

14. Ныффысс цыбыр нывæцæн ахæм темæйыл: «Цы сты нæ абоны царды «нæртон æгъдау, нæртон кад æмæ намыс»?

**8 скъоладзау**

*ДЗАБОЛАТЫ Хазби*

## УАЦАМОНГÆ

Мæлгъæвзæгтæ, хъуыддагхуыз кадвæлгъаутæ,
Хæлоф кæнут — дзырды бар уæм æрхаудта!
Æмæ цы сты нæртон цытджын лæгты раз
Сымах разæй
Ацæмæз
йе Батырадз
Уæ дзыхты руаджы
Нарты стыр ныхасы?
Фæлæ цы 'рцыд, —
цы уæ ныууагъта тасы?
Уый тæрхоны
Сатанайы урс цонгæй
Æрхызти фынгмæ Нарты Уацамонгæ.
Нæ бацæудзæн уый къулбылæй уæ размæ, —
Уый фезмæлдзæн æрмæст
æцæг Ныхасмæ.
Уый хъусы дардмæ
зонды хъæр,
ныфсы хъæр,
Æмæ йæ сисдзæн
зондджындæр,
ныфсджындæр.

*(Дзаболаты Хазби. Уацамонгæ. Орджоникидзе, 1974, 222 ф.).*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ**

**Уацамонгæ** — (Ацамонгæ, Амонгæ, Нартамонгæ) диссаджы къусы ном Нарты эпосы. Уацамонгæйы дарынц Алæгаты хæдзары. Нарты æмбисонды куывдтæ дæр адонмæ вæййынц, куывды сæйрагдæр æгъдæуттæй иумæ гæсгæ-иу хъуамæ Нарт радзырдтаиккой се сгуыхты тыххæй. Уацамонгæйы фæлгонц Нарты эпосы у удгоймаджы сурæты уагыл арæзт, æмæ нымад цæуы эпосы хицæнхуыз персонажыл. Ис æм Нарты хъæбатырты лæджыхъæд рабæрæг кæныны хъомыс. Нарты хъæбатыртæйиу йæ лæгдзинады тыххæй куывды бон раст чи радзырдтаид, уымæн-иу йæ былтæм æмбисонды Уацамонгæ йæхæдæг йæхи систа. Иннæтæй йæ къухы никæмæн æфтыд Уацамонгæйæ бануазын.

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Цавæр нæртон кадджытæм гæсгæ ныффыста йæ æмдзæвгæ Дзаболаты Хазби? Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цæмæй?

2. Цы нысаниуæг уыд Нарты Уацамонгæмæ (Нартамонгæмæ, Амонгæмæ)? Цæмæн нымадтой Нарт Уацамонгæйы се стырдæр хæзнайыл?

3. Куыд æмбарут æмдзæвгæйы ацы рæнхъытæ:

«Нæ бацæудзæн уый къулбылæй уæ размæ, —
Уый фезмæлдзæн æрмæст
æцæг Ныхасмæ»?

Цæмæн æрцыд фыст дзырд «Ныхас» ацы рæнхъы стыр дамгъæйæ? Цавæр нысаниуæг ис, дæумæ гæсгæ, дзырдбаст «æцæг Ныхас»-æн?

4. Цавæр Нæртон кадæгæй ист у ацы скъуыддзаг: «Хæмыц Уацамонгæ йæ дзыхыл сдардта, фæлæ Уацамонгæ айдзаг ис алы 'взæр æмæ ælгъаг хилджытæй: кæлмытæй, хæфсытæй, гæккуыритæй. Сæхи иу систой уыдон Уацамонгæйæ æмæ-иу нуазинаджимæ фæцæйцыдысты Хæмыцы дзыхмæ. Уæд-иу сæ Хæмыц йæ болат рихитæй æрцавта, æмæ-иу Уацамонгæйы бын æмбæхстысты»? Цæмæн байдзаг Хæмыцы къухы Нарты æрдхæрæны кæхц хилæгæй?

5. Кæй хоны æмдзæвгæйы автор «мælгъæвзæгтæ, хъуыддагхуыз кадвælгъаутæ», хæлофгæнджытæ? Кæй æвæры уыдоны ныхмæ поэт?

6. Цавæр поэтикон фæрæзтæй пайда кæны поэт æмдзæвгæйы?

7. Ссарут æмдзæвгæйы сидæнтæ, риторикон фарстытæ, эпитеттæ, антитезæ. Цавæр дзуаппытæ раттис ды æмдзæвгæйы риторикон фарстытæн?

**9 скъоладзау**

*ХОСТЫХЪОТЫ Зинæ*

## СУСУ-БУСУ САТАНАИМÆ

Ды-иу, Сатана, 'ппæт дæр
Куыд бызыдтай æваст!..
Дæ ныттабу-иу зædтæн
Куыд уыд æдзухдæр барст?!

Куыд дæм-иу хъуыстой Нартæ?
Дæ уынаффæ сын — зонд...
Цы 'хсыры цад дын дардта
Нывыл дæ уынд, дæ конд?

Хатыр мын уæд мæ уæндон:
Цы ныфс дæм уыд, цы хин? —
Уырызмæджы нын иу бон
Куы бакодтай дæхи?

*Мыхуыргонд цæуы журналæй: «Мах дуг», 1999, №5.*

**Фарстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Цæуыл у сæ «сусу-бусу» æмдзæвгæйы автор æмæ Сатанайæн?

2. Æмдзæвгæйы авд хъуыдыйадæй фондз сты фарстон хъуыдыйæдтæ? Раттут дзуæппытæ поэты фарстытæн, пайда кæнут Нарты кадджыты цикл «Уырызмæг æмæ Сатана»-йæ. Цæмæн равзæрста поэт йæ æмдзæвгæйæн ахæм поэтикон мадзал?

3. Æрфыссут «нывыл» Сатанайы «уынд æмæ конд».

4. Цавæр хуыздæр адæймаджы миниуджытæй хайджын уыди Сатана?

5. Фæстаг æмдзæвгæйы фарстæн дзуаппæн уыдзæн кадæг «Сатана Уырызмæджы ус куыд сси».

Ахуырдзаутæ бацæттæ кодтой хæдзары факультативон ахуыртæм сæхи хъарутæй æмæ ахуыргæнæджы æххуысæй цалдæр

рефераты Уырызмæг æмæ Сатанайы тыххæй. Ахæм куыст пайда у 7-8 къласты скъоладзаутæн: уыдон рефераты раттынц характеристикæ кадæджы хъайтарæн, геройы тыххæй фæзæгъынц сæ хъуыдытæ, раиртасынц аивадон фæлгонц æмæ йæ аразæн фæрæзтæ, уацмысы композицион арæзт, йæ аивадон фæрæзтæ, йе 'взаджы æууæлтæ; ахуыр кæнынц реферат ныффыссын æмæ йæ ахуырты заман рæвдз æмæ аив радзурынц.

Реферат цæттæ кæнгæйæ, скъоладзаутæ пайда фæкæнынц алыхуызон аивадон æмæ иртасæн чингуытæй: Нарты кадджытæй, дзырдуæттæй, Абайты Вассойы, Дзанайты Иваны, Джыккайты Шамилы æмæ иннæ иртасджыты уацтæй æмæ чингуытæй. Ахуыргæнæг бацамоны ахуырдзауæн æнæмæнг хъæугæ уацтæ газет «Рæстдзинад»-æй æмæ журналтæ «Мах дуг», «Фидиуæг» æмæ «Ногдзау»-æй, куы фæхъæуы, уæд та йын ратты монографион иртасæн куыстытæ.

# ИРОН

# ПОЭЗИЙЫ

# АНТОЛОГИ

# ХАДЖЕТЫ ТАЙМУРАЗ
## *(1945—1996)*

*Хаджеты (Джусойты) Григорийы фырт Таймураз райгуырди Хуссар Ирыстоны Ногхъæуы. Астæуккаг скъолайы фæстæ йæм фæсидтысты Советон Æфсадмæ. Йе 'фсæддон хæс куы ахицæн кодта, уæд бацыди Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институтмæ æмæ йæ каст фæци 1972 азы.*

*Йе 'мдзæвгæты фыццаг чиныг «Фараст барæджы» рухс федта 1973 азы Цхинвалы. Фæстæдæр ма рауагъта иу авд чиныджы Цхинвалы, Дзæуджыхъæуы æмæ Мæскуыйы уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй. Йæ уацмысты æххæстдæр æмбырдгонд «Фæсизæр» рацыди 1995 азы йæ 50 азы юбилеймæ Дзæуджыхъæуы.*

*Ныфсхаст къахдзæф æрбакодта Таймураз нæ литературæмæ. Йæ поэтикон хъæлæс ын фæхæццæгæнæн никæимæ ис, у оригиналон, аив, ныфсхаст, æнкъарæнтæй — дзаг. Йæ ахорæнтæ сты ног, ахадгæ, удæхцон.*

*Зæрдиагæй архайдта поэт, æндæр адæмты сфæлдыстадимæ ирон чиныгкæсæджы базонгæ кæныныл дæр — тæлмац кодта дунейы æмæ Уæрæсейы поэтты уацмыстæ.*

### УАЛДЗÆГ ХÆХТЫ

**Феккуырст хуырбын къада,**
**Фехъуыст æм йе 'мбæлццон доны хъæр.**
**Æхсæвы авг-ихтæ ратоны, коммæ бырсы.**
**Хуымгænд, фынæй лæгау, арвмæ ысуадзы йæ комы тæф,**
**Тагъд ын у стын афон æмæ йæ фыны тыхсы.**

**Райсомы кæрдæгыл æхсæв ныллæмæрста арвы цъæх.**
**Хъæлдзæг, уæндон læппу — малусæг саппæй кæсы.**
**Пецы бын, ахуыр гæдыйау, ысхъулæттæ арыд зæхх,**
**Тагъд-тагъд йæ урс фист кæмттæм ыссивы, хæссы.**

**Цъиутæ сæ цъæхахстæй рауагътой хъомпалы музыкæ,**
**Сиды мæм, сайы мæ цавæрдæр зарды уынæр.**
**Райсомы базыртыл цины рухс бакалд мæ рудзынгæй,**
**— Хатын, кæй мæм кæсы чидæр кæнæ та цыдæр.**

* * *

**Мæн сындæггай цæуын фæнды, сабыр, нæ зæххыл.**
**Сусæг тасау, къæрцхъус, фæлæ барджын, уæндонæй.**
**Райсом боны рухс цъирин, æхсырау, йæ цъæхыл,**
**Хъусин æхсæвы аргъаумæ тары дæлдонæй.**

**Мæн сындæггай цæуын фæнды зæххыл — æмбарон:**
**Хуырыл бурбын сæтæлæг кæдæм лæсы цадæг,**
**Цъингуыр ризгæ цæмæ бæллыд ихы бын фарон,**
**Йе цæуыл уыдзæн арты æвзæгтæн сæ кадæг?**

**Мæн сындæггай цæуын фæнды зæххыл — куырм лæгау**
**Искæй амондыл ма скъуырон искуы мæ къæхтæ.**
**Сыфтæр сыфтæрæн уарзон ныхæстæ куы кæна,**
**Уæд сæ базыртæй ма 'ркалон цины æртæхтæ.**

**Мæн сындæггай цæуын фæнды а зæххыл — райсон**
**Цардæй иунæг хорз, ма бафтон ахæм фыдæхыл:**
**Лæг æппæт дуне уарзынмæ хъавыди райсом,**
**Стæй хæрам сырдæй изæры бафынæй зæххыл.**

## МÆ РОХ КЪУЫМ

**Уары сур мит Къуыдары,**
**Схойы арф кæмтты уад.**
***Æмæ урс-урсид тары***
**Сырд нæ ары бынат.**

**Мит, ыссад мит, хыссæйау,**
**Атылд кæмтты — æмлæгъз,**
**Мæнæ хохы чыссæйы**
**Бабукъ иу гуыбыр къæс.**

**Аныхст зæххы бынтондæр,**
**Уаты мидæгæй — тар.**
**Бады урсхил зæронд лæг,**
**Схъауы лæдзæгæй арт.**

**Зæрдæ не 'хсайы ахсæв, —**
**Уазæг — хорзæх у дард...**
**Хъус цыдæр зæлтæ ахсы,**
**Ис цыдæр бæсты цард!**

**Ацы сабыр хæдзарæн**
**Нал ис бинонтæ, сых,**
**Чи ис сыджыты тары,**
**Чи та дардмæ фæлыгъд.**

**Æмæ лæсгæрæй хатгай**
**Фыны бауасы фыс,**
**Æмæ хуыккоммæ радгай**
**Давы хæтæлтæ мыст.**

**Ахсæв ног мит ныуардзæн, —**
**У ма бонцъæхтæм дард.**
**Ис цыдæр бæсты уалдзæг,**
**Ис цыдæр бæсты цард!..**

* * *

**Дымгæ рыг-митæй æвдулы нæ къæс,**
**Зыхъхъырты ссæуы йæ уасын.**
**Ахсæв æрулæфын нал уарзы цæст —**
**Сагъæсмæ зæрдæ нæ тасы.**

**Урс уæрыкк къуымты æрсимы дæрдтыл,**
**Хъазы мæ хæрæфырт хъулæй...**
**Арынджы лæгъзы мæ хойы æрмтты**
**Хыссæ, лæппын арсау, тулы...**

**Ивылы уаты æнахуыр æнцой,**
**Риу дзы æрхæцгæйæ нуазы.**
**О мæ хо, аргъæв дæ уазæджы кой,**
**Рацу, æрбад уал мæ разы!**

**Ногæй та, байрагау, зæрдæ тæлфы.**
**Ма мæ кæ уазæджы 'фсæрмы!**
**Пецы хуылыдз тæрсы сусæг хуыфын,**
**Рох цинау, азæлы сæры.**

**Йе дæм мæ лæджы кар дисау кæсы,**
**Æмæ дæ мадзура армæй**
**Хатыс: мæ сау-сауид бецыкк хæссы**
**Уазал кæйдæр былты хъармæй?..**

## ДÆ АЦЫД

**Ды ацыдтæ. Дæ мынæг къахдзæф тары**
**Мæ хатæнмæ æмыр уазал хæссы.**
**У къуым афтид. Зынггур гæлæбу царыл,**
**Уæхствад галау, тыгъдбазырæй хуыссы.**

**Изæрмилтæ. Хъызы мæ уды хохыл.**
**Тæссаг бæрзæндтæ ехсæй арв хынцы.**
**Ды ацыдтæ... Æмæ дæуæй у рохы**
**Дæ пъаты рис, дæ узæлды хъынцъым.**

**Тæхынц пырх мигътæ. Рудзгуытыл сæ фæрстæ,**
**Гæдыйау, хафынц. Ацыдтæ мæнæй...**
**Ды фæззæджимæ диссаджы æнгæс дæ:**
**Фæрныг рæстæг, фæлæ дзы зарæг нæй...**

**Æцæгæлон, æвæлмон, хъулон, барджын,**
**Къæйных дуне мæ рудзгуыты цæуы,**
**Цыма мæ раджы ферох дæ ды, раджы,**
**Фæлæ дæ сурæт цæсты раз лæууы.**

**Тæхынц пырх мигътæ. Рацахсын фæнды**
**Мæн, урс æфсургътау, уыдонæн сæ идон,**
**Фæлæ дзæгъæлы... Аууæрд сæ, уæд дзы**
**Ныллæдæрсы мæ уды бынмæ ихдон...**

* * *

**Зæрдæ æмбæхст у, зæрдæ дуæрттæ нæ дары.**
**Уарзтыл та, хурау, æргом у йæ дзырд.**
**Гъей, ды, æнæзонгæ! Хъусут ызнагæй, хæларæй,**
**Æз дæн адæмтæн се 'ппæты фырт!**

**Зæххыл, хуыцæуттау, нæ цæры лæгты лæг:**
**Арæх мæ тавта æцæгæлон арт;**
**Никæд ныббарстон лæджы зыд, лæджы мæнг,**
**Иры чысыл къуым — мæ зæрдæйы уарт!**

**Зæрдæ фæразон у, зæрдæ нæ тæрсы фыдфынтæй,**
**Хаста мæ бæрзæндты, байрагау, раст.**
**Уарзтон сылгоймæгты: удхары рæсугъд, фыдуындæй,**
**Фæлæ сæ иуыл мæ зæрдæ æнустæм уыд баст.**

**Дард балцы фæстæ-иу, суры кæсагау — æнуды,**
**Фæндæгты рисæн ардтон йæ къæсы æнцой.**
**Сагъæссаг чи уыди, арт кæмæн цагътон мæ удæй,**
**Никуы йын ракодтон уыцы сылгоймæгты кой.**

**Райсом-иу хуыссæны хъарм дзулы тæфмæ мæ риуы**
**Айхæлди, авдæны бастау, æнæбæрæг цин;**
**Мæнæ и уыцы сылгоймаг — æппæт зæххыл иунæг:**
**Байрйай, Гыцци!..**

## СЫЛГОЙМАГÆН

**Зын кары ысвæййут, кæй уарзтæуы, ахæмтæ!..**
**Уæ рæсугъд, цæмæ тырны лæг,**
**Нæ лæууы, сæлфынæгау, абадæй ахæрмæ, —**
**Фæкæны уын цума хæлæг.**

**Хæрзаивы ном та къæлæуы дæр хъарм дары!..**
**Бæрзонд Нефертитийау, рафты**
**Уæ фидыц, нымбæхсы,**
**Æнцъылдтæ дзыгъуыр цармы**
**Пылыстæг куыд ныгъуылы,**
**Афтæ!..**

## СЫЛГОЙМАДЖИ АМОНД

**Лæджы фæндтæн мæлæт кæны кæрон,**
**Фæлæ нæ уыди уымæй саст сылгоймаг.**
**Æвзонг уыдтæн, рæсугъд æви зæронд,**
**Уæддæр мæ ном уыд адæмæн сæ койаг.**

**Æз та нæ тыхстæн амондыл... Æз æй,**
**Лæппын цъиуау, мæ армы дзыхъхъы хастон.**
**Фæндыд-иу мæ — уадз, рахъомыл уа, стæй**
**Æндæр зæрдæйы саразæд йæ ахстон.**

**Мæ рæсугъдæн нæ фехъуыстон йæ хъæр,**
**Къуылымпыйау дзы никуы уыдтæн райгонд.**
**Кад, номыл уыд мæ тухитæн сæ сæр,**
**Поэты цин — мæ амонд.**

**Нæ фæивгъуыдта уыцы хорз мæнæй,**
**Фæлæ мæ сбаста, йе стыр монц та рафтыд:**
**Æцæг амонд æнæ сæрибар нæй,**
**Æнæ адæм Хуыцау куыд нæ ис, афтæ...**

* * *

**Цымæ ныр та кæй аргъуаны зæд дæ?**
**Цы лæг дæм кувы зоныгыл, фæсусæй?**
**Дæ сонт буарæн йæ сагъæссаг зæлтæм**
**Цы цæстытæ, цы æнгуылдзтæ фæхъусынц?**

**Кæй цинаг у мæ тæргай уды зын,**
**Зæрин æнгуырыл чи аззад, кæй нæлгæф?**
**Мæнмæ кæсы, цыма цъæх арвы бын**
**Ныры онг дæр дæуæй улæфы уæлдæф.**

**Æмæ æхсæв, куы ссæуы уд хъуырмæ,**
**Йæ рафт-бафтæй куы нал фенцайы зæрдæ,**
**Мæ базыл уæд фæагурын, куырмау,**
**Дæ дзыккуты сæлæф зæйтæ мæ тæвдæй.**

## ФЫН

**Ферох мæ алцы, Гыцци!..**
**Рохы — мæ зынтæ, нæ хорзæхтæ.**
**Ахсæв фæйлауы мæ цин, —**
**Ахсæв мæ мидфынмæ фездæхтæ!**

**Зонын æй, ингæны дуар**
**Райсом уæгъдхъуырæй дæумæ кæсы,**
**Фæлæ æрдæгфынæй буар**
**Мады рæвдыдыл кæм нæ тæфсы.**

**— Цæй-ма, цы кæныс, хъæбул,**
**Æви дын амондмæ байрæджы?**
**— Ницы, Гыцци, фæлæ хур**
**Афтæ куыд ахуыссы, уа раджы!..**

* * *

**Æз**
**Ысныв кæнин дæу**
**Ирон нымадæй, —**
**Авд-авд,**
**Дыууæ дыууадæс**

**Æмæ**
**Дыууæ дыууиссæдз ахорæнæй...**

**Авд-авды уаиккой**
**Дæ тызмæг ныхæстæ,**
**Дыууæ дыууадæсы —**
**Дæ сайæн ныхæстæ,**
**Дыууæ дыууиссæдз ахорæнæй,**
**Æрвон рухсау, растид**
**Дæ рæдау зæрдæ.**

*** * ***

*Плиты Жаннæйæн*

**Дæ урс къухты сарæй кæуы пианино,**
**Æрхæндæджы зæлтæ мæ удыл тæфсынц:**
**«Цæмæн рацыдыстут уæ рагуарзтыл хинæй?» —**
**Мæ зонгæ мелоди мæ дардæй фæрсы.**

**Ды та дæ мæ цуры. Дæ даргъ цæсты хаутыл**
**Къуыбар цæссыг ризы. Зæгъ-ма, уæд цы уыд? —**
**Æндæрыл кæд дарыс дæ мид-зæрды саутæ,**
**Æви дæм æвзонгад фæстæмæ æрцыд?**

**Дæ разы ма сойдзырагъ судзы фæлурсæй:**
**Фæцыбыр йæ рæстæг, ныгуылы йыл хур,**
**Бæргæ дæ рæсугъддæр ды уымæн йæ рухсæй, —**
**Мæ хъуыдыйы тайыс ды уыйау, мæ хур!**

**Тагъд растдзæн сæуæхсид. Нæ цъусдуджы амонд**
**Фæхæсдзысты уый æмæ царды хъæртæ,**
**Уæд ногæй нæ зæрдæты, — рацæй уа, рабон, —**
**Ныммæлдзысты цадæг æрхæндæг зæлтæ...**

## ИЗÆРЫГОН

**Æнкъард у бон. Цъæх мигъы фæздæг**
**Нæ хæхтæй арф кæмттæм бырсы.**
**Кæмæн у — цин, кæмæн фыдвæззæг**
**Кæны йæ зæрдиаг ныфсыл.**

**Æмæ та балæууы уæларынг**
**Рынчын сывæллонæн йæ мад:**
**Æртæ кæрдзынæй ма ыссара**
**Нæ зæдты ном: кæны сын кад!**

**Йæ пецы гом фæрстыл та сæгыл**
**Æрттивгæ хосдзæуттæ цæуы,**
**Æмæ йæ хыссæйы æфцæгыл**
**Æвзонг мад сусæгæй кæуы.**

**Фæлæ йын чи хаты йæ зынтæ,**
**Кæд уый чындздзон чызгæй бæллыд,**
**Цæмæй уа Иры ныфс, — йæ рынтæ, —**
**Хъæугæ рæстаг йæ хъулон фырт.**

**Уæууæй, Гыцци, нæ цардæй амонд.**
**Нæ базыдтам нæ æз, нæ ды!**
**Дæ ингæны цур, рацæй-рабон,**
**Мæн дæр æрулæфын фæнды!..**

## СÆРИБАР

**Фыдæй фыртмæ дæ номыл царди лæг.**
**Æрвгæронау, — æнæссаргæ, мæнгæфсон,**
**Ды сфæлдыстай лæджы уды хæлæг,**
**Нæ дæ ары, уæддæр цæры дæ ныфсæй.**

**Ды дæ æппæты дæр, фæлæ нæ дæ!**
**Лæгæн нæ дæ, нæ йын сæттынц йæ дойны**
**Уæд хорз цард, ном, æрдхорды ˈууæнк, нæдæр,**
**Æрвон рухсау, рæсугъд сылгоймаг.**

**Дæ кувæндонмæ рабæтты йæ рон**
**Æхсон дур дæр, фæлæ йæ нæй фæхонæг.**
**Йæ мидвыны уа, йˈ адзалы кæрон,**
**Хуыцаумæ нæ, дæумæ кувы зæххон лæг.**

**Дæ сурæт уайы цæстытыл æдзух, —**
**Сырххъулон кæсаг ферттивы мæ разы!..**
**Æваст фæцæвын нæууы бын мæ къух,**
**Фæлæ дзы ˈрмæст хъуынайы тымбыл райсын...**

* * *

**Горæт аныгъуылд мигъы.**
**Тар æууилы йæ рæстæджы хай.**
**Мах, хъæдласæджы дзоныгъау, уигъы**
**Афтид трамвай.**

**Зæрдæ — донгуырæн абон,**
**Ног уым абухы цардæн йæ хин.**
**Ды — мæ фæстиат амонд,**
**Ма уадз уарзын дæхи.**

**Рагæй нал кæны цума**
**Мæнæн рагбонты урсбазыр зæд.**
**Ды, æрвæрдынау, уымæн**
**Тар уысмы бæрц ныррухс кодтай кæд?**

**Афтæ ’ххормаг фæндаггон**
**Суыны иу ахæм фарны къæсæр**
**Æмæ, рацæй-рабон,**
**Ары хордзенты дзулы къæбæр.**

**Ис дæ тæрныхы урсыл,**
**Ис кæйдæр хъыгты мадзура фæд:**
**Иу уысм ивы æнусыл —**
**У йын демæ æгъгъæд.**

**Мæнæн никуы уыд рафтæн, —**
**Зæххæй дзабыр кæ, хурæй — хæдон, —**
**Фæлæ ’нувыдæй афтæ**
**Нал у демæ фæцæуын мæ бон.**

**Мæй дæ уадултыл бадон,**
**Йе дæ цæстыты арвы цъæх и?..**
**Ды, мæ фæстиат амонд,**
**Ма уадз уарзын мæ удæн дæхи...**

## ФÆДЗÆХСТ

**Абон хур бон у. Райдзаст. Хъарм у.**
**Сираг уддзæфмæ базмæлы хъæд.**
**Ахæм иу бон дæ фæлмæн армæй**
**Сыджыт бамбæрздзæни мæ фæд.**

**Уæд дыууæ худгæ хуры æвастæй**
**Ахуысдзысты мæныл.**
**Хур нынныгуылæд, фæлæ дæ уарзтæй**
**У дывыдойнагау, — мæлын!**

**Нæ, мæлæт мæм нырма нæ хъары,**
**Гъе фæлæ мæ æргом фæнды:**
**Æз æнæнтыстæй уадзын мæ зарæг,**
**Рох æй ма ныууадз ды!**

**Уарз, цы уарзтон фылдæр нæ зæххыл, —**
**Зайæгойæ уа, сырдæй.**
**Цъир-иу райгæ сæумæйы цъæхыл**
**Арвы хурвæдджитæ зыдæй.**

**Искуы уалдзæг куы ссæуа кæрдæг**
**Ам мæ ингæны къæйыл, уæд-иу**
**Ды рæбыныл ысрæмудз мæнтæг, —**
**Уый — мæ зæрдæйы тæгтæй иу.**

**Ноджы иу хорз фæстагмæ курын,**
**Мæн хæрзиуæгау уый фæнды:**
**Цæй, мæ сæрыстырæн-иу хурау**
**Дард мæрдтыбæстæм саргъ кæ ды, —**
**Ма ку!**

## ÆНХЪÆЛМÆ-ИУ КÆС

*Я вернусь, когда раскинет ветви*
*По-весеннему наш старый сад...*
***С. Есенин***

**Æнхъæлмæ-иу кæс,**
**Æз зындзынæн**
**Тъæнджы мæйы хъызты,**
**Мæ ном дæр дæ зæрдыл куы нал лæууа, гъе уæд**

**Фæтæнриу æфсургъыл**
**Дæ къæсмæ.**
**Хæхбæсты фыдтымыгъы митæй**
**Дæ цæсгомæй нал зыны ницы,**
**Уæддæр ма**
**Дæ сидзæр уæрыччытæн**
**Уазал ыскъæты**
**Æвæрдзынæ, дзуллаг ыссадау,**
**Фæтæйнаг лыстæг хос.**
**Æнхъæлмæ-иу кæс,**
**Æз зындзынæн,**
**Куы сфæлмæцон ме знæт фæндæгтæй,**
**Мæ фыддæр ызнæгтæй,**
**Мæ уарзон сылгоймæгтæй, гъе уæд,**
**Хæтæнхуаг Пер Гюнтау...**
**Æнхъæлмæ-иу кæс,**
**Уый, чи зоны,**
**Иу рæсугъд уалдзыгон райсом**
**Дæ сабыр, æфснайд кæрты**
**Ныххойа йæ раззæгтæ байраг —**
**Тугæвдылд бæх,**
**Ныккæна фæдисон мыр-мыр**
**Мæ номыл.**
**Фæлæ ма 'ууæнд: æнхъæлмæ-иу кæс,**
**Æз зындзынæн!**

Цъары фæрстыл:

*1. Дзобаты Барис. Урс зæдтæ. Мрамор*

*2. Кучиты Аслан. Дауæг. Мрамор.*

*3. Баликъоты Амыран. Хъуыдыгæнæг. Чъырдур.*

*4. Дзобаты Барис. Поэт æмæ Музæ. Шамот.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |


* * *


*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания

Подписано к печати 12.01.06. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 10,7. Учетно-изд. л. 8,66. Тираж 2000 экз. Заказ № 1005.

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева 362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.

Индекс 73247